



ICKL – ITECA – PAJ – PAPDA – SAKS – SOFA

Demokrasi patisipativ: fondman filozofik ak eksperyans istorik.

Memwa eksperyans mouvman sosyal ak popilè yo ann Ayiti

ALAPAPÒT

Enstiti Kiltirèl Kal Levèk (ICKL an franse), Enstiti Teknoloji ak Animasyon (ITECA) Pwogram Altènativ Jistis (PAJ), Platfòm Ayisyen ki ap fè Pledwaye pou yon Developman pou Altènativ (PAPDA), Sosyete Animasyon ak Kominikasyon Sosyal (SAKS), Solidarite Fanm Ayisyèn (SOFA) te òganize kokennchenn aktivite Inivèsite Popilè a nan dat 25 jiyè pou rive 30 Jiyè 2022 a.

Aktivite sa a genyen anviwon 30 lane depi li ap fèt. Se yon aktivite ki te konn òganize byen lwen pòtoprens, yon fason pou tout kamarad ki ap patisipe yo kapab reflechi nan lapè. Men, sa genyen kèk tan nou pa kapab òganize li menm fason an ankò parapò ak rejim PHTK a ki tabli yon klima ensekirite tout kote nan peyi a. Sitiyasyon sa a genyen gwo konsekans nan nivo òganizasyon inisyativ Inivèsite popilè a, kote nou pa kapab ale nan menm espas kote aktivite a te konn abitye fèt la, sa vin fè tou nou pa kapab envite anpil moun.

Sesyon inivèsite sa a se yon sesyon espesyal, paske metodoloji ki ap itilize a genyen rapò ak metodoloji ki sòti nan edikasyon popilè a. Kidonk, se pa yon konferans deba, men se pito yon pataj eksperyans apati tout refleksyon ki ap fèt sou tèm yo. Pa genyen moun, kit li se manm òganizasyon ki ap òganize aktivite a, kit se entèvenan yo, ki genyen bwat lakonesans. Nou vini pou nou konstui lakonesans epi pataje refleksyon ansanm. Sa ki pral mennen nou nan chimen viktwa, parapò ak batay nou ap mennen yo, yon fason pou nou kreye yon leta ayisyen popilè.

Inivèsite popilè ane sa, chita sou yon pwogram 3 lane 2021 pou 2023 anba yon tèm jeneral : **Demokrasi, Mouvman sosyal ak ouvman popilè.** Men pou edisyon 2022 a, tèm nou kenbe a se **Demokrasi patisipativ: fondman filozofik ak eksperyans istorik.**

Moman diskisyon ki ap genyen pou fèt yo p ap sèlman yon moman diskisyon teyorik sou demokrasi ak patisipasyon mouvman sosyal ak popilè yo, men se ap pito yon moman pou nou reflechi ansanm sou patisipasyon mouvman sosyal ak popilè yo nan politik peyi a soti 1986 pou rive jounen jodi a. Se moman tou pou nou analize eksperyans ki fèt nan peyi Dayiti ak lòt peyi ki ale nan sans demmokrasi patisipativ lan, ki pote enspirasyon, mekanis ak kanal pou pèp yo nan patisipe nan jesyon politik lavi peyi yo.

MOMAN TRAVAY ANSANM

Prezantasyon prensipal konklizyon bilan batay mouvman sosyal ak popilè yo depi 1986 pou rive jounen jodi a

Entèvenan : Képler Aurélien

Nou te organize yon fowòm nan dat 27 ak 28 me, epi yon atelye nan dat 8 jiyè 2022. Nan kad aktivite sa yo, nou te dekoupe batay mouvman sosyal ak popilè yo sou 5 peryòd. Nou te analize chak peryòd sa yo, yon fason pou nou te kapab rive fè yon bilan sou tout batay mouvman sosyal ak popilè yo, sòti nan lane 1986 pou rive jounen jodi a.

Nan sa ki te sòti nan diskisyon ki te genyen nan fowòm lan ak atelye yo sou bilan batay mouvman sosyal ak popilè yo, sòti lane 1986 pou rive jouk jounen jodi a, te genyen yon prezantasyon sou kontèks batay ki t ap mennen nan chak peryòd yo, ansanm ak mak fabrik òganizasyon mouvman sosyal ak popilè yo anndan chak peryòd sa yo. Pou fini, genyen kèk konsiderasyon jeneral ki te fèt sou tout peryòd yo tou.

1- Sòti mwa Fevriye 1986 pou rive mwa septanm 1991

- Se yon peryòd kote lit demokratik yo te vin prensipal tèren konba politik yo.
- Mouvman sosyal ak popilè yo te okipe anpil nan espas piblik yo avèk yon gwo kapasite konvokasyon ak mobilizasyon. Nan menm kontèks sa a, makout yo ak divalyeris yo pa t abandone espas pouvwa yo, men yo te kontinye okipe aparèy leta a.
- Sou plan ekonomik, politik baryè lib yo te kòmanse aplike anndan peyi a.

2- Sòti mwa Septanm 1991 pou rive mwa oktòb 1994

- Divalyeris yo te repran kontwòl sèn politik la.
- Mouvman sosyal ak popilè yo te repliye paske, se yon peryòd ki te genyen anpil represyon.
- Lit demokratik yo te sispann yon tèren konba politik dominan.
- Sou plan ekonomik, politik baryè lib yo te toujou egziste.

3- Sòti mwa Oktòb 1994 pou rive mwa fevriye 2004

- Oryantasyon militaris dominasyon enperialis etazini a ki te tabli nan peyi a depi kòmansman ventyèm syèk la te kaba, men dominasyon enperialis etazini nan peyi a kontinye sou lòt fòm, paske se nan peryòd sa a fòs militè etazini yo te mennen

Aristid retounen sou pouvwa a. Men lame yo te kreye depi okipasyon 1915 lan ki te kontinye travay nan peyi a te kraze.

- Dominasyon neyoliberal la te ranfòse avèk aplikasyon yon pakèt politik neyoliberal ki te sèvi kondisyon pou Aristid te tounen nan peyi a.
- Mouvman sosyal ak popilè yo te degrenngole, men rezistans mouvman popilè a te kontinye sitou kont anbrigadman ak pwoesisis pou Lavalas pèvèti òganizasyon popilè yo nan lane 1996-1997. Mouvman sosyal ak popilè yo te parèt sou sèn politik la nan lane 2002-2003 nan yon anbyans batay boujwazi a te kontwole.
- Rezistans mouvman sosyal ak popilè yo kont politik neyoliberal yo te kontinye.

4- Sòti mwa Fevriye 2004 pou rive mwa me 2011

- Dominasyon enperyalis la ak pwojè neyoliberal yo te kontinye.
- Nan peryòd 2004-2005, zam t ap taye banda nan katye popilè yo.
- Lit demokratik yo ki te reparèt aprè peryòd koudeta a te pran yon kalòt.
- Fòs okipasyon MINUSTAH a te kontribye nan kase vyolans gwoup ame nan katye popilè yo pandan yon bout tan, men tradisyon fòs gang yo pa t disparèt. Prezans MINUSTAH yo te kontribye tou nan afebli mouvman popilè yo, nan kreye kondisyon pou pèmèt yon seri tandans ekstrèm dwat neyodivalyeris parèt nan peyi a.
- Tèren lit demokratik yo te relouvre nan finisman peryòd sa a.
- Mouvman sosyal ak popilè yo te parèt timidman sou sèn politik la sitou nan lane 2008 ak 2009.

5- Sòti mwa Me 2011 pou rive jounen jodi a

- Peryòd sa a plis konsène gwo defi mouvman sosyal ak popilè yo ap viv jounen jodi a. Dominasyon enperyalis la ak oryantasyon politik neyoliberal yo ranfòse nan konplisite ak yon rejim neyodivalyeris.
- Rezistans mouvman sosyal ak popilè yo kont pwojè neyoliberal yo parèt sou sèn politik la nan lane 2013-2014.
- Rezistans mouvman sosyal ak popilè yo pou eseye anpeche rejim PHTK a repwodui tèt li sou pouvwa an janvye 2016.

- Lit kont koripsyon ak enpinite yo te pran yon gwo fòs nan peyi a sitou apati lane 2018. Genyen nouveau aktè ki te parèt nan mouvman sosyal yo (Petrochallenger yo) ki te genyen gwo pouvwa konvokasyonnan nan moman an.
- Lit yo te pran chè ak yon bann diskou antisistèm tankou «chavire sistèm, chavire chodyè, tranzisyon koupe fache» nan peryòd mobilizasyon sa yo.
- Vvolans gang ame yo nan katye popilè yo kòmanse toufe lit demokratik yo depi fen lane 2019.
- Konsètasyon ak negosyasyon politik vin tounen yon nouveau tèren politik mouvman sosyal ak popilè yo pa kontwole.

Konsiderasyon jeneral ki travèse tout peryòd yo

Nan tout peryòd batay mouvman sosyal ak popilè yo sòti lane 1986 pou rive jounen jodi a, genyen kèk karakteristik ki parèt nan tout peryòd nou te rive dekoupe yo.

- Puisans enperyalis yo, Etazini alatèt, toujou jwe yon wòl fondamantal nan chanje oubyen enfliyanse tèren konba politik dominan yo: lit demokratik, gang ak vyolans ame, konba elektoral ak negosyasyon.
- Mouvman sosyal ak popilè yo rete yon aktè ki ap pare kou anmenmtan ki ap pran kou, sa vle di chak gany mouvman sosyal ak popilè yo rive fè, fòs reyaksonè yo rache yo pi devan.
- Mouvman sosyal ak popilè yo pa rive okipe sèn politik la pandan lontan avèk pwòp otonomi yo.
- Anpil fwa genyen gwo distans nan revandikasyon mouvman sosyal ak popilè yo ak vizyon pati politik tradisyonèl yo ki kontinye fonksyone tankou pa t janm genyen gwo mouvman 1986 la, epi ki pa pote revandikasyon peryòd sa a charye sou sèn politik la.
- Fòs dominan yo itilize anpil vyolans ak lòt kalite mwayen pou mate inisyativ popilè yo.
- Anpil fwa batay ant klas sosyal yo manke okipe yon plas santral nan ajennda mouvman sosyal ak popilè yo, ki konsantre sou amelyorasyon kondisyon lavi mas popilè yo. Kèk fwa genyen konfizyon ideyolojik ki egziste nan diskou ak nan pratik lavi òganizasyon popilè yo. Sa montre nesesite pou òganizasyon popilè yo ranmase pwojè sosyalis la tout bon, pou oryante estrateji batay mouvman popilè a.

Kèk referans teyork pou analize nati ak evolisyon mouvman sosyal ak popilè yo

Entèvnan : Camille Chalmers

Diferans ant mouvman sosyal ak mouvman popilè

Mouvman sosyal se yon ekspresyon ki tradui aksyon ak pratik moun ki ap viv nan yon sisyete ap repwodui. Ekspresyon sa a antre nan lojik dominan an, osinon nan jan sisyete a konstwi. Genyen mouvman sosyal lè plizyè gwoup nan yon sisyete antre nan yon lojik kontestasyon pou poze kesyon sou fason sisyete a ap fonksyone a.

Nan yon sisyete nou kapab jwenn plizyè kalte mouvman sosyal: genyen mouvman sosyal ki antre nan lojik repwodiksyon sisyete a, genyen mouvman sosyal tou ki antre nan menm lojik sa a men avèk kèk ti refòm. Genyen mouvman sosyal ki kont ejemonik oubyen antisistemik, ki ap poze kesyon sou kèk eleman fondamantal sou fonksyònman sistèm ki tabli anndan yon sisyete. Genyen mouvman sosyal reyaksonè osinon regresif ki jwe wòl bloke pwogrè pèp la ap fè nan mobilizasyon li ap mennen yo. Nan sans sa a, li enpòtan anpil pou nou analize mouvman sosyal yo byen parapò ak sa yo pote tankou: diskou, objektif yo, aktè prensipal yo ansanm ak enterè ki gwoup yo ap defann. Kidonk sa ta vle di, yon mouvman sosyal pa toujou voye imaj pozitif anndan yon sisyete. Se sa ki fè nou dwe toujou gade mouvman sosyal yo ak yon lespri kritik.

Mouvman popilè a bò kote pa li, pa sèlman vle di lè sektè popilè yo ap revandike, paske sektè popilè yo konn pran lari pou mobilize kont pwòp enterè yo tou. Nou jwenn ka sa yo rive anpil fwa nan eleksyon, tankou jan sa te fèt nan yon eleksyon an Repiblik Dominikèn, kote mas pèp la te pran lari pou defann yon seri pwojè reyaksonè ki kont enterè fondamantal yo. Mouvman popilè a, se pito yon mouvman sosyal ki jwenn oryantasyon li nan yon pwojè pou defann enterè fondamantal estratejik klas popilè yo, parapò ak batay klas ki ap fèt anndan yon sisyete.

Anpil nan mouvman sosyal yo konjonktirèl, sa vle di yo parèt nan yon moman nan listwa apati yon evènman ki anrasinen nan yon endiyasyon jeneral. Nan lane 1985, makout rejim bout di a te asasinnen twa jèn elèv nan Gonayiv. Endiyasyon pèp la te pwovoke yon gwo leve kanpe jeneral pou denonse zak malonèt sa a. Karaktè mouvman sosyal sa a te pran an te vini apati yon bann travay konsyantizasyon anpil militan lagoch te fè ann Ayiti ak oryantasyon chwa aktè ki te

enplike yo. Tout travay sa yo te pèmèt mouvman endiyasyon jeneral sa a poze kesyon sou sistèm nan tou pou mande chanje modèl leta a.

Li enpòtan anpil lè nou ap analize mouvman sosyal yo, pou nou gade kijan yo makonnen endiyasyon ki pwovoke soulèvman jeneral la ak yon pèspektiv pou yon transfòmasyon radikal sosyete a. Lè nou nan yon dinamik mouvman sosyal, li enpòtan tou pou nou gade kijan mouvman sosyal yo rive kreye espas pou fè plas pou novo aktè politik oubyen novo rasanbleman, ak novo rapò fòs ki genyen nan mitan aktè yo. Nan kokennchenn mobilizasyon ki te genyen depi lane 2018 pou rive 2021 kont ansyen prezidan defakto Jovenel Moise nan peyi a, pandan nou ap gade espas ki te rive konstwi yo ak diskou ki te travèse mobilizasyon sa yo, nou dwe gade si diskou sa yo te pèmèt nou rive konstwi novo rapò nan mitan ouvriye yo ak peyizan yo. Sa nou te kapab rele inite popilè ak inite estratejik yo, ki se yon bagay fondamantal pou rive konstwi inite ant mouvman peyizan ak mouvman ouvriye yo.

Kèk griy analiz sou mouvman sosyal yo

Nan lane 1960 ak 1970, te genyen yon pakèt chanjman enpòtan ki te kòmanse ap fèt nan sosyete yo, te menm rive genyen yon kouran sosyolojik ki te kòmanse pale sou novo mouvman sosyal. Te genyen mouvman sosyal klasik yo tou ki te domine ak mouvman ouvriye a epi mouvman peyizan an. Men anpil nan chanjman ki fèt nan jesyon sosyete yo, sitou nan divès peyi kote sistèm kapitalis la ap taye banda yo, fèt apati mobilizasyon ak batay sendikal ouvriye yo. Mouvman ouvriye a te genyen plizyè lòt tandans ladan li tankou mouvman ouvriye revolisyonè, mouvman ouvriye kòporatis, mouvman ouvriye ki ap fè pase kèk revandikasyon men ki pozisyone yo anndan sistèm kapitalis la menm. Mouvman ouvriye a te rive fè yon seri gany tankou: pwoteksyon soyal, konje peye, konje fòmasyon, konje maladi, asirans chomaj ak maladi elatriye. Men gany sa yo pa janm fèt pou tout tan paske toujou plede genyen kesyon ki ap poze, paske peryòd neyoliberal la se yon epòk kote yo te konn toujou ap plede kesyone tout gany mouvman ouvriye yo te rive fè.

Nouvo kesyon yo

Apati lane 1960 yo, genyen anpil novo kesyon ak mouvman ki fò anpil ki te parèt, men ki pa t antre nan kad klasik mobilizasyon sendikal ak ouvriye yo. Li enpòtan pou tout pati revolisyònè yo anbrase kesyon sa yo pou reflechi sou yo, pou gade kòman yo kapab entegre kesyon sa yo nan kad kontestasyon sistèm nan epi pou pwopoze yon novo pwojè soyete.

Kesyon ekolojik

Kesyon ekolojik la tabli rapò ant soyete a, ekonomi an ak anviwònman fizik la. Genyen mouvman ki te vin revandike kesyon sa a kòm chwal batay fondamantal yo. Men kesyon sa yo pa novo vre paske Karl marx te gentan pale sou yo. Marx te di genyen yon kontradiksyon fondamantal nan mitan sistèm kapitalis la ak repwodiksyon lavi sou tè a. Se fason sistèm kapitalis la ap pwodui richès yo ki kontrye pwosesis repwodiksyon lavi sou latè. Kidonk fason sistèm nan ap pwodui richès yo se prensipal lènmi repwodiksyon lavi sou latè. Men anpil maksis pa t vrèman konprann li konsa, se yon kesyon ki pa t parèt nan analiz yo t ap fè yo tou. Sa ki te lakòz anpil move chwa nan kèk eksperyans sosyalis reyèl tankou gwo katastwòf ekolojik ki te fèt nan Linyon Republik Sovyetik Sosyalis la (URSS an franse). Konsa, te vin genyen yon tandans nan mitan pwojè sosyalis yo menm pou adopte yon vizyon pwodiktivis, epi sakrifye anviwònman an, nan lojik pou ogmante pwodiksyon ak richès materyèl.

Jounen jodi a, kesyon ekolojik la vrèman enpòtan pou pwojè revolisyònè a, pou li kapab denonse tout dega sistèm kapitalis la fè sou anviwònman an¹. Genyen yon diskou dominan nan anpil peyi ki di moun se prensipal destriktè anviwònman an². Diskou sa a se yon manipilasyon ideyolojik, paske genyen yon pakèt sivilizasyon ki viv plizyè mil ane epi ki te devlope bon jan rapò ak anviwònman an. Se sistèm kapitalis la menm apati revolisyon endistriyèl yo ki tabli rapò agresif, osinon destriktè ak anviwònman an ki lakòz lavi sou latè menase. Jodi a nou tande kijan tanperati anpil peyi ap plede ogmante san parèy, fenomèn sila lakòz anpil gwo dega nan peyi sa yo. Tout konsekans sa yo se rezulta jesyon sistèm kapitalis la fè sou anviwònman an nan detwi li pou fè plis pwofi. Kesyon ekolojik la te parèt avèk anpil fòs, pandanstan yon pakèt mouvman te

¹ Genyen yon konsèp franse ki devlope pou denonse tout sa sistèm kapitalis la fè sou anviwònman an pou fè plis pwofi: *capitalocène*.

² Nou jwenn diskou sa a nan yon konsèp franse: *anthropocene*

kòmanse ap reklame tèt yo nan kouran ekolojis la. Nan kouran ekolojis la genyen de (2) tandans : ekolojism liberal ak ekolojism radikal. Genyen yon gwo diferans ant de tandans sa yo. Ekolojism liberal la se yon kritik ki di fòk nou chanje abitid konsomasyon yo, men ki pa genyen okenn pwoblèm ak sistèm kapitalis la. Ekolojism radikal la li menm, montre pa genyen okenn solisyon ak kriz ekolojik la toutotan sistèm kapitalis la egziste.

Kesyon feminis

Kesyon feminis la te deja konnen yon pakèt gwo mouvman enpòtan, tankou nan peyi Angletè nan lane 1903, te genyen yon gwo mouvman³ ki te regwoupe yon pakèt feminis ki t ap revandike dwa pou fanm vote. Men pi gwo pwogrè ki te rive fèt sou kesyon feminis la, se aprè gwo revolisyon sovyetik oktòb 1917 la. Pa genyen okenn lòt peyi ki te rive fè gany sa a sou kesyon dwa fanm.

Men nan mitan anpil pati kominis sosyalis tradisyonèl, genyen fanm ki santi yo pa t bay yo ase espas pou pote revandikasyon feminis yo. Nan sans sa a, te vin genyen de (2) gwoup anndan pati politik kominis sosyalis yo: yon gwoup fanm otonòm epi yon lòt gwoup ki di fòk genyen yon mouvman feminis endepandan ki pou poze aksyon sou kesyon feminis la. Sa vin bay de kalte mouvman feminis differan: yon mouvman feminis liberal osinon manipilatè epi yon mouvman feminis radikal klas ki makònèn revandikasyon fanm yo ak revandikasyon ouvriye yo.

Kesyon kiltirèl

Nouvo mouvman sosyal yo te poze yon pakèt novo kesyon epi yo te pwopoze novo fòm òganizasyon ki pou fè fas ak pwoblèm sa yo. Youn nan chanjman enpòtan mouvman sosyal lagoch yo te pote nan amerik latin nan, se kesyon kiltirèl la. Batay politik mouvman sosyal ak popilè yo ap mennen yo dwe anbrase kilti oprime yo osinon kilti moun ki eksplwate yo. Sa vle di, diskou politik ki ap konstwi anndan mouvman sosyal ak popilè yo dwe charye revandikasyon kilti popilè a, epi fè kilti sa a pote yon revandikayon politik.

³ Mouvman sa a te rele *Suffragette* an franse.

Youn nan pi bèl eksperyans sou késyon kiltirèl la, se te avèk lame zapatis liberasyon nasyonal la ki te deklannche yon geriya⁴ nan fwontyè Meksik ak Guatemala a. Eksperyans sila te konstwi yon nouvo diskou politik maksis ki anrasinen nan valè kiltirèl pèp amerendyen nan zòn nan. Se yon gwo pwogrè ki te rive fèt, lè yo te rive atake anpil tandans ewosantris (sa vle di ki santré sou Lewòp) ki te genyen nan anpil òganizasyon lagoch nan amerik latin nan. Kidonk diskou politik ak batay politik mouvman sosyal ak popilè yo dwe konstwi nan lojik rezistans kiltirèl pèp la. Sa pa vle di pou nou genyen yon pozisyon esansyalis, pou nou di tout sa pèp la di bon, osinon tout kilti popilè bon. Nou dwe genyen kouraj pou fè kritik sou kilti popilè a. Men li genyen yon pakèt enpòtans ki kapab ede nou pote revandikasyon nou yo.

Kèk gwo divizyon nan sistèm kapitalis la

Sou plan kiltirèl ak sivilizasyonèl, sistèm kapitalis la chita sou 4 gwo divizyon. Anpil nan lòt sivilizasyon nou yo, (sivilizasyon afriken yo, sivilizasyon amerendyèn yo) yo chita sou lòt relasyon.

1- Endividé ak Kominote

Nan divizyon sa a, chak moun dwe degaje li pou li rich, pou li ranmase plis byen materyèl kèlkeswa sa ki ap pase nan kominote a. Kidonk, demach pèsonèl pou fè lajan pa nan enterè kominote a. Separasyon endividé ak kominote kote li ap viv la se yon bagay ki pa genyen okenn sans vre, paske nou pa kapab ap gade yon grenn moun san nou pa gade kominote a tou, dayè se kominote a ki konstwi moun sa a menm. Divizyon sa a sistèm kapitalis la pote a, se youn nan sous anpil pwoblèm sivilizasyon kapitalis la ap viv.

2- Gason ak Fanm

Patriyaka a, sa vle di sistèm valè ki garanti dominasyon gason sou fanm nan te egziste avan triyonf mòd pwodiksyon kapitalis la. Men sistèm kapitalis la vin pran patriyaka a pou mete li nan fason kapitalis la itilize pou fè lajan fè pitit, pou peze kou fanm yo plis epi benefisyé yon pakèt travay fanm ap fè gratis pou fè plis benefis sou tèt travayè yo.

⁴. Konba yon gwoup moun mennen ankachèt kont lame ofisyèl ak lapolis nan yon peyi pou defann yo koz ideyolojik.

3- Sosyete ak Lanati

Sistèm kapitalis la wè sosyete a tankou yon bagay atifisyèl, sa vle di ki genyen plis valè lè li pa genyen rapò ak lanati ditou. Lojik la se kraze tout koneksyon osinon relasyon ki genyen nan mitan moun ki ap viv nan sosyete a ak lanati pou fè lavi tounen yon bagay atifisyèl.

4- Sivilize ak Sovaj

Divizyon sa a vini avèk kolon yo ki separe mond lan pou di men ki moun ki sivilize ak ki moun ki pa sivilize. Separasyon sa a fondamantal pou nou rive konprann kriz ekolojik la tou, paske anpil nan destriksyon ki fèt sou anviwònman yo fèt sou baz relasyon kolonyal yo.

Sa nou dwe fè fas ak 4 divizyon sistèm kapitalis la

Nou dwe kapab konstwi yon lòt sivilizasyon ki koupe fache ak kat divizyon sa yo, paske jounen jodi a divizyon sa yo mennen planèt la nan yon sitiyasyon suisid kolektif, kote tout moun ap mouri ansanm.

Nan tout mouvman sosyal ki parèt yo ki genyen relasyon ak novo kesyon sosyal yo, genyen ladan yo ki lejitim, genyen ki enpòtan, genyen tou ki fondamantal. Kesyon feminis la ak kesyon ekolojik la se de (2) kesyon fondamantal, men malerezman anpil fwa, mouvman sosyal ak popilè yo pa genyen kapasite pou rive konekte tout batay yo ap mennen yo ak batay fondamantal la ki se batay kapital-travay. Yo pa rive kreye espas ki pou rasanble tout batay yo.

Daprè analiz ki te fèt sou mouvman sosyal ak popilè yo, anpil nan batay nou mennen yo pa vrèman sòti nan yon pwojè sosyalis ki kont sistèm kapitalis la, osinon yon pwojè ki kapab konekte nou ak dinamik ki ap pèmèt nou konteste sosyete kapitalis la nan nannan li, parapò ak jan li ap eksplwate latè pou li kraze travayè yo. Menm si nan batay nou yo, nou konn rive fè kèk gany, men yo pa vrèman mennen nou nan yon pwosesis pou nou rasanble fòs ki ap poze kesyon sou sistèm kapitalis la anjeneral.

Aksyon kolektiv

Genyen de (2) tandans ki devlope nan aksyon kolektiv la nou dwe konsidere : yon tandans estriktiralis ak yon tandans endividyalis.

Tandans estriktitalis la di nou ap analize sosyete a apati estrikti yo (estrikti ekonomik, politik, ideyolojik ak kiltirèl yo). Se apati estrikti sa yo nou kapab gade kijan rapò sosyal yo pral evolye, oubyen chanje nan peryòd ki ap vini yo. Tandans estriktitalis sa a mennen nou nan yon vizyon detèminis ki fè anpil dega nan lit sosyal ak popilè yo, tankou nan Amerik latin nan. Genyen moun ki panse kontradiksyon estrikti sa yo pote anndan yo a ap mennen yon seri chanjman otomatik. Tankou nan lane 1940-1950, genyen yon seri pwogresis ki te di, fòk nou fè alyans ak boujwazi ki ap envesti a, paske plis boujwazi a envesti se kapitalis la ki ap devlope plis, plis kapitalis la devlope se plis pwoletè ki ap genyen, plis genyen pwoletè se plis fòs nou kapab genyen pou nou konteste sistèm kapitalis la. Men listwa montre nou demach sa a se yon katastwòf. Kidonk lojik detèminis la mennen nou nan yon analiz mekanik ki fè nou pran desizyon politik ki pa kòrèk.

Michel Crozier devlope tandans estriktitalis sa a nan yon konsèp li rele **sistèm aksyon konkèrè**. Li montre pou nou konprann sa ki ap pase anndan yon òganizasyon epi konprann estrateji divès aktè osnon yon gwoup aktè ap deplwaye, fòk nou mete pwojektè sou rankont ant estrikti òganizasyon an ak estrateji konkèrè aktè yo.

Tandans endividyalis la menm kwè nou dwe analize sosyete yo apati aktè endividyèl yo. Se apati aktè endividyèl yo nou kapab konprann sosyete a globalman. Se Raymond Boudon ki te vini ak endividyalis metodologik sa a. Pierre Bourdieu devlope tandans endividyalis la tou nan yon konsèp li rele : **sistèm aksyon istorik**.

Youn nan tandans sa yo pa kapab pèmèt nou konprann mouvman sosyete yo vre. Youn nan apwòch ki ap pèmèt nou analize epi konprann sosyete yo, se apwòch maksis la ki kwè se totalite a (ni kontradiksyon anndan estrikti yo ni aksyon moun ap poze devan ekspresyon kontradiksyon sa yo) ki ap pèmèt nou konprann mouvman sosyete yo.

Lè nou ap prepare aksyon kolektiv yo, nou pa kapab fè li san nou pa analize estrikti yo. Konsèp Bourdieu a ak konsèp Crozier a montre genyen yon relasyon alevini nan mitan estrikti sosyal yo ak aksyon kolektiv yo. Sa vle di nan kèk kondisyon osinon nan kèk sitiyasyon, aksyon kolektiv yo kapab bay chanjman estriktirèl osinon rapò fòs ki ranvèse lojik estrikti dominan yo. Youn nan eleman ki kapab pote chanjman estriktirèl sa yo se aksyon politik mas yo. Aksyon kolektiv revolisyònè a posib lè genyen yon pwopozisyon pwojè revolisyònè oubyen lè genyen moun ki pou panse pwojè revolisyònè a. Nou dwe batay tou pou mas yo apwopriye pwojè revolisyònè sa a, pou yo kapab transfòme li an fòs materyèl jan Karl Marx di sa.

Diskisyon ak kòmantè

1-Bilan ki drese sou batay mouvman sosyal ak popilè yo fèt nan kontèks peryòd Diktati ki te genyen ann Ayiti a sèlman. Nou pa gade li nan nivo entènasyonal, alòske se pa ann Ayiti sèlman ki te genyen diktati. Rejim diktakti a te nan tout Amerik Latin nan ak nan Karayib la. Se te yon moman enpòtan kote mouvman revolisyònè a te fò nan mond lan, te gentan genyen plis pase yon tyè nan popilasyon mondal la ki te nan sistèm sosyalis la. Kidonk se yon batay klas enperyalis ameriken an t ap mennen sou tout fòm, tankou diktati ak yon pakèt kalte krim pou yo te kapab bloke avansman lit revolisyònè yo.

-Efektivman kontèks entènasyonal la enpòtan anpil, se youn nan erè nou fè souvan nan analiz nou ap fè sou mouvman ki fèt ann Ayiti yo. Nou gade mouvman yo nan yon analiz ki konsantre sèlman sou Ayiti, nou blye si Ayiti entegre yon kontèks jeyopolitik global frajil anpil: Karayib la. Se yon espas priyorité pou kapitalis la sitou pou Ayiti ki sitiye li ant Kiba ak Venezyela. Pou ameriken yo pa pèdi tout Karayib la, yo anpeche tout alyans ki kapab posib ant 3 peyi sa yo. Nan sans sa a, li enpòtan anpil pou nou gade dimansyon entènasyonal la epi konpare nouvo zouti dominasyon enperyalis la ap aplike parapò ak sa ki ap fèt ann Ayiti yo. Anpilfwa tou nou genyen yon santiman nou izole sou yon zile, sa anpeche nou wè dimansyon global jeyopolitik la epi kijan sa ki ap fèt ann Ayiti yo reponn ak tout yon ansanm kondisyon global.

2- Analiz sa yo pèmèt nou rive konprann reyalite nou ann Ayiti epi kijan pou nou aji sou li. Youn nan entèvenan yo pale sou pwojè revolisyònè nou genyen an epi aksyon kolektiv revolisyònè a ki pral pèmèt konesans sa yo ateri. Lè nou ap gade li konsa se pou nou gade li nan yon pèspektiv parapò ak sa nou genyen kòm sitiayson nan peyi a. Jounen jodi a nou nan yon sitiayson kote genyen plizyè kondisyon objektiv ki reyini pou nou fè yon transfòmasyon nan sosyete a, men òganizasyon lagoch yo pa rive mete tèt yo ansanm pou pote pwojè revolisyònè a ki ap pèmèt nou akouche chanjman pèp la ap mande jodi a. Si lagoch pran konsyans sou responsabilite li genyen nan sa ki ap fèt la a, se ap yon okazyon pou lagoch fè yon jefò sou li pou pote pwojè revolisyònè a, pou ede pèp la ateri ak chanjman nan sosyete a. Apati tout zouti nou sot wè yo , kisa menm ki anpeche nou pote pwojè revolisyònè a pou nou rive ede mas pèp la nan chanjman sosyete a yo ap klewonnen depi lontan an?

- Pwosesis pou mete kanpe pwojè revolisyònè a pa kapab fèt konsa konsa. Youn nan lesyon nou aprann nan devlopman lit sosyal ak politik yo apati lane 1970 nan Amerik latin nan, se konbinezon

ki genyen ant pati politik yo ak mouvman sosyal popilè yo. Anvan sa, yo te wè mouvman sosyal yo kòm yon mouvman ki kapab sèlman egzekite yon pwojè politik. Jodi a, mas yo mobilize, yo vin tounen aktè politik epi yo fè pati gwoup moun ki dwe patisipe nan monte pwojè politik la ak pati politik yo, pandan yo ap respekte diferan misyon òganizasyon yo genyen. Pwojè revolisyonè a se pa yon moun ki chita poukont li pou kreye li epi pou mete li disponib. Men se pito yon bagay ki ap fèt nan yon ansanm dinamik batay ak dinamik refleksyon kritik ak diferan aktè politik sosyal yo. Nan sans sa a, analiz nivo konsyans yo se yon zouti ki enpòtan anpil. Li ap pèmèt nou gade nivo konsyans yon gwoup, epi kijan nou kapab rive konstwi estrateji ki pèmèt gwoup la nan yon pwosesis tèt ansanm rive nan nivo konsyans revolisyonè a. Nan konstriksyon pwojè revolisyonè a, genyen twa eleman ki konekte youn ak lòt nan yon dinamik ale vini nan mitan yo : Konsyantizasyon, òganizasyon ak mobilizasyon. Konsyantizasyon an, se kijan aktè yo kapab rive nan yon nivo konsyans kote yo voye jete: soyete a, dominasyon boujwazi a, valè ak kilti dominan an. Pwosesis konsyantizasyon sa a pa kapab fèt san refleksyon kritik, analiz, fòmasyon, aksyon ak batay konkè.

3- Èske mouvman popilè a kapab yon mouvman sosyal an menm tan? Si mouvman popilè a se li menm ki pèmèt koupe fache ak soyete debalanse a, poukisa nou chaje lit popilè ki fèt nan soyete a men se yon seri lòt moun ki pa nan menm dinamik mouvman an ki toujou ranmase yo?

-Si nou konsidere mouvman popilè a kòm yon mouvman sosyal kont lòd tabli a epi ki adrese kontradiksyon kapital-travay la nan separasyon richès ki nan soyete a, nou kapab konsidere mouvman popilè a kòm yon mouvman sosyal ki kont sistèm ki tabli a epi revolisyonè. Se vre genyen moun ki pito di mouvman sosyal popilè, men tout mouvman sosyal pa mouvman popilè. Se pa orijin jeyografik mouvman an tou ki fè li pote mak fabrik popilè, men se pito vizyon ak oryantasyon ideyolojik li ki fè yon mouvman popilè. Genyen yon konsta pou nou fè tou, depi kèk lane mouvman popilè a, nan diferan moman yo se pa li menm ki prensipal aktè sou sèn politik la. Nan dènye moman sa yo, se plis mouvman sosyal yo oubyen soyete sivil la ki parèt dominan. Enperialis la menm genyen yon bann òganizasyon ki ap mache fè fòmasyon pou yon pakèt lòt òganizasyon ki nan soyete sivil la. Òganizasyon sa yo ap ranfòse yo pandan yo ap kraze mouvman popilè a. Sa lakòz se diskou soyete sivil la ki parèt dominan nan moman an. Òganizasyon pwogresis yo antre nan menm demach sa a tou, yo bay prezans yo plis nan mouvman sosyal moun sa yo olye yo patisipe nan ranfòse mouvman popilè a.

4- Nou wè genyen diferans ant twa konsèp sa yo: mouvman sosyal, mouvman popilè epi mouvman sosyal ak popilè. Mouvman popilè a nan yon demach pou koupe fache ak modèl sosyete nou genyen jounen jodi a epi se li menm ki mennen pwojè politik la. Anpil fwa nan batay nou ap mennen yo, nou itilize konsèp mouvman sosyal ak popilè.(Se yon pwoblèm teyorik) Èske nou ap itilize mouvman sosyal popilè oubyen mouvman sosyal ak popilè menm jan genyen kesyon ki ap poze sou ki siyati nou ap mete dèyè modèl leta nou ap goumen pou li a?

-Nou di genyen diferans ant mouvman sosyal ak mouvman popilè, epi nan kad analiz nou ap fè yo se konsèp mouvman sosyal ak popilè a nou itilize. Efektivman sa kapab kreye yon konfizyon. Mouvman popilè a se yon mouvman sosyal ki genyen yon liy politik klè pou konstwi pwojè ki nan sans enterè fondamantal klas popilè yo. Diferans sa yo vrèman enpòtan, lè nou di mouvman popilè, nou dwe analize kisa mouvman sa a genyen ladan li ki bon.

Nan kad analiz nou ap fè yo, nou di mouvman sosyal ak popilè, nou pa di mouvman sosyal popilè oubyen mouvman popilè tou senpman. Genyen de (2) rezon ki eksplike chwa sa. Nan lit yo, nou jwenn yon seri mouvman ki pa pote yon pwojè radikal oubyen yon pwojè transfòmasyon, men ki pote yon kontribisyon nou kapab pran pou nou ale pi lwen. Nan analiz nou ap fè yo, nou konsidere kontribisyon kèk mouvman sosyal ki pa popilè. Lòt rezon ki eksplike sa tou, se pwoblèm otonomi mouvman popilè a anndan lit sosyal yo globalman. Lè nou ap pale sou kesyon otonomi an se pa sèlman kote nan espas batay nou yo nou rete konsekan ak pwojè nou yo, men se pou nou rive fè pwopagann pou pwojè sa yo epi mobilize moun sou yo pou nou kapab rive oryante rès batay yo. Nan lane 2017, nan dènye faz mobilizasyon ki te genyen nan batay ki t ap mennen kont bidjè kriminèl la, te genyen yon seri manifestasyon kote kèk òganizasyon pwogresis oubyen popilè te rive pote yon seri diskou kont sistèm nan. Aprèsa se mouvman petrollachenger yo ki te vin ap domine sèn politik la, se yo menm ki te konn fè konvokasyon epi te vin genyen yon seri lòt diskou tou tankou : *chavire chodyè, tranzisyon*. Diskou sa yo te tèlman rive enpoze yo, te genyen yon seri moun nan boujwazi a ki t ap di yo menm tou yo vle fè tranzisyon koupe fache. Kidonk se yon seri moman kote mouvman popilè a sou sèn nan te rive fè yon pakèt revandikasyon pase, men li pa rive kenbe dwa granmoun li pou oryante lit yo globalman.

5-Genyen yon pwoblèm teyorik sou jan nou dekoupe batay mouvman sosyal ak popilè yo sou 5 peryòd la. Youn nan difikilte anpil kanmarad genyen sou differan peryòd batay popilè yo, se paske anpil fwa nou kòmanse peryòd batay mouvman sosyal ak popilè yo nan lane 1986. Se yon blokaj

pou nou nan analiz nou ap fè sou tout estrateji batay diferan aktè te mennen yo nan epòk diktati a. Se tout batay sa yo ki fè 1986 rete yon dat ki make listwa pèp ayisyen an.

-Jan nou koupe peryòd yo déjà enflisanse griy analiz nou pral itilize a. Tout gany mouvman sosyal ak popilè yo te rive fè nan lane 1986 la, se paske te genyen yon pakèt travay ki te ap fèt nan fòmasyon ak edikasyon popilè pandan anviwon 10 lane. Se sa ki kapab eksplike kijan kokennchenn mouvman 1986 la te parèt. Nou kapab fè yon lòt konsiderasyon sou jan nou koupe peryòd yo ak sans yo genyen.

Nan kad Invèsite popilè a, nou te òganize yon fowòm ak yon atelye deba. Nan de (2) aktivite sila yo, te genyen kèk nan entèvansyon yo ki te gade peryòd batay anvan 1986 yo. Jan nou prezante peryòd yo vre, sa parèt tankou nou koupe peryòd yo. Nou mete aksan sou 1986 la, paske peryòd sa a reprezante yon pari ki kase nan lavi pèp ayisyen an ak yon opsyon ki prezante yon seri lit li pote kontribisyon yo nan chanje fòm batay yo tou. Se sa ki fè depi 1986 pou rive jounen jodi a, lit demokratik yo se prensipal tèren batay politik òganizasyon pwogresis popilè yo metrize.

Lòt rezon ki eksplike fason nou prezante diferan peryòd yo tou se paske genyen yon seri fòm revandikasyon ki parèt nan lane 1986 men ki rete nan pasaj jiskaprezan. Nou te vle gade koneksyon ki genyen ant manch mobilizasyon ki te derape nan lane 2017-2018 yo ak gwo anbyans batay ki te derape nan lane 1986 la.

6-Nou di genyen mouvman sosyal, mouvman popilè nan sisyete a epi nou bay kisa ki karakterize yo. Pou evite konfizyon, nou dwe idantifye tèt nou parapò ak pwoblèm teyorik sou mouvman sosyal la ak mouvman popilè a.

-Lè nou di mouvman popilè 1986 la, sa pa vle di se sèlman 1986 pou rive jounen jodi a ki te genyen mouvman popilè. Nan listwa peyi Dayiti, chaje moman ki te genyen mouvman popilè tankou premye mouvman batay pou lendepandans peyi a. Men sa nou ap pale a, se mouvman sosyal ak popilè ki kale apati lane 1986. Se yon ansanm travay fòmasyon, batay ki t ap mennen anvan ak pandan peryòd sa a, ki bay mouvman 1986 la. Epi kèlkeswa moman nou konsidere a, te toujou genyen yon ansanm evènman anvan ki akouche mouvman sa a nan moman an.

7-Nan tout entèvansyon ki fèt yo, nou di lit popilè yo konn monte men konsa tou yo konn desann. Moun ki konn lakòz lit popilè yo desann nan, anpil fwa se moun ki anbrase revandikasyon lit mas popilè a. Ki mwayen nou pral mete anplas pou anpeche lit popilè yo tonbe aprè nou fin konstwi mouvman sa a, epi reprann lit sa yo parapò ak trayizon ki plede ap fèt nan lit popilè yo.

-Kesyon trayizon an se yon bagay ki travèse listwa lit popilè yo. Pa genyen yon fòmil ki kapab anpeche sa. Genyen kèk prensip nou kapab mete anndan òganizasyon yo pou evite trayizon. Men sa pa kapab anpeche nan listwa batay yo genyen kèk episòd rekiperasyon ak trayizon ki rive. Plis fòs popilè yo penetre mas yo, se plis nou kapab evite posiblite rekiperasyon lit yo. Òganizasyon yo ta dwe gade tou ki dispozisyon yo kapab pran pou anpeche trayizon an genyen yon konsekans catastrofik sou lit yo. Fòk nou vijilan anpil tou pou nou redui posibilité trayizon an.

-Nou pa ta dwe twò konsidere trayizon an tou, sa ki enpòtan pou nou gade se pito lejète politik ak ideyolojik, ki se konsekans feblès edikasyon politik nou genyen anndan òganizasyon popilè yo. Nan sans sa a, genyen yon nesesite pou yon travay konsyantizasyon fèt nan òganizasyon popilè yo pou nou rive ranfòse edikasyon politik la. Travay sa yo ap pèmèt nou fè diferans ant yon moun ki angaje li nan yon pwosesis revolusyonè ak yon moun ki ap chache opòtinite pou regle zafè pèsonèl li.

-Fòk òganizasyon politik yo pran angajman pou antre nan batay la, pou fòme manm yo sou baz liy ideyolojik. Òganizasyon yo dwe gade kijan lit sosyal popilè ak politik yo oryante epi analize yo parapò ak kontèks politik ki genyen jounen jodi a. Òganizasyon pwogresis yo dwe ale nan pwovens yo tou, pou fè moun yo konprann dimansyon batay la, ak kijan yo dwe angaje yo nan batay la. Jounen jodi a, mouvman popilè a dwe oryante tèt li pou konnen kote li prale, yon fason pou li kapab chanje kondisyon materyèl sa ki pi fèb yo.

Kriz pwojè ejemonik, kriz avangad nan lit politik yo: ki oryantasyon pou mouvman sosyal ak politik yo?

Entèvenan: Marc-Arthur Fils-Aimé.

Nan yon nan tèks Marta Harnecker ekri: *La gauche à l'aube du 21^{ème} siècle*, li fè sòti kèk refleksyon, kote li fè konnen: Jounen jodi a, pati lagoch la genyen yon kriz teyorik ak yon kriz pwogram. Li manke mwayen pou li fè lide revolusyonè yo mache. Sa ki lakòz, kounye a pati lagoch la ap travèse yon kriz ki klè: kriz òganik. Konsa, eleman ki nan refleksyon sa a pa depaman ak sa nou genyen nan reyalite pa nou nan peyi Dayiti.

Kisa Kriz òganik lan ye ?

Kriz òganik lan se lè pa genyen pwojè ni pwogram sou kesyon ki genyen pou wè ak nati òganik pati yo, menm nan relasyon yo genyen ak sosyete a nan fason yo idantifye fonksyon yo ak fason pou yo regle tach yo. Nan reyalite pa nou, kriz òganik lan chita sou alevini ki genyen ant mouvman popilè ak pati politik yo, sitou pati politik lagoch yo. Pati ladwat yo pa bezwen pati politik pou fè lide li yo pase, li deja genyen tout yon bann aparèy tankou: legliz, lekòl, fanmi elatriye ki ap fè sa. Parapò ak ladwat, lagoch pa fouti rive nan transfòmasyon revolisyònè a san li pa genyen yon pati politik ki genyen yon pwojè, yon liy ideyolojik ki klè. Paske okenn lit revolisyònè p ap posib si pa genyen yon estrikti ki òganize ki ap oryante li.

Èske se apati 1860 nou te genyen premye pati politik ladwat yo?

Nan listwa pati politik peyi Dayiti, te genyen 2 pati: yon premye pati yo te rele pati liberal ki te genyen eslogan «*pouvwa a pou moun ki plis kapab yo*», ak yon pati nasyonal, ki te genyen eslogan «*pouvwa a pou moun ki pi plis yo*». Men nan reyalite a, sou plan ideyolojik, toulède pati sa yo t ap mennen menm politik kont pèp la.

Se Jacques Roumain ak kèk kamarad li ki te rive kreye premye pati lagoch ayisyen ki te rele PCH (Parti Communiste Haïtien an franse). Fòk nou pa konfonn li ak PCH ki te kraze an 1946, lè Estimé te monte prezidan.

Jounen jodi a genyen yon absans pati politik lagoch ki fonn ak mas yo tankou pwason nan dlo. Konsa tou, manke yon rapò alevini ant òganizasyon popilè yo ak pati politik lagoch yo. Menm sitiyasyon sa a te rive nan peyi Larisi kote te genyen yon gwo eklatman. Konsa, nou kapab di se pa kapitalis la ki te kraze Linyon Sovyetik la, men li menm ki te kite twou vid pou kapitalis la kraze li.

Kriz nou ap viv jounen jodi a fè nou wè pati lagoch yo pa genyen kapasite aksyon ak fòs mouvman sosyalis la te genyen nan lane 1960 pou atire moun. Pou nou rive konstwi mouvman popilè nou vle a ak lagoch la, sa mande anpil travay. Li klè transfòmasyon sosyete a pa kapab fèt bridsoukou, fòk li genyen yon estrikti politik revolisyònè tèt ansanm ki fèm, ki djanm ki akonpaye li. Paske se pa tout manifestasyon ki ap fèt, menm nan mitan pèp la, ki kapab rive chanje kondisyon

lavi li. Sa ap mennen nou fè diferans ant *ensten klas* ak *konsyans klas*. Ensten klas la se yon bagay ki natirèl, trapde alòske konsyans klas la se travay pou nou travay li.

Fòk nou fè yon diferans tou ant inifikasyon lagoch ak alyans oubyen avèk fwon. Pati Popilè Liberasyon Nasyonal la (PPLN) te fè yon sèl avèk PEP (Parti Entente Populaire) ki te vin bay PUCH (Parti Unifié des Communiste Haïtien). Yo te rive fè inite paske yo te genyen menm vizyon revolisyònè. Se te sèl pati revolisyònè ayisyen ki te rive òganize yon geriya. Yon eleman trèt pa sifi pou kraze yon mouvman revolisyònè, se estrikti a, mòd òganizasyon an ak fòmasyon politik militan yo ki pou pèmèt yo bloke osinon kontwole dega yon trèt.

Jounen jodi a genyen yon nesesite pou genyen yon travay konsyantizasyon ki fèt nan sans sa a. Sèl zouti ki kapab fè sa, se pati politik revolisyònè a. Pou sa rive fèt, fòk nou pa neglige alevini ki dwe genyen ant pratik mas popilè yo ak teyori yo. Men konsa tou, fòk nou evite tonbe nan tandans bazis la pou nou di tout sa mas yo fè kòrèk. Nou dwe analize yon fason syantifik, rasyonèl rapò ki genyen ant pratik lavi reyèl mas popilè yo ak teyori revolisyònè yo.

Teyori yo pa dwe rete yon bagay anlè, yo se zouti ki genyen yon bann eleman inivèsèl. Teyori yo genyen yon pakèt nwayo syantifik anndan yo tou, se ak yo pou nou sèvi pou nou rive ateri batay la. Marta Harnecker fè yon kritik sou tandans ki di fòk nou repete menm teknik, menm apwòch Lénine yo sou kesyon pati a. Se yon erè fondamental, paske eksperyans Lénine nan valab pou Larisi sèlman.

Nan menm lide a tou, avangad yon batay se sou tèren batay la li konstwi, se pati a ki dwe rekonèt tèt li tankou avangad, li dwe mache tou ak reyalite nou ap viv jounen jodi a. Pou nou konstwi pati sa a, nou dwe etidye maksis la tankou yon syans revolisyònè, epi marye li ak batay chak jou pèp la ap mennen yo.

Diskisyon ak kòmantè

1-Èske parapò ak kredi yo pa kapab fè kèk aktè nan lit popilè a ki deklare tèt yo avangad pa rann yon bann moun pè antre nan lit la?

-Li fè pwoblèm lè nou ap pale avangad, nou wè sèlman pati politik. Se pa sèl yo menm ki kapab ranpli fonksyon sa a. Genyen yon bann lòt òganizasyon ki genyen yon kapasite revolisyònè nan

kèlkeswa espas li ye a. Nan sitiyasyon malouk nou ye jounen jodi a, yon sèl estrikti pa kapab di se li menm ki genyen repons lan. Kidonk, ta dwe genyen plizyè aktè ak gwoup ki pou pote yon eleman repons. Nan sans sa a, sa ki dwe fè baz estrikti yo se fòmasyon politik ak ideyolojik.

-Nan pati politik yo non sèlman li enpòtan pou genyen fòmasyon politik ak ideyolojik, men tou li nesesè pou yo rive konstwi yon pwojè lavi. Lè nou di pwojè lavi, se rive kreye yon seri inisyativ ki ap ede nou jwenn dwa grandèt majè nou yon fason pou nou kapab repwodui lavi nou. Paske nan analiz nou ap fè sou frajilite òganizasyon yo jounen jodi a, nou kapab wè youn nan eleman yo se pwoblèm ak egzijans tan an..

2-Kriz pati a genyen 2 dimansyon. Èske nou ap gade kriz pati a globalman oubyen nou ap gade kriz ideyolojik la?

-Kriz pati a genyen rapò ak trayizon ak mefyans, li genyen rapò tou ak favoritis⁵. Kriz pati lagoch yo nan peyi Dayiti genyen yon dimansyon rekonesans pati yo nan nivo popilasyon an globalman. Kidonk, anndan menm òganizasyon nan mouvman popilè a manke rekonesans yon pakèt pati politik. Sa ki genyen yo pa genyen yon kapasite konvokasyon nan mouvman popilè a. Konsa tou, sa ka rive li mobilize moun sou yon bann revandikasyon, men li pa kapab mobilize yo nan yon konba elektoral.

-Lè nou ap gade kriz pati lagoch yo, fòk nou gade tout pwoblèm ki genyen yo tou. Estati yon seri pati konn di yo genyen tandans lagoch, men pwoblèm lajan konn fè yo fè sa ki kontré ak sa ki di nan estati yo a. Menm nan sa ki genyen pou wè ak mwayen nou ap itilize pou nou fè revandikasyon nou yo pase, pati lagoch yo kapab regwoupe yo pou kreye pwòp medya pa yo parapò ak sa yo kon itilize jeneralman pou yo fè mesaj yo pase.

-Nou te kapab jwenn yon solisyon ak kriz lagoch ayisyen an, men pafwa genyen twòp ipokrizi nan mitan nou. Anplis, pa genyen yon lidèchip kolektif nan mitan lagoch ayisyen an.

-Akote kondisyon lavi malouk ki rann fonksyònman kèk òganizasyon popilè frajil, genyen konpòtman mètdam tou, kote genyen yon pakèt moun ki nan yon bann estrikti, olye yo ranfòse estrikti a, yo pito al kreye ti zafè pa yo pandan yo nan menm mouvman an. Nan sans sa a, se pa estrikti yo ki pa kapab pwopoze kèk eleman repons pou pwoblèm yo, men se pito aktè yo ki pa

⁵ Se yon tandans yon gouvnman genyen pou li fè yon moun favè pandan li pa merite sa.

kreye espas pou diskisyon. Sitiyasyon sa yo konn lakòz genyen òganizasyon ki pèdi pwa nan batay la.

-Youn nan pi gwo pwoblèm òganizasyon pwogresis yo jounen jodi a, se pwoblèm kotizasyon an. Se yon pwoblèm fondamantal. Se youn nan rezon tou ki fè òganizasyon yo pa fò.

-Youn nan presizyon sou kriz ejemonik ak kriz pati yo se pito yon kriz direksyon politik, lè sa li pi laj. Li kapab yon fwon, yon pati, yon regwouzman. Kriz direksyon politik sa a, depi kèk tan, se youn nan pi gwo pwoblèm mouvman popilè a. Nou pa janm rive depase li, alòske li genyen yon wòl enpòtan li kapab jwe nan oryante mouvman ak batay mas popilè yo.

-Genyen yon pakèt eleman ki fè makfabrik kriz sa a depi lontan. Youn ladan yo se lekti òganizasyon, pati politik oubyen fwon lagoch yo fè sou fòmasyon sosyal ayisyèn nan. Anpil fwa estrikti sa yo konn genyen yon lekti mekanik sou fason sosyete a òganize sou plan sosyal ak ekonomik. Anplis, genyen estrikti ki nan lagoch ki rantre nan demach ranfòse kapitalis la pou nou kapab rive nan sosyalis la. Genyen ladan yo ki te menm enplike nan mete zòn franch nan peyi a ki se yon premye pwoblèm. Lòt pwoblèm ki genyen ankò se liy politik la. Kesyon nou dwe poze tèt nou, èske estrikti sa yo kont faz enperyalis sistèm kapitalis la oubyen yo kont sistèm kapitalis la nan li menm? Twazyèm pwoblèm nan se prezans estrikti lagoch yo nan mitan mas yo. Èske estrikti sa yo prezan nan mitan ouvriye yo, peyizan yo ak katye popilè yo? Absans estrikti lagoch nan mitan mas yo toujou reprezante yon gwo limit pou yo anndan peyi a. Lòt eleman ki fè pwoblèm se kesyon pouvwa a, se kijan lagoch poze pwoblèm pouvwa a. Solidarite entènasyonal la genyen yon wòl enpòtan tou. Nan lagoch la genyen pwoblèm kritik ak otokritik la tou paske genyen kamarad ki pa aksepte kritik.

-Genyen nesesite pou reyalize yon etid sou nati fòmasyon sosyal ayisyen an jounen jodi a. Men vyolans gang yo reprezante yon gwo obstak.

-Li enpòtan pou nou ankouraje militan pati politik yo pou yo antre nan yon òganizasyon popilè kote batay chak jou ki jou yo ap mennen. Sa ap pèmèt li rete nan yon alevini nan teyori yo parapò ak reyalite a. Sa ap evite li genyen yon lekti ki pa sèlman akademik sou reyalite a.

-Pou fini, vyolans gang ki la a reprezante yon menas non sèlman pou avni nou menm kòm moun, men li menase avni nou menm ki se aktè ak gwoup ki ap defann yon pwojè sosyete. Mouvman

popilè a dwe gade kisa li dwe fè jounen jodi a pou frennen vyolans gang yo, pou nou kapab kontinye egziste tankou aktè pou nou kontinye batay.

Prezantasyon zouti nivo konsyans yo

Entèvenan : Camille Chalmers

Kisa zouti analiz nivo konsyans la ye ?

Zouti nivo konsyans lan se yon zouti Colette Humbert, youn nan manm lekòl INODEP la te kreye nan lane 1960 yo ak Paolo Freire ak kèk lòt manm ankò. Yo te pwopoze zouti sa a nan kad refleksyon ki t ap fèt sou nivo konsyantizasyon nan gwoup yo, kominate yo, ak òganizasyon yo. Zouti sa a chita sou twa wòch dife ak 2 endikatè. Premye wòch dife a se konsyantizasyon, dezyèm nan se òganizasyon epi twazyèm nan se mobilizasyon.

Konsyantizasyon an

Konsyantizasyon an genyen rapò ak sa nou panse, pawòl nou ap pale, fason nou aji epi ki mòd rapò nou defini youn ak lòt. Nivo konsyans sa yo pa soti nan syèl, se yon pwosesis istorik ki donnen yo. Fòk genyen yon pwosesis fòmasyon konsyans moun. Pou aksyon kolektiv yo devlope, fòk genyen sa yo rele *konsyans klas* la. Sa vle di nou dwe konsyan nou fè pati yon klas sosyal ki genyen pozisyon ak pwòp enterè pa li epi nou dwe konfòme nou ak enterè klas sa a nan fason nou ap aji.

Òganizasyon an

Òganizasyon an se kòman nou ap mete fòs nou yo ansanm pou nou aji sou sosyete a, sou reyalite a yon fason pou nou kapab konstwi òganizasyon ki kapab reprezante nou, defann enterè epi pwolonje batay la. Paske san òganizasyon an, anpil fwa batay yo se tankou dife nan pay mayi.

Mobilizasyon an

Mobilizasyon an se aksyon konkrè nou ap mennen yo kote nou ap diskite pouvwa. Paske sitiayson mizè nou ap viv la, li genyen rapò ak relasyon pouvwa nan sosyete a. Kounye a, kijan nou kapab mobilize pou nou konstwi yon lòt pouvwa nan lide pou nou kesyone epi chavire pouvwa sa a ki kreye grangou ak mizè nan sosyete a.

Twa wòch dife sa yo pa vini youn aprè lòt. Genyen yon rapò alevini nan mitan yo, yo makònèn ansanm, youn ranfòse lòt. Lè nou ap fè yon travay konsyantizasyon, òganizasyon an kore epi pèmèt moun devlope travay konsyantizasyon an pi plis. Lè nou nan travay mobilizasyon, òganizasyon an ak konsyantizasyon an pèmèt mobilizasyon an ale pi lwen. Kidonk, yo tout mache ansanm.

De (2) endikatè zouti nivo konsyans lan

Zouti nivo konsyans lan genyen 2 endikatè. Premye endikatè a genyen rapò ak diskou moun yo ap di ak sou kisa moun yo ap pale. Nan sosyoloji, yo rele sa *diskou sosyal komen*. Konsa, genyen yon bann pawòl ki ap sikile nan sosyete a, anpil ladan yo nou repeète yo san nou pa poze kesyon sou yo. Se yon pwosesis istorik ki kale diskou sa yo. Yo fè pati batay klas yo ak batay lide ki ap mennen sosyete a. Kisa nou dwe fè kont diskou sa yo? Premye bagay nou dwe fè, se koute kisa moun yo ap di sou tèt yo. Youn nan erè fondamantal nou fè lè nou rive nan yon kominote, nou pa eseye konpare diskou moun yo ak diskou dominan an pou nou wè nan ki nivo konsyans moun yo ye. Dezyèm endikatè a se aksyon moun yo ap poze yo.

Apati 2 endikatè sa yo, Colette Humbert prezante plizyè nivo konsyans. Premye nivo a se *konsyans nayiv*, dezyèm nivo a se *konsyans prekritik*, twazyèm nivo a se *konsyans kritik asimilatris*, epi katriyèm nivo a se *konsyans kritik emansipasyon*.

Pou nou kapab sitiye yon gwoup, yon popilasyon, yon kominote osinon yon òganizasyon, pou nou kapab wè nan ki nivo konsyans yo ye, nou bezwen 2 endikatè sa yo. Men yon popilasyon pa oblige suiv etap sa yo youn aprè lòt. Kapab genyen avans ki fèt, konsa tou kapab genyen bak ki fèt an fonksyon ki estrateji ki deplwaye.

Tablo nivo konsyans yo

Ki fòm konsyasns yo kapab pran?	Ki pawòl ki ap pale?	Ki aksyon ki ap poze kolektivman?
1- Konsyans nayif	Genyen konfizyon ant lòd sosyal, lòd natirèl ak lòd byologik. Moun yo pa genyen konsyans soyete yo se yon konstriksyon istorik ki fèt apati yon sipò materyèl. Pa genyen responsabilite okenn moun sou sa ki ap pase yo. (Tout bagay ki fèt se Bondye ki responsab) Se yon diskou reziyasyon osnon adaptasyon	Migrasyon nan tout sans. Moun yo lage kò yo nan lapriyè, nan fè jèn yon jan pou yo pa panse ak pwoblèm yo ap viv chak jou yo.
2- Konsyans pre-kritik	Genyen konfizyon ant lòd sosyal, lòd natirèl ak lòd byologik. Moun yo pa genyen konsyans soyete yo se yon konstriksyon istorik ki fèt apati yon sipò materyèl. Pa genyen responsabilite okenn moun sou sa ki ap pase yo. (Tout bagay ki fèt se Bondye ki responsab) Se yon diskou reziyasyon osnon adaptasyon.	Soulèvman britsoukou. Moun yo ap chèche lage responsablite a sou do kèk gress moun olye yo chèche kòz estriktirèl pwoblèm yo. Aksyon kolektiv yo branche sou yon lidè karismatik, menmjan yo panse se yon moun ki lakòz malè yo, yo panse se yon moun ki pou libere yo osnon sove yo.
3- Konsyans kritik asimilatris	Genyen plenyen pandan yo ap chache kòz pwoblèm nan. Epi genyen kèk tantativ tou pou jwenn kèk eksplikasyon istorik nan estrikti soyete a.	Aksyon ki ap mennen yo se pou entegre soyete a jan li ye a san poze kesyon sou rapò klas yo ak rapò dominasyon enperialis la.

4- Konsyans kritik liberasyon	<p>Genyen yon ti plenyen men genyen plis kesyon ki ap poze pou chache kòz pwoblèm yo. Genyen pwopozisyon yon altenativ revolisyònè ki ap reflechi sou kijan pou nou soti nan sitiayson an.</p>	<p>Konstriksyon fòs sosyal ak politik revolisyònè. Konstwi sosyete a sou yon lòt baz, lòt valè, lòt kilti politik pou fè pi bon chwa nan aksyon politik revolisyònè yo.</p>
--------------------------------------	------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------	-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------

Fondman filozofik demokrasi patisipativ la

Entèvenan: Camille Chalmers

Yon ti kout je sou koze demokrasi patisipativ lan.

Nan tout sosyete, genyen yon bann enstitisyon ki òganize, defini epi kontwole rapò moun ak moun nan sosyete a. Se yo menm tou ki ede repwodui rapò sa yo nan sosyete a yon mannyè pou rapò sa yo pa chanje. Sosyete yo pa pèmèt nenpòt bagay fèt nenpòt fason paske yo genyen prensip ak valè yo. Genyen enstitisyon ki pou kontwole, sanksyone epi regularize. Nan sans sa a, genyen 3 kalte enstitisyon: enstitisyon ekonomik ak sosyal yo, enstitisyon politik ak jiridik yo epi enstitisyon kiltirèl ak ideyolojik yo.

Enstitisyon ekonomik ak sosyal yo

Enstitisyon ekonomik ak sosyal yo defini rapò pwodiksyon, echanj, komèsyalizasyon, ak repatisyon richès sosyal yo. Se yo menm ki gade èske echanj yo fèt sou baz lajan (salè), sa nou rele *salarya a* oubyen èske yo fèt sou yon baz *demwatye*. *Salarya a* ak *demwatye a* se de (2) enstitisyon ki chita sou baz eksplwatasyon. Nan sans sa a, pou eksplwatasyon an fèt pi byen, leta ki se aparèy politik ki kreye, li genyen rapò ak enstitisyon ekonomik yo.

Enstitisyon politik ak jiridik yo

Enstitisyon politik ak jiridik yo regle késyon pouvwa a. Yo defini relasyon pouvwa ki genyen nan sósye a. Yo mete kanpe yon bann aparèy ki la pou defini relasyon pouvwa yo epi asire yo relasyon pouvwa sa yo kapab dire epi repwodui tèt yo. Se nan enstitisyon politik ak jiridik yo nou jwenn aparèy leta a.

Se konstitisyon yon peyi ki di kijan aparèy leta yo konpoze. Genyen konstitisyon ki di genyen 3 pouvwa: pouvwa egzekitif, lejislatif ak jidisyè. Se yon modèl aparèy leta ki defini kòman pouvwa a òganize nan sósye a. Nan sans sa a, genyen 2 gwo vizyon ki travèse leta a.

Genyen yon premye vizyon ki di leta se yon aparèy ki anlè, se yon abit. Yon dezyèm vizyon ki se yon analiz maksis ki te fèt depi nan 19^{ème} syèk lan ki montre leta a se yon leta patizan ki ap defann enterè klas ki ap domine yo kont lòt klas yo. Kidonk vyolans leta genyen kontwòl li a atravè lame, lapolis ak lajistis se yon vyolans li itilize pou li kapab kenbe pouvwa klas ki ap domine yo epi anpeche klas ki ap sibi dominasyon yo revandike dwa yo.

Enstitisyon ideyolojik ak kiltirèl yo

Enstitisyon ideyolojik ak kiltirèl yo se yo ki di nou kisa nou dwe panse, kijan nou dwe reflechi, kisa nou ye, ki rapò nou dwe genyen youn ak lòt, ak lanati, ki rapò ki dwe genyen ant granmoun ak timoun, fanm ak gason. Konsa, sósye a se yon ansanm rapò sosyal. Genyen yon bann enstitisyon dominan ki ap defini, kore epi repwodui rapò sosyal sa yo. Leta se youn nan gwo enstitisyon dominan ki genyen yon pakèt aparèy ki kapab pèmèt li bay sósye a oryantasyon li vle epi asire dominasyon klas ki ap domine yo kontinye. Kidonk lè nou ap pale sou pouvwa leta a, genyen de (2) eleman fondamantal nou dwe konsidere: pran pouvwa leta a epi transfòme pouvwa leta a.

Yon ti kout je sou demokrasi patisipativ

Anpil fwa yo prezante twa (3) modèl demokrasi: demokrasi reprezantativ, demokrasi patisipativ ak demokrasi dirèk. Demokrasi reprezantativ la, se li menm yo pran pou modèl dominan

sou latè. Se li yo prezante nou pou referans, anpil moun mete nan tèt yo se li ki sèl modèl demokrasi.

Demokrasi vle di pouvwa pèp la, kote se pèp la ki ap egzèse pouvwa a. Lit politik yo se kote pèp la, sektè eksplwate yo ap chache pran pouvwa politik la. Genyen yon istwa ki long dèyè kesyon sa a. Nou jwenn li nan gwo mouvman revolisyon ki te fèt nan peyi Lafrans nan lane 1789. Revolisyon sa a te koupe fache ak sistèm teyokratik lan pou pase ak sistèm repiblikan demokratik lan. Nan sistèm teyokratik la, nou jwenn se yon ti gwoup moun nan sosyete a ki ap pran tout desizyon yo paske, daprè yo, yo genyen relasyon dirèk ak Bondye. Moun sa yo pretann san yo espesyal, se sa ki fè se eritye yo ki dwe toujou dirije. Se sa nou rele *sistèm monarchik, wayalis* oubyen *enperyal* la.

Kounye a lè sistèm nan soti nan teyokratik pou li pase nan demokratik repiblikan, youn nan kesyon ki poze se kijan pou rive konnen volonte tout moun? Apati ki mekanis nou kapab rive konnen volonte tout moun ? Se kesyon sa yo ki mennen koze eleksyon an.

Kèk manti yo ban nou nan chache konnen ki kote demokrasi a kòmanse

Diskou dominan an fè nou konnen demokrasi a sòti nan peyi Lagrès. Men se yon manipilasyon istorik. Paske te gentan genyen anpil lòt pèp espesyalman ann Afrik, kote te genyen yon sistèm ki te avanse anpil sou kesyon patisipasyon popilè a. Nan peyi ki pote non Mali jounen jodi a, nan lane 1210, te gentan genyen lwa sou kesyon dwa moun ak dwa fanm⁶. Kòm se klas ki ap domine yo ki ekri listwa, yo fè yon fason yo efase eritaj yon bann sivilizasyon, yon fason pou yo di se yo menm ki te envante demokrasi.

Revolisyon ki te fèt nan peyi Lafrans lan te genyen yon lòt revolisyon ki kanpe anfas li. Lòt revolisyon sa a te fèt nan sousi pou yo pa t konnen volonte pèp la nan eleksyon. Yo te vini avèk sa yo rele *sifraj sanzitè* a kote se moun ki genyen kòb ki genyen dwa pou vote. Konsa tou fanm pa t genyen dwa pou yo vote. Se apre anpil batay, sitou avèk gwo mouvman *Les Suffragettes*

⁶ Youssouf Tata Cissé, Soundjata, la gloire du Mali, Ed. Karthala, ARSAN, 1991. Yo te pwoklame Chat Mandé a oubyen Manden nan lane 1222 lè yo t ap mete sou pouvwa a Soundiata Keïta, ki se te anperè Mali.

ki te genyen nan peyi Angletè nan kòmansman ventyèm syèk la, yo te vin rekonèt fanm genyen dwa pou yo vote.

Nan peyi Dayiti, se apati 1950, medam yo te mete presyon sou Palman ayisyen an pou li te kapab vote lwa pou rekonèt dwa pou fanm vote nan eleksyon. Kidonk, se ansanm mouvman sosyal sa yo ki te coupe fache ak limit ki te genyen nan egzèsis demokratik la, ki se dwa pou tout moun vote. Paske lè yo te mete fanm yo deyò nan eleksyon yo, se 52% moun nan popilasyon an yo te mete deyò.

Fason eleksyon yo fèt nan peyi Amerik latin yo

Apre endepandans peyi Amerik Latin yo, yo te mete yon pakèt limit nan diferan sistèm politik yo. Youn ladan yo se te pou di moun ki pa konn li ak ekri pa kapab vote. Te genyen plis pase 80% moun nan popilasyon sa yo ki pa t konn li ak ekri. Sa vle di yo te mete plis pase 80% moun nan popilasyon sa yo deyò nan pwosesis elektoral la. Moun nwa ak moun ki sòti nan kominote endyèn, amerendyèn yo pa t genyen dwa vote tou. Se yon ti ponyen moun ki te kapab vote. Kidonk konba demokratik ak populè ki t ap mennen yo, se yon seri konba pou kanpe kont desizyon klas ki ap domine yo te mete. Klas ki ap domine yo te pran desizyon sa yo pou yo te limite patisipasyon popilasyon an nan espas desizyon politik yo. Konba sa yo te travèse tout 18^{èm} syèk la pou rive jounen jodi a.

Nan peyi Venezyela

Nan sa ki konsène demokrasi patisipativ la, genyen yon evolisyon enpòtan ki te fèt patikilyèman ann amerik latin. Chanjman sa yo se rezulta viktwa prezidan Hugo Chavez nan eleksyon ki te fèt nan mwa desanm 1998 la. Youn nan premye pwomès li te fè nan menm moman li t ap prete sèman, li te di li ap prete sèman sou konstitisyon sa a men fòk nou chanje li. Paske se yon konstitisyon neyoliberal ki pa koresponn ak enterè sektè populè Venezyela yo.

Youn nan premye aksyon li te poze, li te fè yon eleksyon pou mete yon asanble ki genyen plizyè sektè ak rejon ki te reprezante ladan li. Asanble sa a te pase yon lane edmi ap prepare nouvo konstitisyon Venezyela genyen la ki pote non *Konstitisyon Bolivaryèn Venezyela*. Youn nan

desizyon yo te pran nan novo konstitisyon sa a se te chanje non peyi a. Yo vin rele peyi a *Republik Bolivaryèn Venezyela*. Se apati novo konstitisyon sa a tou yo te di kijan sistèm politik la dwe fonksyone.

Nan novo konstitisyon Bolivaryèn Venezyela a, Chavez te fè mete yon lwa ki di pèp la kapab revoke moun ki bon nan elekson yo si li fè sa ki pa koresponn ak sa lalwa di. Nan sistèm politik tradisyonèl boujwa a, sitwayen yo genyen pouvwa yon jou chak 5 lane. Sitwayen yo pa kapab revoke manda moun ki bon nan elekson yo kèlkeswa sa yo ta fè, menmsi yo pa respekte pwomès yo te fè.

Prensip pou yo kapab revoke moun ki bon nan elekson yo, Chavez kopye li nan eksperyans politik ki te fèt nan peyi Lafrans ki rele *Commune de Paris* nan lane 1871, kote pwoletarya fransè a te pran pouvwa a pandan 5 mwa. Malgre lame Pris ak Lafrans te fè anpil masak, genyen anpil bagay ki te gentan fèt tankou yon lwa ki di moun ki bon nan elekson yo pa kapab rete sou pouvwa a pou tout tan. Yo te fè kèk lòt chanjman enstitisyonèl enpòtan tou.

Konstitisyon Republik Bolivaryèn lan defini 5 pouvwa: pouvwa egzekitif, pouvwa lejislatif, pouvwa jidisyè, pouvwa elektoral ak pouvwa sitwayen. Dènye pouvwa a bay sitwayen an dwa pou li kapab patisipe nan chanjman desizyon politik yo.

Youn nan chanjman politik revolisyon bolivaryèn nan te pote se sa yo rele pouvwa kominal la. Sa vle di yo te kòmanse konsti sosyalis la apati pouvwa nan komin yo. Komin yo vin reprezante espas kote yo ap egzèse demokrasi a tou. Anpil fwa modèl demokrasi sistèm dominan an prezante kòm sèl kòk chante nan peyi yo rann pòv yo, se yon blòf li ye. Demokrasi sa a la sèlman pou li kenbe repwodiksyon pouvwa klas ki ap domine yo.

Enfliyans demokrasi reprezantativ la nan peyi Dayiti.

Nan peyi Dayiti genyen yon bann enstitisyon ki parèt sitou aprè peryòd dezyèm gè mondal la nan sistèm demokrasi boujwa reprezantativ la. Enstitisyon sa yo fò anpil, yo te menm rive retire plizyè espas pouvwa enpòtan nan men gouvènman ki sou pouvwa a. Pami enstitisyon sa yo genyen FMI (Fonds Monétaire International an franse) ak Bank Mondyal. Kèlkeswa elekson ki fèt yo, gouvènè bank santral la se yon pouvwa endepandan. Li pa anba kontwòl pouvwa egzekitif lan ak

pati politik ki sou pouvwa a. Anplis nan kontra leta siyen avèk FMI an, palman an pa genyen dwa pase gouvènè bank santral la lòd sou valè lajan etranje yo dwe chanje parapò ak goud la, sou kesyon kredi, sou politik bank komèsyal yo genyen.

Nan peyi Kiba

Nan peyi Kiba depite yo pa touche ni yo pa genyen okenn privilèj. Se yon sèvis yo ap rann nasyon an. Yo negosye ak antrepriz kote yo ap travay yo yon fason pou yo genyen tan pou fè travay palman an tou. Paske apati moman yon moun antre nan sistèm privilèj la, se plis moun sa a ap separe ak fason popilasyon an ap viv, epi se plis li ap konekte ak aspirasyon klas dominan yo.

Nan peyi Bolivi

Nan peyi amerik latin yo, genyen travay ki ap fèt pou oryante leta nan sans pou li aksepte diferans. Leta Bolivien an pa sèlman reprezante yon nasyon men li konsidere tout divèsite ki egziste nan mitan popilasyon an tankou richès ak valè. Se Evo Morales ki te vini avèk mo *leta plirinasyonal* la. Se yon mo ki wè konstriksyon leta a diferan pa rapò ak lojik oksidental dominan an, ki toujou reprezante tèt yo tankou yon referans nan zafè sivilizasyon. Nan mouvman pwogresis amerik latin lan, sitou apati viktwa elektoral Hugo Chavez nan mwa desanm 1998 la, genyen anpil pwogrè ki te fèt nan patisipasyon pèp amerendyen yo sou plan politik. Se te premye fwa nan palman Venezyelyen an te genyen reprezantan pèp amerendyen an. Kidonk, genyen gwo pwogrè ki fèt nan poze yon pakèt kesyon sou modèl leta santralize a ki chita sou divizyon kolonyal ki di genyen moun sivilize ak moun yo di ki rele sovaj yo. Se yon leta ki genyen kòm referans sivilizasyon kapitalis ewopeyen oksidental lan. Jodi a pi gwo defi nou genyen, se kijan nou kapab envante yon modèl politik kote se sektè popilè yo, sektè eksplwate yo ki genyen pouvwa a, yon fason pou yo bay leta a yon lòt oryantasyon.

Diskisyon ak kòmantè

1-Genyen yon pakèt moun ki deplase kite zòn yo akoz gè gang yo. Kounye a, kijan sistèm elektoral la kapab pèmèt moun sa yo vote nan eleksyon yo pa rapò ak fason repatisyon biwo vòt yo konn fèt?

- Sou zafè distribisyon biwo vòt yo, leta ta dwe fè resansman epi fè yon pase men nan sitèm elektoral la yon fason pou li kapab adapte ak tout deplasman popilasyon an ap fè sou teritwa a ak sikonskripsyon elektoral yo. Se yon fason pou pèmèt genyen biwo vòt ki pi pre popilasyon an pou moun ki deplase yo kapab vote san difikilte.

2- Yon ti rapèl sou diferans ki genyen ant demokrasi dirèk ak demokrasi patisipativ.

- Genyen yon bann enstitisyon tankou FMI ak Bank mondyal ki souvan manipile mo patisipasyon an. Sa konn rann li flou pou yon seri moun. Demokrasi dirèk la se pa yon ti gwoup moun tankou senatè ak depite ki reprezante pèp la ki ap vote epi pran desizyon pou li. Se pèp la ki patisiye nan asanble epi pran desizyon ki konsène li dirèkteman.

3- Nan sektè popilè a, pa genyen yon lidèchip kolektif, se sa ki fè nou ap soufri konsa. Manke yon travay sensibilizasyon, sitou nan seksyon kominal yo pou nou kapab chavire sistèm nan epi mete kanpe yon lòt leta.

-Sou kesyon lidèchip kolektif nan mitan fòs pwogresis yo, se yon kesyon ki vrèman enpòtan. Pou sa rive fèt, nou dwe kreye espas ki pou pèmèt nou rapwoche youn ak lòt pou nou rive konstwi yon vrè inite. Se yon inite estratejik ki dwe konstwi sou baz yon pwojè, yon vizyon ak yon chanjman revolisyonè.

4-Sitiye plenyen ki genyen nan nivo konsyans yo. Sa vle di genyen yon premye plenyen ki fè pwoblèm, genyen yon dezyèm pleyen ki kapab debouche sou yon altènatif revolisyonè. Nan ki moman dezyèm plenyen an kapab debouche sou yon altènatif revolisyonè?

-Sou plenyen ki genyen nan nivo konsyans yo, menm jan Collette Humbert te imagine li nan refleksyon li te fè a, apati twazyèm nivo konsyans lan, genyen plenyen ak denonsyasyon tou. Se pa yon plenyen pasif ni reziyasyon. Nan denyè nivo konsyans lan, genyen yon modèl ki eksplike ki kote mizè a sòti epi genyen pwopozisyon ki di men kijan nou kapab sòti ladan li. Nan nivo sa a,

nou kwè chanjman an posib men se konstwi pou nou konstwi li apati estrateji ak batay konkrè. Se rapwochman ak alyans ki ka pèmèt nou konstwi estrateji revolisyonè sa a.

5-Ki novo diskou oubyen konsèp nou kapab itilize pou nou evite konfizyon ki genyen jeneralman sou konsèp demokrasi a, lè nou di demokrasi pou li pa tou oryante nou nan modèl demokrasi oksidental la?

- Anpil fwa mo demokrasi a fè pati yon imajinè kolonyal. Paske, anpil fwa lè nou ap pale sou kesyon sa a, se modèl eleksyon ki ap fèt Etazini oubyen Lafrans yo ki vini nan tèt nou. Si nou mete mo demokrasi a nan rasin li, li pèmèt nou poze kesyon sou sa yo prezante nou kòm modèl demokrasi a. Men genyen lòt tèm nou kapab itilize nan plas li. Nan peyi Tannzani ann Afrik, genyen yon tèm yo konn itilize ki se *UJAMAA*. Se yon konstriksyon demokratik ki fèt apati vilaj yo, men epòk neyoliberal la fè yo blyi si *UJAMAA* a te prezante yon pakèt pwopozisyon altènativ ekonomik ki enpòtan. Genyen planifikasyon ki ap fèt pou yo wè si yo kapab etidye tèm sa a nan inivèsite nan peyi Tannzani. Li t ap entèresan si li vini pi popilè pase tèm demokrasi a, paske li se yon kritik sou imajinè kolonyal la ki pi radikal.

6-Eksperyans demokratik ki te fèt nan peyi Bolivi ak Venezyela a, se yon seri eksperyans ki kapab sèvi nou kòm sous enspirasyon paske yo te vini avèk yon pakèt mekanis politik ki kapab pèmèt sektè popilè yo patisipe nan desizyon politik yo. Sitou parapò ak tout sa nou pataje ansanm ak pèp sa yo. Òganizasyon oubyen ekip ki te rive mete mekanis sa yo sou pye, genyen yon moman nan pwosesis lan yo t ap aprann kisa aparèy leta a ye. Nan ka Venezyela a, Chavez se te yon militè, li te konnen lame a se yon espas estratejik li ye nan aparèy leta a.

-Anplis aprantisaj aparèy leta a genyen aprantisaj pwosesis elektoral yo tou. Chavez ak Lula te kandida déjà, yo pèdi yon seri okazyon anvan yo te reyisi pran pouvwa leta a pou yo te fè transfòmasyon yo rive fè jounen jodi a. Nou menm òganizasyon ann Ayiti ki ap goumen pou rive nan nivo patisipasyon sa a, fòk nou mete nou nan pozisyon pou nou fè fòm aprantisaj aparèy sa yo, menmsi se pa nan nenpòt kondisyon. Anpil fwa, nou menm ann Ayiti, jan nou poze kesyon transfòmasyon aparèy leta yo, genyen kèk moun ki panse se pran pouvwa yon sèl kou pou sistèm nan pa bwè ou. Alòske, genyen eksperyans istorik ki montre kapab genyen aprantisaj aparèy leta a ak pwosesis elektoral yo.

**KÈK EKSPERYANS DEMOKRASI PATISIPATIV
KI KALE NAN BATAY**

Eksperyans Asanble popilè *Nuits Debout* nan peyi Lafrans.

Nuit Debout se yon eksperyans ki te pran fòm asanble popilè nan peyi Lafrans nan kontèks lit sosyal ak popilè yo nan lane 2016. Plizyè moun te reyini epi okipe plizyè plas piblik chak aswè pandan plizyè jou. Mouvman sa a te kòmanse avèk yon pakèt mobilizasyon manch long nan lari kont yon lwa ki te genyen rapò ak ouvriye yo. Lwa sa a te rele *lwa El Khomri*, li te pote non Minis Myriam El Khomri, se yon lwa ki pa t antre nan kad enterè travayè yo. Mobilizasyon ki t ap fèt nan lari a kont lwa sa a te pran yon lòt fòm. Se konsa nan dat 31 mas 2016 la, moun ki t ap manifeste yo te okipe yon plas piblik pandan tout nwit la. Nan demen ki te premye avril, moun yo te deside batize jou sa a 32 mas, kòm yon senbòl pou di yo te fè tout nuit la kanpe sou pye yo. Mouvman sa a te gaye nan tout peyi a, pèp la te kontinye okipe plizyè lòt espas piblik. Mouvman sa a te rasanble travayè, moun ki p ap travay, moun ki nan klas mwayèn nan ak klas popilè yo. *Nuit debout* pa t sèlman rete nan kad kontestasyon kont lwa *El Khomri* a, li te ale pi lwen pou li te konteste sistèm nan globalman. Okipasyon espas piblik yo te senbolize prezans pèp la nan espas sa a yo, sitwayen yo te konn fè deba pou poze tout lòt pwoblèm ki konsène sosyete a epi reflechi ansanm sou yo. Se te yon espas edikasyon politik tou, te genyen plizyè ansyen militan ki te enplike nan mobilizasyon epi ki sòti nan diferan jenerasyon ki te konn rankontre epi pataje eksperyans politik yo nan deba yo. Mouvman sa a te nan yon dinamik jefò, pou mete sou kote tout pati politik ak tout gwoup òganize ki te vini pou yo te konstwi enfliyans yo sou anbyans ki te genyen an. *Nuits debout* se yon eksperyans ki te antre nan kontestasyon ak tout fòm otorite pandan yo t ap eseye konstwi yon lit ki granmoun tèt li ki kapab fè mouvman sa a ale pi lwen.

Mouvman rekiperasyon izin yo nan peyi Ajantin

Nan lane 2001, te genyen yon gwo kriz ekonomik ki t ap taye banda nan peyi Ajantin, aprè gouvènman an te antre nan politik likidasyon antrepriz piblik yo bay sektè prive a. Aplikasyon politik baryè lib la te fè Ajantin tonbe nan yon gwo kriz kote ekonomi an te kraze plat, peyi a te plonje nan mizè, anpil moun te nan grangou epi yo pa t kapab jwenn travay. Sitiyasyon sa a te lakòz yon pakèt gwo mouvman leve kanpe ak yon seri nouveau fòm mobilizasyon ki te rele *Los Piketeros*. Ajantin te vin ap viv yon sitiyasyon enstabilite politik kote genyen kat (4) prezidan ki te pase sou pouvwa a nan yon peryòd de (2) mwa a. Pandan Ajantin t ap fè fas ak kriz sa a, sistèm labank lan te kraze nèt, anpil moun te pèdi lajan yo te genyen sou kont yo.

Ajantin se youn nan peyi ki plis endistriyalize nan Amerik latin nan, li genyen yon pakèt gwo antrepriz. Genyen anpil nan antrepriz sa yo ki te sou kontwòl ewopeyen yo, lè pwopriyetè antrepriz sa yo wè ekonomi peyi a kraze konsa, yo wè antrepriz yo p ap kapab kontinye fonksyone. Anpil nan pwopriyetè yo fèmen antrepriz yo, pou yo tounen nan peyi yo, men yo te kite tout materyèl ak enfastrikti yo. Pandanstan mouvman sosyal ak popilè a te nan lari, ouvriye yo òganize yo epi yo kreye yon mouvman ki rele : *mouvman rekiperasyon antrepriz yo*. Lè ouvriye yo te tounen nan espas travay yo pou yo kontwole sistèm pwodiksyon antrepriz yo, polisyè te eseye mete yo deyò, men yo te kanpe batay kont polisyè yo jiskaske yo te rive pran antrepriz yo. Pratik sa a te gaye nan tout peyi a, ouvriye yo te rive pran 331 antrepriz. Ouvriye yo te rive chanje modèl jesyon antrepriz yo, se plizyè asanble travayè ki ap jere izin yo, se nan asanble yo yo pran tout desizyon pou fonksyònman antrepriz yo. Ouvriye yo te rive fè plis ogmantasyon richès ak pwodiktivite nan antrepriz yo t ap jere yo. Yo te rive chanje mòd relasyon antrepriz sa yo ak sosyete Ajantin nan (yo te patisipe nan anpil zèv kominotè, yo mete krèch anndan antrepriz yo pou fanm ki genyen timoun yo kapab vin travay avèk yo).

Eksperyans sa a te pote yon transfòmasyon radikal nan egalite salaryal la, sa vle di pa genyen okenn moun ki touche plis kòb pase yon lòt nan antrepriz yo. Ouvriye yo te touche sou baz kantite benefis ki antre yo ak kantite lè yo travay. Nan eksperyans sa a, ouvriye yo te rive mete an kesyon koze pwopriyete a. Nan sans sa a, te genyen yon seri diskisyon pou yo konnen si antrepriz sa yo ap nasyonalize, osinon si yo ap toujou rete sou kontwòl yo menm ouvriye. Eksperyans sa a sanble ak yon grèv ki te fèt nan lane 1964, kote ouvriye yo te fè yon grèv epi yo te deside okipe espas yon izin. Lè Ajantin sòti nan kriz lan, ansyen pwopriyète antrepriz yo tounen nan peyi a epi yo te mennen gwo batay pou pran izin yo nan men travayè yo. Malgre tout gwo batay ki kontinye ap fèt yo, rejim pwogresis anplas la kore travayè yo, yon fason pou se yo menm ki kontinye jere izin yo.

Jesyon kominis nan zòn Kerala nan peyi End depi 1957

Kerala se yon pati nan sid peyi End lan ki genyen anviwon 31 milyon moun ki ap viv sou teritwa a. Depi lane 1957, li sou kontwòl yon pati kominis.

Eksperyans sa a te kòmanse ak yon gwo refòm agrè ki te pèmèt 85% peyizan pòv nan Kerala jwenn tè pou yo travay. Pati kominis la te rive chanje reyalite Kerala nan nivo sosyal epi li te rive chanje kondisyon lavi moun yo. Genyen yon gwo diferans ant reyalite ki genyen Kerala a ak tout rès peyi End lan nan plizyè domèn. Kerala genyen yon endis devlopman ki pi fò pase endis devlopman tout rès peyi a. Kerala genyen plis pase 3000 lopital ki reprezante 20% lopital ki genyen nan tout peyi a, 330 kabann pou 1000 moun tandiske nan tout rès peyi a se 0.7 kabann pou 1000 moun. Kerala genyen yon sistèm piblik sante inivèsèl gratis, efikas epi moun yo rive viv 77 lane pou pi piti, nan tout rès peyi End lan moun yo pa menm rive viv 57 lane. Anpil nan akouchman yo fèt nan lopital (95%), sa ki pèmèt kantite timoun mwens pase yon lane ki mouri yo bese anpil. (sou chak 1000 timoun se 12 sèlman ki mouri). Nan lòt pati peyi End lan menm 57 timoun ki mouri sou 1000. Nan sa ki genyen pou wè ak magazен leta, Kerala genyen pi gwo ajans komèsyalizasyon ak pwodwi premye nesesite yo, sa ki pèmèt popilasyon an genyen aksè ak tout pwodui sa yo nan yon pri ki pi ba. Edikasyon an gratis nan tout dimansyon (liv, inifòm, manje ak transpò gratis) epi li obligatwa, 98% timoun yo genyen aksè pou yo ale nan yon lekòl ki nan mwens pase 2 kilomèt ak lakay yo. Rezulta politik sa a bay yon pouvantaj 92% moun nan popilasyon an ki konn li ak ekri, nan tout rès peyi a se 48% fanm epi 60% gason ki konn li ak ekri.

Sa pa vle di Kerala se yon paradi, men jesyon kominis ak sosyalis ki fèt yo pèmèt genyen yon sitiyasyon ki differan ant reyalite moun ki ap viv Kerala yo ak moun ki ap viv nan rès peyi a. Se yon pouvwa kominis ki rive bay yon rezulta konsa, malgre li twouve li nan yon leta ki globalman kapitalis. Pati kominis la rive konstwi yon mouvman mas dinamik ki reprezante yon gid pou rès mouvman sosyal yo nan peyi End lan. Sòti lane 1957 pou rive jounen jodi a, se pati kominis la ki kontwole Kerala epi yo toujou kenbe idantite pwojè kominis ak sosyalis la. Sou tout peryòd sa a, yo te pèdi eleksyon nan minisipalite a pandan de fwa sèlman. Se pati kominis la ki kontwole zòn sa a.

Eksperryans Demokrasi patisipativ nan rejyon Chiapas ki twouve li ant fwontyè peyi Meksik ak Gwatemala

Nan dat premye janvye 1994, genyen yon gwoup sòlda ki nan yon òganizasyon ki rele Lame Zapatis Liberasyon Nasyonal (EZLN nan lang panyòl la) ki te leve kanpe pran zam pou yo batay. Gwoup sòlda sa yo te kontinye ak revandikasyon Emiliano Zapata t ap mennen nan kòmansman ventyèm syèk la.

Gwo leve kanpe sa a te fèt nan yon kontèks mondal kote Linyon Sovyetik te kraze, sistèm kapitalis ak neyoliberal la t ap selebre viktwa ak triyonf yo, Etazini menm te kreye yon pwojè estratejik dominasyon sou kontinan an ki rele ZLEA (Zone de Libre Échange des pays de l'Amerique nan lang franse). Etazini te mete pwojè sa a sou pye nan lojik pou ekonomi tout peyi nan Amerik latin nan te sèvi tchoul pou bay bourad nan enterè gwo antrepriz ameriken yo. Lame Zapatis Liberasyon Nasyonal la te leve kanpe pou mennen batay kont triyonf neyoliberalis ak sistèm kapitalis la. Yo te leve kanpe nan yon rejyon ki rele Chiapas, se yon zòn pòv nan peyi Meksik ki twouve li sou fwontyè peyi meksik ak Gwatemala. Nan soulèvman sa a, yo te rive okipe 5 komin differan nan rejyon Chiapas la, lame Meksik la pa t pare pou te kanpe kont yo paske se te yon mouvman bridsoukou. Nan tout zòn yo te okipe yo, yo te kreye seksyon kominal otonòm. Nan lane 2003, yo te rive kreye 60 seksyon kominal otonòm, ki pa genyen okenn rapò ak leta meksiken an. Seksyon kominal sa yo pa sou kontwòl leta, yo pa peye taks, yo pa resevwa lajan nan men gouvènman meksiken an tou. Lame meksiken an pa kapab rantre sou teritwa yo tou. Yo ap jere epas sa a nan yon fason ki differan parapò ak rès sosyete a.

Zapatis yo te rive chanje mòd jesyon seksyon kominal otonòm yo, sa a te bay anpil rezulta enteresan sou plan sosyal tankou: otonomi zòn sa yo ak fason yo te rive amelyore kondisyon lavi moun yo. Zapatis yo te rive pote eksperyans lan nan yon nivo mondal, epi yo te rive defini espas teritwa zapatis la kòm yon tèritwa altènatif fas ak kapitalis dominan an. Se eksperyans sa a ki te deklannche gwo mobilizasyon mouvman populè yo te fè nan Amerik latin nan pou chavire inisyativ ZLEA a.

Jounen jodi a, Zapatis yo ap mennen gwo batay kont yon seri pwojè pou fè eksplwatasyon min nan zòn nan. Pou yo kapab mennen batay sa a, yo ap eseye òganize yo apati 60 seksyon kominal otonòm yo te kreye yo, yon fason pou kwape gwo pwojè minyè Leta Meksiken vle mete sou teritwa a. Genyen lòt zòn nan peyi Meksik la ki ranmase menm eksperyans zapatis yo te fè nan rejyon Chiapas la. Nan kapital peyi Meksik la, genyen 7 komin otonòm sosyalis ki nan yon dinamik pwojè revolisyonè.

Eksperyans gouvènans patisipatif kèk meri nan komin Karis nan Nòdès peyi a.

Karis se yon komin ki nan depatman Nòdès peyi a. Nan lide pou kapab ranfòse tout inisyasiv lokal nan zòn nan epi pou kapab genyen plis dirijan ki angaje yo nan kesyon developman lokal, kèk sitwayen te mete sou pye yon òganizasyon ki rele SKDK (Sant pou Kilti ak Developman Karis). Òganizasyon sa a te kòmanse fè fòmasyon pou jèn gason ak jèn fanm nan komin nan pou yo te kapab ajan fasilitatè epi akonpanye popilasyon an nan pòs rasanbleman yo. Se moun sa yo ki te vin dirijan anndan lokalite yo tou. Pou yo te kapab monte plan developman patisipatif lokal Karis la, SKDK te òganize yon seri fòmasyon chak semèn pou ajan fasilitatè yo sou kesyon developman lokal la. Moun ki t ap fè fòmasyon sa yo se yon seri pwofesyonèl ki te konn soti Pòtoprens ak kad lokal SKDK te fòme espesyalman pou ankadre ajan fasilitatè yo. Dinamik developman lokal patisipatif la te kòmanse avèk otorite lokal yo tankou : kazèk ak azèk nan chak seksyon kominal yo ak konsèy minisipal la. Tout moun sa yo te chita ansanm pou yo reflechi sou kijan yo pral mete plan developman lokal patisipatif la sou pye. Pou kòmanse, SKDK te fè yon evaliyasyon jeneral sou Karis epi yo te mennen ankèt bò kote popilasyon an pou yo te kapab ranmase enfòmasyon pou konnen opòtinite ak mesas ki genyen anndan kominote a. Aprèsa genyen yon gwoup moun ki te chita reflechi ansanm sou kòman yo ap monte yon plan pwojeskyon sou karis, soti lane 2008 pou rive 2023. Se avèk plan sa a, yo te rive monte yon plan developman lokal patisipatif sou lane 2008 pou rive 2012. Parapò ak tout refleksyon ki te fèt pou travay la te kapab bay rezulta, te genyen yon komite pilotaj ki genyen ladan li: moun nan sosyete sivil la, yon reprezantan meri karis la, yon reprezantan kazèk ak azèk nan chak seksyon kominal yo; yon reprezantan nan chak sektè sa yo: medsin tradisyonèl la, medsin konvansyonèl, platfòm agrikòl la, platfòm edikasyon an, sektè fanm nan, sektè jèn ak asanble minisipal la. Komite sa a te genyen responsablité pou chache resous yo. Nan developman lokal patisipatif la, nou te rive tabli yon dinamik mobilizasyon nan kominote a, popilasyon Karis la te patisipe nan tout desizyon ki ap pran yo, nou te rive mete kanpe plizyè platfòm ak estrikti sosyal tankou : yon sant pwofesyonèl ak plizyè lòt konstriksyon nan seksyon kominal yo. Pan developman te genyen anpil limit tou : nou pa t rive vilgarize eksperyans lan yon fason pou moun nan lòt depatman yo te kapab konnen eksperyans sa a, nou te kòmanse travay sou yon plan developman entèkominal nan tout depatman Nòdès la men pou rezon politik nou pa t abouti ak bèl lide sa a.

Travay ki t ap fèt nan Karis la se te pèmèt otorite lokal ki sòti anndan mas pèp la milite anndan yon estrikti politik. Travay sa a te fèt nan yon dinamik pou kreye bay espas pou pèp la patisipe nan defini pwoblèm yo jiskaske nou te rive mete kanpe yon plan ansanm. Nou dwe batay pou dinamik sa egziste, pou popilasyon an genyen responsablité pa li nan politik peyi a. Tankou jan Berthony Pierre Louis di 1 nan youn nan mizik li yo: « si nou konn sa nou ap chache, si nou konn kote nou prale, toutan nou pa rive, batay la fenk kòmanse »

Diskisyon ak kòmantè

- 1- Efektivman Chiapas se prèske yon mwatye peyi. Yo pa genyen rapò ak leta klasik la ditou, menm lekòl yo. Dayè lè jèn yo fin fè etid klasik yo, se Kiba yo ale fè etid inivèsité yo. Genyen yon gwoup peyizan Chiapas ki te vin fè yon vizit ann Ayiti, yo te vizite yon seri kominate peyizan nan diferan kote nan peyi a, nan lide pou yo te kapab wè kijan reyalite peyizan yo ye nan yon peyi tankou Ayiti. Aprè vizit sa a, yon gwoup peyizan ayisyen te genyen pou vizite Chiapas tou, men anbasad meksiken pa t deside bay gwoup peyizan sa yo viza. Se t ap yon bèle ekspiryans pou gwoup peyizan sa yo, men vwayaj la pa t rive fèt.
- 2- Ekspiryans devlopman patisipatif nan komin Karis la te plis genyen yon aspè administratif, li pa t twò antre nan aspè politik la menm jan ak lòt ekspiryans ki te prezante yo.
- Ekspiryans la plis genyen yon aspè administratif vre. Li montre nou kòman yo te rive monte yon plan kominal. Men avèk plan sa a, yo te rive konstwi yon dinamik transparans sou tout sa ki t ap fèt yo avèk yon koneksyon ant konsèy minisipal la, kazèk yo, azèk yo ak tout platfòm yo te rive mete kanpe yo. Ekspiryans sa a te rive devlope rapò ant moun ki ap dirije yo ak popilasyon an. Youn nan limit plan devlopman patisipatif la genyen se sou plan politik la. Nouvo rapò sa a pa t rive patisipe nan konstwi yon rapò fòs ki te kapab mennen nan chanjman pou rive atake lòd sosyal ki te tabli a. Parapò ak kote komin Karis twouve li nan Nòdès la, genyen bagay ki bon nou kapab konsidere nan ekspiryans sa a. Nou konnen kisa depatman Nòdès la reprezante nan tout gwo envestisman lajan ki ap fèt nan peyi a, men malgre sa ekspiryans devlopman lokal patisipatif la te genyen pwojè pou li rive pi lwen pou li te kapab rive konekte depatman Nòdès la ak depatman Nò a epi Plato santral.
- Nou kapab gade èske ekspiryans sa a te genyen yon pwojè politik ki te konekte avèk li, nan kisa transparans ki te genyen an te rive deranje oubyen atake lòd sosyal ki te tabli a epi kijan yon ekspiryans ki te anrasinen konsa pa rive repwodui tèt li pou li te kapab rive pi lwen.
- Menmsi genyen anpil travay ki te fèt nan nivo lokal Karis la sou jesyon patisipatif ak transparans la, li enpòtan pou tout dinamik konsa enskri nan yon rapò ki genyen dimansyon global nan alyans ak fòs politik. Ekspiryans komin Karis la te dwe antre nan kad yon pwojè politik ki laj. Men nou pa remake yon preyokipasyon konsa nan ekspiryans lan.

- 3- Kòman nou menm Òganizasyon Popilè ann Ayiti yo kapab pran eksperyans sa yo pou mete kanpe yon leta ki konsidere bezwen baz yo ak reyalite nou menm pèp ayisyen ap viv chak jou a?
- Eksperyans sa yo kapab sèvi kòm sous enspirasyon pou lit popilè yo ann Ayiti, men nou menm kòm moun ki viv eksperyans sa yo pa kapab vini pou nou di nou ap fè menm bagay la nan peyi Dayiti. Paske se konbinezon yon pakèt faktè ki fè yon eksperyans kapab reyisi. Eksperyans youn oubyen kèk moun rive obsèvre osinon viv nan yon lòt espas pa sifi pou rive konstwi eksperyans ki ale nan menm sans lan pou bay bon rezulta ann Ayiti. Eksperyans sa yo te rive reyalize paske genyen batay ki t ap mennen epi genyen òganizasyon ki t ap pote batay sa yo tou. Jan nou te wè eksperyans *Nuits debout* a kòm yon mouvman ki te genyen yon pozisyon kont gwoup òganize yo, li te pase tankou yon dife pay mayi parapò ak lòt eksperyans yo, ki te genyen òganizasyon ki t ap pote yo. Konba nou ap mennen ann Ayiti yo genyen lyen dirèk ak sa nou rive konstwi kòm rapò fòs nan batay nou ap mennen yo.
 - Pa genyen okenn posiblite pou yon pèp kopye eksperyans yon lòt pèp. Se toujou ideyoloji dominant lan ki ap fè wout li nan kesyon kopye eksperyans lòt pèp la. Sa ki enpòtan anpil, se pou nou kominike eksperyans yo paske yo genyen anpil bagay pou nou aprann nan yo. Youn nan bagay ki enpòtan anpil nan kesyon eksperyans yo, kèlkeswa sitiyasyon an klas popilè yo genyen posiblite pou yo rive konstwi rezistans yo epi pou bay repons pa yo.
 - Youn nan lòt bagay nou konsidere ki enpòtan tou, moman revolisyon yo se moman ki pèmèt nouvo lide oubyen valè parèt. Eksperyans zapatis la ak eksperyans rekiperasyon travayè yo te fè sou izin yo nan peyi Ajantin lan, yo pèmèt nou kase yon seri lide oubyen eleman nan ideyoloji dominan an (Sistèm kapitalis la fè yon pakèt travay sou kijan òganizasyon travay nan izin dwe ye, li vin tounen yon ideyoloji ki dominan). Komin zapatis yo pa t antre nan lojik dominan sa a, epi eksperyans izin nan peyi Ajantin yo montre nou kijan travayè yo te rive fè izin yo fonksyone byen epi bay bonjan rezulta ekonomik nan yon lòt lojik òganizasyonèl. Apati de (2) eksperyans sa yo, nou wè se yon lòt lojik nan òganizasyon batay ak òganizasyon travay la. Se lide sa yo ki enpòtan lè nou ap eseye konstwi altènativ ak pèspektiv enpòtan yo.
 - Solidarite entènasyonal la oubyen solidarite nan mitan pèp yo se yon bagay ki fondamantal nan dinamik batay la. Lè boujwa yo ap travay pou yo fè envestisman, nasyonalite a pa vle

di anyen pou yo. Nan batay nou ap mennen yo, solidarite entènasyonal la enpòtan anpil pou nou. Li ap pèmèt nou konstwi batay revolisyònè a epi depase yon seri valè nasyonalis boujwa ki souvan anpeche nou ale pi lwen.

- 4- Ekspiryans devlopman patisipatif karis la bay yon konfizyon. Li pa montre aklè èske se nan yon demach devlopman kominotè oubyen nan yon demach devlopman lokal li te fèt. Nan devlopman kominotè a, sosyete sivil la pa vrèman genyen yon koneksyon avèk diferan estrikti leta a, kote se leta menm ki pote devlopman an. Devlopman lokal la li menm li pa souvan antre nan dimansyon yon politik transfòmasyon lòd sosyal ki tabli a.
Kontradiksyon sosyal yo pa parèt nan ekspiryans sa a tou, nou konnen kijan leta t ap fè dappiyant sou anpil tè peyizan yo pou bay yon seri konpayi fè gwo envestisman.
- Ekspiryans komin Karis la te plis nan yon dimansyon teknik, li pa t chita sou yon dimansyon politik vre. Parapò ak resous ki te genyen sou teritwa a, yo pa t gade kijan resous sa yo te kapab rive pataje pou byennèt tout moun ki ap viv sou teritwa a. Ekspiryans sa a te plis nan yon pèspektiv teknik men li te rive rasanble yon pakèt aktè pou reflechi ansanm sou reyalite y ap viv yo. Si ekspiryans sa a te pèmèt aktè yo genyen yon konsyans politik, nan lane 2015 rejim PHTK a pa t ap kapab kraze mouvman sa a pou anpeche li rive pi lwen.
- 5- Anpil fwa nou pa genyen memwa sou tantativ mouvman sektè pwogresis yo fè ann Ayiti, sitou pandan dènye lane yo. Lè nou ap chache altènativ, li enpòtan pou nou fouye nan ekspiryans sa yo.
- 6- Jan demokrasi boujwa reprezantatif la konstwi espas elektoral la, li pa pèmèt moun ki ap vote yo vote parapò ak reyalite yo ap viv, anpil fwa vòt yo plis emosyonèl. Genyen yon pakèt fòs ki ap jwe dèyè elekson yo ki fè vòt yo pa vrèman ale enterè moun ki ap vote yo. Nan jan elekson yo òganize jounen jodi a, li se yon eleman k ap twouble chanjman estriktirèl ki ta vle fèt nan nivo kominal yo.
- 7- Anpil nan òganizasyon popilè ayisyen yo sitou òganizasyon ki nan Pòtoprens yo, yo nan tout mobilizasyon, manifestasyon sitin san yo pa vrèman konekte ak mas yo. Dinamik lokal global la pa kapab konstwi sou baz yon pwojè si òganizasyon popilè yo pa fè yon sèl ak mas yo. Tout òganizasyon popilè yo dwe geneyn relasyon ak mas yo nan yon nivo reprezantasyon nan espas pouvwa yo.

Konferans ak deba sou 107 lane dominasyon Etazini sou Ayiti

Entèvenan: Georges Eddy Lucien

Se vre edisyon 2022 invèsite populè a te konsantre sou batay mouvman sosyal ak populè yo te mennen sòti 1986 pou rive jounen jodi a, li te enpòtan pou nou te fè yon kout je sou peryòd okipasyon ameriken ki te fèt nan dat 28 jiyè 1915 lan. Paske peryòd sa a te genyen gwo konsekans sou batay mas yo, patikilyèman mouvman peyizan an.

Dat 28 jiyè a reprezante yon moman enpòtan nan listwa peyi dayiti. Li make premye lokipasyon blan meriken sou sòl peyi Dayiti. Se yon moman kote peyi Dayiti te vini pi depandan epi ekonomi an te tonbe plat. Blan meriken yo te pran kontwòl tout estrikti ak enstitisyon nan peyi a. Depi nou ap pale sou politik ekonomik ak depandans peyi Dayiti, nou dwe tounen nan lane 1915 la. Anplis peryòd sa a dwe tounen yon memwa pou jèn yo konnen tout fòm rezistans ki te genyen nan epòk la.

Jeneralman, lè yo ap pale sou lokipasyon, toujou genyen 2 diskou. Youn ki ap sikile nan peyi ki bezwen vin fè okipasyon an pou moun lakay yo dakò. Konsa, yo toujou itilize yon bann ekspresyon pou blofe moun tankou: pote modènizasyon ak devlopman. Genyen yon lòt diskou pou yo fè peyi yo bezwen okipe a aksepte okipasyon an.

Se pa an 1915 okipasyon blan meriken yo te kòmanse dirèkteman. Anvan sa, yo te kòmanse kontwole pò yo, paske pwopriyetè bank yo te panse youn nan pi bon mwayen pou yo kontwole ekonomi an se pran kontwòl pò yo. Se aprè blan meriken yo pral rann yo kont fòk yo fè okipasyon. Nan menm lide a, genyen plizyè fason yo prezante epi rakonte okipasyon an. Peyi ki ap vin fè okipasyon an rakonte li nan pwòp fason pa li, entèlektyèl ki ap sipòte okipan an genyen fason li rakonte li epi pwogresis yo genyen fason yo rakonte li tou. Nan sans sa a, genyen 2 griy yo itilize pou yo pale sou okipasyon an. Premye a fè relasyon ant enstabilité politik ak okipasyon. Dezyèm nan mete ann avan dominasyon politik amerikèn nan, menmlè yo di se ekonomi. Genyen yon lòt griy lekti ki montre kesyon politik lan se pa dènye objektif la, se pito mwayen pou atenn objektif ekonomik ki dèyè okipasyon an.

Entèvenan : Jean Henol Buteau

Daprè anpil moun, okipasyon blan meriken nan lane 1915 la, se rezulta dezòd politik ki te genyen nan peyi a anvan 1915. Li pa sèlman rezulta sa ki t ap pase anndan peyi a, li se ekspresyon sa ki t ap pase aletranje tou patikilyèman Etazini. Se te peryòd lagè sesesyon. Se te yon gè, malgre anpil moun te mouri ladan li, Etazini te soti ranfòse. Peryòd sa a te louvri pòt tou pou sistèm kapitalis la Etazini, paske li te elaji mache ameriken an. Lòt eleman nou kapab konsidere ankò se doktrin yon prezidan ameriken ki rele Monroe ki te di lòt kontinan yo pa genyen dwa pou kontwole osinon domine kontinan ameriken an. Menmsi li lwen parapò ak peryòd nou ap pale a, nan moman doktrin sa t ap elabore a, li pa t pou pran tèritwa, se te pou defann tèritwa li te ye. Se aprè li te vin yon doktrin enperyalis.

Lojik enperyal Etazini an pa t kòmanse ann Ayiti. Nan lane 1912, Etazini te rantre nan peyi Nikaragwa pou yo te kapab fè sa ki vin kanal Panama jounen jodi a, anvan sa li te rele kanal Nikaragwa.

Kidonk, okipasyon 28 jiye 1915 lan te gentan kòmanse nan lòt peyi. Menm ann Ayiti, okipasyon an te kòmanse avan 1915. Nan lane 1906, sou prezidan Nò Aleksi, Etazini te kreye konpayi nasyonal chemennfè. Aprè sa yo te pase li bay Konpayi Mc Donald nan lane 1910. Konsa, tout tè yo te itilize pou tren yo te pase, Etazini te anfème chak kawo yo pou yon dola ameriken chak lane, epi li te pran 20 kilomèt nan chak bò wout tren yo. Mete sou sa, nan desanm 1914, militè ameriken yo te antre nan bank santral epi pote ale rezèv lò peyi a sou pretèks pou yo pwoteje enterè aksyonè ameriken yo.

Nan menm lide a, nou kapab poze tèt nou kesyon poukisa okipasyon 1915 lan se li ki pi long, pi brital epi li te fè plis masak? Poukisa se li ki fèt avèk mwens envestisman parapò ak lòt peyi yo? Paul Moral eksplike nou pandan lokipasyon an, yo te menm anpeche ameriken vini envesti nan peyi Dayiti. Nan istwa Dayiti, pwopriyete fondamantal la se latè. Aprè lagè endepandans, 90% tè yo te pou leta. Menmsi aprè, leta te vin separe tè bay kèk gwo pwopriyetè ak kèk ti sòlda. Sa ki te vin bay gwo ak ti pwopriyete. Nan sans sa a, ti pwopriyete sa yo te pèmèt ti pwopriyetè yo egziste epi li te pèmèt peyi a viv pandan plis pase 100 lane.

Nan sa ki genyen pou wè ak rezistans lan, ayisyen poze yon kesyon fondamantal ki genyen rapò ak yon eleman materyèl. Eleman materyèl sa lye ak fason moun yo posede latè ann Ayiti, se

lavi moun yo menm. Yo te toujou ap batay pou yo pa pran tè yo. Pandan 4 premye ane okipasyon an, te genyen 3 500 peyizan ki te mouri, poutan pandan tout peryòd okipasyon Repiblik Dominikèn nan, genyen anviwon 700 moun ki mouri. Se pou montre nan ki nivo rezistans ki te genyen ann Ayiti a pa t yon bagay piti.

Tout espas tankou Ayiti ak Nikaragwa ki t ap fè rezistans kont okipasyon amerikèn nan pa t benefisyen envestisman pandan peryòd okipasyon an. Paske okipan an pa t rive transfòme ekonomi peyi sa yo nan fason li te vle a. Se youn nan rezon tou ki te fè okipasyon an te dire plis tan, paske tout tantativ okipan an te pran pou li te mete chita modèl ekonomi li te vle a te difisil pou te pran pye men li pa t janm reyisi tou.

Lòt eleman ki enpòtan ankò se enpak sa yo rele nwaris lan te genyen nan istwa Dayiti. Eske te toujou genyen batay ant klas ki te chita sou koulè po nan peyi a? Wi, men fenomèn rasis lan se okipan an ki vini avèk li ann Atiti. Kidonk, diskriminasyon an se eritaj okipasyon li ye.

Lòt konsiderasyon nou dwe fè ankò, se lide ki vle fè kwè se batay politik ak zam ki te genyen nan fen 19^e syèk la ki te mete peyi a an kriz ki fè ameriken te vini mete lòd. Pou sa genyen yon bann eleman istorik anvan epi pandan okipasyon an ki demanti bagay sa. Etazini te fè okipasyon an pou li te kapab reyalize objektif li te genyen. Sosyete sivil la te jwe yon gwo wòl nan batay kont okipasyon an. Rezistans sosyete sivil la te debouche pi devan sou zafè machatè a ki pa t yon mach revolisyònè men revandikatif.

Pou fini, rezon ki fè te genyen plis masak nan okipasyon ameriken te fè ann Ayiti a, li se paske ti bout tè sa pa t janm fasil pou okipan an. Rezon ki fè se li ki te pi long se paske te toujou genyen plis rezistans.

Diskisyon ak kòmantè.

1-Èske nou pa kapab gade pwosesis depandans Ayiti, sitou sou plan ekonomik, a apati ranson òdonans Charles X lan nan lane 1825?

-Genyen yon pakèt peryòd nou kapab konsidere sou okipasyon ameriken an. Soti 1915 pou rive 1934, se militè yo ki te la. Men nou kapab di se depi 1830, te genyen yon dispozitif pou kontwole peyi a a distans. Si nou ap konsidere lwa dawout 1831 ak 1832 a ki te di klèman fòk genyen yon

konseye finansye ameriken ki pou te asire sevis dèt la. Mete sou sa lame ki te genyen an se yo ki te mete li, kidonk se yo ki te genyen kontwòl li. Menmlè yo te fin ale, yo te kite kèk militè ameriken ki pou te kontwole li. Finalman, okipasyon ameriken an non sèlman te kòmanse anvan 1915 men tou li te ale pi lwen pase 1934.

2- Eske genyen eleman ki ka montre aklè enpòtans kesyon agrè a nan pwosesis rezizans lan?

- Sou kesyon fonsye an, tout gwo envestisman yo toujou fèt nan Nodwès. Kit se nan peryòd okipasyon, kit se jounen jodi a. Youn nan karakteristik Nodwès pi fò tè yo nan men leta, anpil moun se fèmye, sa vin fè li favorab pou envestisman, anplis li bay sou lanmè.

3-Nou pa ensiste ase sou konbyen peyi Etazini te anvayi avan li te vini ann Ayiti nan lane 1915 lan. Nou pa ensiste sou politik enperyalis ameriken an tou nan tout amerik latin lan.

-Efektivman, Etazini te gentan anvayi plizè peyi nan Amerik latin nan tankou Kiba, Nikaragua Pòto Riko ak Panama anvan okipasyon 1915 lan. Panama pa t yon peyi, se te yon pwovens Kolonbi li te ye. Se Etazini ki te fè li vini yon peyi pou li te kapab fè sa li te vin rele kanal Panama a.

4-Eske lè palè nasyonal te sote avèk prezidan Leconte an 1911 lan, se pa t dispozitif ki t ap mete an plas pou te genyen yon lokipasyon anvan 1915?

-Leconte se yon moun ki te etidye ann Almay. Li klè ameriken pa t nan kolabore avèk li. Yo te panse li te kapab plis defann enterè Almay. Men sou kesyon palè a ki te sote avèk li a, dwe genyen plis rechèch ki fèt sou sa pou pote plis presizyon.

5-Nan entèvansyon pwofesè Eddy a li te di okipasyon an li toujou mache avèk yon diskou lejitimasyon, men li neglige kontribisyon yon seri entèlektyèl nan bay okipasyon amerikèn nan jarèt. Tankou Antenor Firmen, na yon liv li ekri ki rele *Monsieur Roosevelt et Haïti*, li te bay okipasyon an anpil jarèt.

-Se pa paske li pa enpòtan, dayè mwen sot ekri sou Firmin. Mwen menm ekri yon atik sou liv ou site a. Nan tout tèritwa ki genyen okipasyon, toujou genyen moun ki ap defann okipasyon an.

Pou okipan an vanse, fòk li genyen moun ki ap kolabore avèk li. Kòm egzanp sa nou wè KòGwoup ap fè la a, li pa t kapab fè li si pa t genyen pasifikasyon inivèsite a. Men travay ki pi enpòtan pou okipasyon an, se fabrikasyon konsantman an.

**BRANCH REFLEKSYON SOU PATISIPASYON
MOUVMAN SOSYAL AK POPILÈ YO NAN
KONTWOLE DEPANS AK RESOUS PIBLIK**

Eskandal koripsyon pandan dezyèm manda Aristid la (rapòkomisyon Paul Denis te dirije a)

Entèvenan : Jacquelin Soliman

Kisa Koripsyon an ye? Kilè nou kapab di genyen kòripsyon?

Diksyonè fransè Lawous defini koripsyon an tankou aksyon pou detounen yon moun nan sa li dwe fè, pou angaje li pou li fè yon lòt bagay pou lajan men ki pa fè lonè. Konsa genyen 2 kategori koripsyon: koripsyon aktif ak koripsyon pasif. Koripsyon aktif la se lè moun nan konsyan sou zak li ap poze a, malgre sa li fè li kanmèm. Koripsyon pasif la menm se lè yon moun nan anfas yon sitiyasyon koripsyon epi li pa denonse li.

Parapò ak jan yo wè mo koripsyon an, nou kapab konstate anpil deriv, mete sou sa deriv sa yo parèt trè klè nan fason kèk gouvènman ki te pase nan peyi a, nan sa ki genyen pou wè ak jan yo te jere pouvwa a. Youn nan gouvènman kote nou te jwenn anpil deriv ki fèt, se gouvènman lavalas la. Pou nou rive konprann tout deriv pouvwa sa a te fè, fòk nou konnen kijan li te monte.

Pouvwa lavalas la te monte sou estrikti legliz ak divès òganizasyon revandikatif ki t ap goumen pou chanje kondisyon lavi moun. Objektif li te bay tèt li, se chanje lavi mas yo apati twa (3) wòch dife: jistis, patisipasyon ak transparans. Pouwva a te menm genyen yon eslogan: «*pito nou pa reyisi ak pèp la olye nou reyisi san pèp la*». Rejim sa a te kòmanse pran fòm li anndan komite katye yo. Moun ki t ap dirije peyi a nan epòk sa te wè travay komite katye yo t ap fè nan netwaye lari te kapab patisipe tou nan leve nivo konsyans mas la. Se konsa ekspresyon volonte popilè a, te fè yo mete Aristid kòm prezidan, menmsi se te Marc Bazin enperyalis la te vle. Men se te byen konte mal kalkile, paske kèk tan apre, fòs enperyalis la te prepare koudeta 30 septanm 1991 kont Aristid. Gouvènman Aristid la te pase 7 mwa sou pouvwa a. Fòs enperyalis la te remake genyen possiblite pou kondisyon lavi mas la amelyore, se rezon sa a ki fè bonè bonè te òganize koudeta kont Aristid.

Konsa, yo te mete anpil estrateji anplas. Nan yon premye tan, yo te fè yon bann lidè kite peyi a pou pran egzil, nan yon dezyèm tan, yo te fòme yon gouvènman nan peyi a, yon lòt aletranje epi yo bay sa aletranje a yon pakèt lajan peyi a pou yo depanse nan otèl ak lòt bagay, pandan pèp

la nan mizè. Se te nan epòk sa a tou gaz la te sòti nan 8 goud pou monte 150 goud. Gouvènman lavalas la te santi li alèz, yo te ap byen viv. Gouvènman an te al fè alyans ak menm moun ki pa t vle li pran pouvwa a tankou Clinton ak Carter; se yo menm ki te ap oryante li.

Nan lane 1994, lè pou Aristid te tounen nan peyi a, te genyen yon lajan yo te mete disponib. Lajan sa a te la pou finanse moun ki t ap kore pouvwa a nan epòk la. Se konsa, te genyen yon bann òganizasyon ki te transfòme tèt yo tankou òganizasyon popilè, men se te òganizasyon popilè an plastik, paske yo tout te genyen yon ti kat plastik pou yo te al fè presyon nan ministè yo, pou yo mande kòb oubyen pou yo jwenn djòb.

Koze reparasyon ki t ap pale nan radyo toutan an, se te yon lòt fòm koripsyon pouvwa a te konn itilize anpil pou li te rezoud yon pakèt pwoblèm nan popilasyon an epi satisfè chapèl politik li. Gouvènman an te kreye yon bann ti pwojè yo te rele PPP ki vle di (Petit Projet la Présidence).

Konsa, tout moun ki te pwòch pouvwa a te jwenn kòb pou fè ti pwojè. Se apati ti pwojè sa yo non *Gran manjè* a te parèt. Pouwva a te vin genyen yon diskisyon nan mitan 2 gwooup nan lane 1994 pou fè eleksyon. Yon gwooup ki t ap mande pou fè rès 3 lane a, se yo ki te nan mouvman gran manjè a; yon lòt gwooup ki t ap mande pou fè eleksyon pou 5 lane, se dènye gwooup sa a ki vini monte ak Préval. Genyen yon lòt fòm koripsyon ki pa t pi dirèk pase sa, se sou twazyèm manda lavalas la nan lane 2001. Bagay yo te vini dejenere nèt, yo te fè yon dappiyant sou prèske tout antrepriz piblik yo. Paske yo te vle jwenn pwòp manmèl pa yo pou yo souse, men tou se te rezulta siyati akò politik baryè lib Aritid te siyen pou li te kapab retounen nan peyi a. Palman an te youn nan enstitisyon ki t ap sipòte koripsyon pouvwa a. Mete sou sa se sou Préval laprès te kòmanse konwonpi. Te genyen estasyon radyo leta te konn peye prèske 33 milyon goud pou espòt yo te konn pase. Koripsyon anndan Teleko te rive bloke pwojè ti telefòn 2004 la. Anplis, òganizasyon yo te konwonpi, yo te kreye koperativ pou te pèmèt nenpòt lajan sal antre nan sistèm finansye a. Tout aktivite koripsyon sa yo te fèt sou dezyèm manda Aristid la.

Pou pouvwa a te rive pwoteje tèt li, li te rapwoche prèske tout palmantè yo bò kote li. Se sa ki fè okenn konvokasyon pa t kapab fèt. Fason gouvènman an t ap dirije peyi a pa t nan enterè mas yo, epi nivo konsyans mas yo pa t pèmèt yo remake sa. Pa t genyen okenn pouvwa kontwòl sou gouvènman an. Pouwva a te kase ren pi fò òganizasyon ki te kapab batay kont li yo.

Parapò ak tout deriv ak kòripsyon sa yo, te genyen yon bann òganizasyon ki te pèdi fòs. Anndan yo nou jwenn plizyè tandans politik, sa ki te lakòz yo sibi yon bann echèk nan eleksyon yo. Nan sans sa a, te vin genyen yon bann moun ladwat ki te vin lidè yon seri òganizasyon lagoch. Òganizasyon sa yo pa t estriktire sou baz revandikasyon mas pèp la. Menm vokabilè yo te chanje. Lontan lè yo ap pale sou mouvman popilè, yo te konn di katye popilè, kounye a se geto anpil moun di.

You nan bagay ki te fè makfabrik pouvwa lavalas la se te lakrent ak laperèz, paske genyen moun ki te pè pale. Sa ki ap pase jounen jodi a, li te kòmanse sou dezyèm manda lavalas la kote te genyen yon kategori moun yo te rele *rat pa kaka*. Te genyen yon pakèt manifestasyon se sèlman *rat pa kaka* yo ki te kapab fè yo, moun nan zòn nan te oblige patisipe ladan yo tou. Se sou baz sa a tou Préval ak Aristid te òganize eleksyon pa yo. Koripsyon an te prèske nan tout nivo nan leta a. Franchiz te konn bay pasi pala. Se sou baz sa a siyati yon minis te pèmèt yon senp sitwayen jwenn franchiz.

Diskisyon ak kòmantè

1- Èske nou kapab mete tout fòm koripsyon ou sot pale yo nan koripsyon aktif oubyen pasif?

-Tout se koripsyon aktif paske moun ki ap fè li yo konsyan se sa li ap fè. Menm moun ki genyen posiblite pou denonse men ki pa fè sa patisipe nan koripsyon an tou.

2-Èske li pa parèt yon jan pa nòmal menm moun ou di ki pa renmen moun ki onèt yo, se menm yo menm ki toujou ap kouri dèyè yo lè yo pran yon desizyon oubyen fè yon bagay ki pa ale nan sans enterè majorite a?

-Nou pa jeneralize li, men genyen tandans sa a nan sosyete a. Genyen yon otè ki di :«*si ou bezwen genyen kontwòl yon sosyete, pèmèt koripsyon layite kò li epi kraze sistèm edikasyon an*». Yo fè yon fason pou koripsyon an rive nan nivo ki pi ba a, se kòmsi moun ki onèt la se li menm ki enbesil la. Genyen yon diskou ki menm di si yon moun poko vòlè se paske li poko rive nan leta a.

3-Èske koripsyon an pa genyen rapò ak yon kriz valè?

-Efektivman li genyen rapò ak yon kriz valè. Sitou ak diskou ki fè konprann si yon moun poko vòlè se paske li poko nan leta a. Men pou nou rive genyen kontwòl koripsyon an, fòk nou genyen

bonjan mwayen. Youn nan mwayen yo, se pou nou jwenn bonjan enfòmasyon, sitou sou bidjè peyi a. Kijan lajan yo antre? Kijan yo depanse? Nou dwe genyen enfòmasyon sou Bank Santral. Fòk genyen sanksyon tou ki bay nan sosyete a, paske lè yo pa sanksyone moun ki nan koripsyon, sa ankouraje pratik koripsyon an. San nou pa blye laprès la ki konwonpi ki ap bay valè ak yon bann koriptè.

Eleman pèspektiv

Tout règlemannkont nou ap mande yo, tout egzijans nou ap fè pou nou jwenn rapò elatriye, yo p ap vini, si pa genyen batay ki fèt pou sa. Nan sans sa a, pou nou rive fè travay nivo konsyans lan, li enpòtan pou nou fè lavi nou tounen yon lavi militans, kèlkeswa sa nou ap fè, kèlkeswa kote nou ye.

-Fòk nou pridan lè nou di fòk nou fè militans lan tounen yon mòd lavi, paske genyen yon bann militan ki fè militans lan tounen yon aktivite pou fè lajan tou.

4-Èske detounman lajan pa yon fòm koripsyon?

-Se yon fòm kòripsyon li ye men genyen yon ti diferans nan mitan yo. Nan koripsyon an genyen 2 moun ladan li: yon koriptè ak yon konwonpi, tout benefisyé yon bagay. Tandiske nan detounman lajan an, se yon moun oubyen yon gwoup moun ki detounen yon lajan.

Konklizyon

Mizè malouk popilasyon an ap viv la, vin rann travay òganizasyon pwogresis yo ap fè a pi difisil. Fòk kondisyon sosyal ak ekonomik yon moun miyò pou li patisce nan aktivite fòmasyon ak mobilizasyon yo. Fòk nou genyen kontwòl moun ki sòti nan òganizasyon popilè ki al reprezante nou yo. Nou menm òganizasyon pwogresis yo, nou dwe asire nou genyen nan estrikti leta a kèk moun ki pou reponn ak revandikasyon nou yo. Nan nivo òganizasyon yo, nou dwe genyen moun ki ap analize epi entèprete yon bann enfòmasyon. Nou dwe kreye richès tou pou nou pa mete espwa nou sou etranje. Pou fini, fòk nou bay kilti nou valè.

Gagòt lajan CIRH la

Entèvenan: Guy Numa

Kontèks CIRH la te parèt

CIRH la parèt aprè tranblemanntè 12 janvye 2010 lan, nan dezyèm manda Préval la. Se nan yon kontèks kote te genyen yon sitiyasyon ekonomik ki te malouk anpil: grangou, lavichè elt. Peyi a te sou okipasyon MINUSTAH. Se menm MINUSTAH sa a tou ki te pote kolera; yon epidemi ki touye plizyè milye moun. Te genyen prèske yon milyon moun ki te enfekte, yon chif ki pa t kadre ak reyalite a daprè anpil obsèvatè. Anplis te genyen prèske 1 milyon 500 mil moun ki te lage nan lari san kay pou yo dòmi. Te genyen anpil solidarite ki te fèt nan moman an nan nivo nasyonal ak entènasyonal. Te genyen yon pakèt ONG etranje tou ki te pote sekou yo bay moun ki viktim yo.

Yo te tèlman pote èd, menm medikaman ki te ekspire yo te pote bay moun yo. Youn nan bagay ki te plis make nan tranblemantè a, kèk minit apre, militè ameriken te debake nan ayeyopò entènasyonal Tousen Louvèti a. Okenn lòt peyi pa t genyen dwa debake, si se pa t sou otorizasyon ameriken yo. Se Larisi sèlman ki te rive fè sa.

CIRH la vle di (Commission Intérimaire pour la Reconstruction d’Haïti, nan lang franse). Se yon enstans kominote entènasyonal la te mete kanpe pou te swadizan rekonstwi Ayiti apre tranblemanntè a. Kèk donatè ak pouwva a te mete kanpe yon plan devlopman pou Ayiti ki se: PADH (Plan d’Action pour le Relèvement et le Développement d’Haïti an franse). Sou baz plan sa a, donatè yo te òganize 31 mas 2010, kèk mwa apre tranblemanntè a, yon gwo rankont nan Nasyonzini nan Nouyòk. Se nan rankont sa a donatè yo te pwomèt yo ap bay Ayiti 11 milya dola ameriken pou rekonstui peyi a.

Se sou baz sa a tou, gouvènman alepòk la te pran yon arete nan mwa Avril 2010 pou dekrete etadjians. Avèk arete sa, yo te mete palman an sou kote. Nan mwa me 2010, entènasyonal la te mande pou yo antre premye arete a paske genyen enfòmasyon ki te dwe ladan li ki pa t ladan li. Se sa ki te fè gouvènman an te fè sòti yon lòt arete. Dapè nouvo arete yo te pibliye a, okenn moun pa t genyen dwa rele yon manb CIRH lajistik. Menm prezidan repiblik la, se sèl *dwa veto* li genyen,

sa vle di si CIRH la pran yon desizyon, li genyen dwa pou li vote pou li di si li dakò ak si li pa dakò.

CIRH la te genyen 2 gwo potanta nan tèt li. Ansyen prezidan ameriken an Bill Clinton ak ansyen premye minis ayisyen Jean Max Bellerive. Te genyen lòt manm ayisyen ak etranje tankou: Lucien Francoeur ki te reprezante channm depite a, Lucien Jean Bernard ki te pwofesè nan Invèsite Leta ayisyen an, ki te reprezante Sena republik lan, Réginald Boulos pou sektè prive a elatriye. Pou entènasyonal la te genyen: Percival J. Patterson ki te reprezante CARICOM, Pierre Duquesne ki te reprezante Lafrans ak Cheryl Mills ki te reprezante Etazini elatriye. Se moun sa yo, ak kèk lòt ankò nou pa site, ki te genyen dwa pou yo vote.

Konsa tou, te genyen lòt manb ki pa t genyen dwa sa. Pou yon donatè te genyen dwa pou li vote, fòk li te pwomèt pou pi piti 100 milyon dola vèt; se sa ki fè genyen moun ki te di donatè yo se achte yo te achte vòt yo. Ricardo Seitenfus ki te yon senp manb ki te reprezante OEA te ekri plizyè liv, kote li te denonse deriv ki t ap fèt nan CIRH la. Se Bill Clinton ki te sèl kòk chante nan tèt li. Genyen manm ki pa t menm konnen sa ki t ap pase anndan enstans sa a. Sòti avril 2010 pou rive avril 2011, se prèske 37% nan lajan ki te pwomèt yo ki te debloke, alòske lwa sou etadijans lan te vote pou 18 mwa. Sou gouvnman Matelly a, te genyen yon tantativ pou renouvel manda CIRH la, sa pa t rive fèt akòz rezistans ki te genyen.

Pou yon lajan te debloke nan CIRH la tou, fòk te genyen yon pwojè pou li. Nan sans sa a, Rektora Invèsite Leta Ayisyen an te pote devan CIRH la yon pwojè pou bati invèsite nan Damyen ki t ap koute 200 milyon dola vèt. Yo te di li ap genyen yon kapasite pou resevwa 15 mil etidyan ak mil pwofesè. CIRH la te boude rektora a ak pwojè sa a, pandan yo te voye pwojè a bay chak gress manm yo, yo pa t janm diskite ni pran yon desizyon sou li. Alòske Invèsite Kiskeya te prezante yon pwojè pou fakilte medsin yo an, CIRH la te siyen pou sa.

Te genyen yon pakèt pwojè nan CIRH la tankou: lekòl, wout, lopital, leve dekonb, bati kay elatriye. Men sa yo te rive reyalize se yon bidonvil anplis nan Titanyen. Dayè pi gwo reyalizasyon yo se zòn franch Karakòl la, yon kote ki pa t genyen tranblemantè se la yo te fè pi gwo reyalizasyon an. Kidonk, sa montre aklè kapitalis la pwofite katastwòf yo pou ateri ak pwojè yo. Nan ka pa nou, zòn franch lan se yon bagay ki renmen lamizè.

CIRH la pa t yon bagay ki t ap jere nan transparans. Yo te mete sou kote Palman an pou li pa t rive kontwole sa yo t ap fè yo. Se rezon sa a ki fè se ak yon lwa sou etadijans li te parèt. Lwa sa a te ankouraje anpil koripsyon, paske li te pwoteje moun ki t ap aji anba li yo. Pi fò lajan CIRH la te retounen nan peyi yo te sòti a. Te genyen yon pakèt enstitisyon entènasyonal tankou Lakwawouj amerikèn ki te patisipe anpil nan gagote lajan CIRH la.

Konsa tou pa t genyen okenn evalyasyon serye ki te fèt sou gagòt lajan CIRH la. Genyen yon regwoupman ki te rele *Ayiti kale je* ki te genyen yon seri medya ladan li tankou: Alter press ak lòt medya ki te fè kèk ti ankèt, men pa t janm genyen yon ankèt global sou tout pwoesis la, sou kijan lajan an te depanse. Paske manyen dosye CIRH la se manyen Bill Clinton dirèkteman. Se youn nan rezon tou ki vin rann batay kont CIRH la te vin parèt pi difisil pase batay kont gagòt lajan Petwo Karibe a.

Nan sa ki konsène batay mouvman sosyal yo kont gagòt CIRH la, chòk tranblemantè a te tèlman fò, menm moun ki pa t viktim dirèkteman yo te paralize. Pi fò òganizasyon yo kit li te popilè, kit se nan soyete sivil la, pati politik yo, yo te parèt enpuisan devan sitiyasyon sa. Konsa, se youn nan difikilte òganizasyon pwogresis yo genyen, lè genyen gwo difikilte, nou genyen tandans pa patisipe. Alòske nou ta dwe plis mobilize bò kote popilasyon an. Vag mouvman ki te genyen kont gagòt lajan petwokaribe a, se pa li ki te genyen kont CIRH la.

Kèk Kòmantè ak lesion nou ka tire.

- 1) Se nou menm pèp la ki kapab retire tèt nou nan sa nou ye la.
- 2) Se nou menm pèp ayisyen ki pou fikse priorite nou.
- 3) Mache èd entènasyonal la plis ranfòse depandans peyi a.

Pou fini nou ap raple yon pawòl Ricardo Seitenfus, nan yon liv li ekri *Les Nations-Unies et le cholora li di* : «*Lajan yo dekese yo, yo dekese yo nan non Ayiti, men yo pa dekese yo pou Ayiti* ».

Diskisyon ak kòmantè

1-Nan kad reyalizasyon CIRH la, ou pale sou Pak Karakòl la ak pwojè fakilte medsin Invèsite Kiskeya a, èske se sa yo sèlman ki te genyen kòm reyalizasyon?

-Genyen lòt reyalizasyon ki pa t twò parèt pase sa. Yo te ranmase debri plizyè kote, yo te fè yon seri abri pwovizwa, yo te bay manje, dlo, medikaman ki ekspire anpil fwa.

-Sou kesyon pou leve moun anba tant lan, genyen anpil moun se dife ak bal ki mete yo deyò. Se te yon estrateji pou te debarase kan yo epi rès moun ki te rete yo, yo te ba yo 20 mil goud pou yo te al anfème kay.

2-Pouki rezon sosyete a te ranmase batay sou gagòt lajan Petwokaribe a yo pa t ranmase batay kont CIRH la?

-Se paske nan zafè lajan CIRH la genyen yon pakèt gwo zotobre ameriken yo pa vle non yo site, se sa ki fè se dosye Petwokaribe a yo te ranmase.

-Petwokaribe a genyen enstitisyon etranje ladan li tou. Youn nan estrateji yo te itilize, yo te siyen kontra ak yon seri enstitisyon ki Sendomeng oubyen ann Ayiti (avèk leta). Depi nou manyen CIRH la se klè se Clinton nou manyen tou.

-Genyen yon kanpay sansibilizasyon, mobilizasyon ak konsyantizasyon ki te fèt kont gagòt lajan Petwokaribe a, sitou sou rezo sosyal yo ki pa t fèt pou CIRH la, sa ki fè popilasyon an pa t vrèman konnen kisa ki CIRH la.

-Genyen yon travay sansibilizasyon sou CIRH la ki manke fèt bò kote aktè pwogresis yo, sa vin fè moun yo pa konprann gagòt lajan Petwokaribe a menmjan ak gagòt lajan CIRH la. Daprè yo, lajan CIRH la se yon lajan blan an te bay epi li pran afè li, men lajan Petwokaribe a se yon lajan yo te prete nou, nou genyen pou nou remèt li, epi nou ap bay enterè sou li, pitit pitit nou ap genyen pou peye li.

-Genyen yon dimansyon politik nan koze lajan Petwokaribe a tou. Genyen yon pakèt moun nan PHTK ki anrichi tèt yo ak lajan Petwokaribe a. Sa vin fè, non sèlman yo te deja genyen pouvwa politik, kounye a yo bay tèt yo plis pouvwa ekonomik pou yo kontinye kenbe pouvwa a. Nan sans sa a, nan kontèks politik nou ap viv jounen jodi a, li enpòtan pou nou chèche konekte batay nou ap mennen isit la ak batay yon seri militan pwogresis ap mennen nan lòt peyi. Paske solidarite entènasyonal la enpòtan anpil, sitou nan kad batay kont kapitalis ak enperyalis la. Kesyon an kounye a se kisa nou wè ki ta dwe fèt pou remete CIRH la sou tèren batay la?

-Li pokon janm twò ta pou nou lanse yon kanpay sansibilizasyon sou sa, paske kriz nou ap viv jounen jodi a la li genyen ekip Clinton nan dèyè li. Se sa ki fè, se yo menm ki chwazi kiyès ki dwe prezidan pou moun ki pran pouvwa a pa vin atake enterè yo. Menm nan kan demokrat nan peyi Etazini a, genyen plizyè pozisyon sou ka Ayiti a. Nou dwe konnen, kit se demokrat, kit se repiblikan, yo tout genyen menm pozisyon sou peyi a. Yo klè peyi a plen richès anba tè ak anba lanmè a. Li ap difisil pou yo ekspligate richès sa yo si pèp la kapab mobilize, se sa ki fè yo pa genyen pwoblèm ak kesyon gang yo nan peyi a, li pa sèvi yo yon obstak.

-Li enpòtan pou nou ta mize sou kategori inivèsité yo tou, sitou sila ki soti nan katye popilè ki nan òganizasyon popilè yo.

-Fòk nou genyen kontwòl diferan aktè ki nan batay la paske enterè yo pa menm.

-Inivèsite a pa yon espas kote tout moun genyen menm lide, li genyen diferan aktè kote yo chak ap defann entrè pa yo.

3-Nan kad batay kont gagòt lajan CIRH la èske pa t genyen yon dokiman ki te byen òganize, byen monte sou li?

-Avoka Newton Saint-Juste ak Avoka André Michel te pote plent devan Nasyonzini kont Clinton. Jan nou te di li nan ekspoze a, lwa sou etadijans lan te di pyès moun pa kapab pote plent kont yon manm CIRH, Kidonk lwa sa a te pwoteje manb yo.

-Li klè se batay kont gagòt lajan petwokaribe a ki ap fè bri, fòk nou chèche mwayen pou nou konekte tout revandikasyon mas la tankou : petwokaribe, CIRH elatriye. Men kòm nou chak ki la, nou sòti nan yon zòn ak yon òganizasyon ki diferan, chak moun kapab pran diskisyon nou ap fè yo la pou ale diskite nan òganizasyon nou sòti yo, yon fason pou plis moun kapab konsyantize sou kesyon sa yo, pou lè genyen mobilizasyon pou diskou sa yo kapab fè pati revandikasyon yo.

- Youn nan bagay ki fè dosye CIRH la pa t fè tout bri petwokaribe a te fè a, se paske pa t genyen anpil enfòmasyon sou li menmjan ak petwokaribe a. Youn nan mwayen nou te kapab itilize nan sans sa a, se fè yon pakèt ti bout videoyo ki ap eksplike kisa CIRH la ye, epi pibliye yo sou rezo sosyal yo.

-Pwojè sansibilizasyon ak ajitasyon an mande yon pakèt lòt bagay, sitou nan zouti komunikasyon nou ap itilize yo. Nou kapab fè konferans deba, soti nòt pou laprès epi fè sitin.

-Parapò ak tematik ki ap diskite nan chak branch yo, nan fen sesyon Inivèsite Popilè a ta dwe genyen yon dokiman ki fè yon ranmase sou tout sa ki te diskite ak pèspektiv ki te sòti yo. Apre dokiman sa a fin soti, nou te kapab monte yon kalandriye mobilizasyon tout fòm sou tematik sa yo.

-Fòk sektè lagoch la envesti nan mete kanpe epi ranfòse radyo kominotè yo.

-Lè nou ap milite, nou genyen tandans fèmen sou nou menm, nou pa chèche konnen kisa moun ki nan dyaspora a panse. Konpòtman sa a se youn nan kòz echèk yon seri mouvman sosyal ak popilè. Nou te kapab gade kisa ki ap pase nan lòt peyi, epi gade kijan yo te kapab ede nou nan batay nou ap mennen yo, paske nou ap sibi yon dominasyon nasyonal ak entènasyonal. Pou sa a, nou kapab chèche jwenn ak lòt militan ki ap batay nan entènasyonal la pou ede nou mennen lit la.

Gagòt lajan Petwokaribe ak Dèmalòg

Entèvenan: James Beltis

Kontèks nou ap pale jodi a espesyal nan listwa peyi nou, dat 28 jiyè 1915 la, fè nou sonje premye okipasyon militè Etazini te fè ann Ayiti. Se yon entèvansyon ki te chanje listwa peyi a pou jouk jounen jodi a, sa vin ba nou peyi nou genyen la. Kidonk, yon sitiyasyon kriz kote nan nivo enstitisyonèl, peyi a pran yon lòt wout. Men pèp la te toujou ap fè rezistans.

Jounen jodi a, batay pou nou rete vivan an, tankou pou jwenn manje, peye kay elatriye vin pi pouse. Sa ki lakòz popilasyon an ap viktim sa yo rele teworis leta. Sa vle di leta ki te déjà yon leta ki ap fè represyon sou pèp la, mare sosis li ak laboujwazi, kote yo itilize latèrè kòm politik piblik pou jere peyi a. Jounen jodi a vyolans yo ap itilize sou pèp la pa kache, li pran fòm bal, masak, kidnapin ak deplasman fòse. Petwokaribe a se yon pòt, ki pèmèt nou pale sou yon pakèt lòt bagay. Sosyete nou ap viv jounen jodi a, kanpe sou de(2) wòch dife: koripsyon ak enjistik sosyal. Majorite popilasyon an pa genyen aksè ak okenn sèvis piblik. Konsa, gagòt lajan petwokaribe a konfime 2 wòch dife nou sot site yo.

Petwokaribe a se yon inisyativ ansyen prezidan venezyelyen an Hugo Chavez te siyen yon akò ak plizyè peyi nan Amerik Latin ak nan Karayib la (anviwon 18 peyi), kote Venezyela ap vann peyi manm akò a gaz. Peyi ki achte gaz la ap genyen pou peye 40% nan lajan an lapoula, li ap peye rès 60% an sou 25 lane ak yon enterè 1%. 60% lajan an se pa yon lajan pou leta te gaspiye. Li te dwe mete li nan yon kès pou devlopman ki ale an favè pèp la, li te dwe envesti li sitou nan agwo endistri.

Nan epòk kontra a t ap siyen an, baril petwòl la te vann ant 90 pou rive 110 dola vèt. Nan kontra a, genyen yon atik ki di: si nan moman kontra a pri baril petwòl la ta vann mwens pase 40 dola, genyen yon bann tèm anndan kontra a ki ap chanje. Premye bagay ki ap chanje nan kontra a, olye peyi ki achte gaz la peye sou 25 lane, li ap peye 75 % nan lajan an sou 90 jou ak yon enterè 2%. Malgre aprè tranblemantè 12 janvye 2010 la, Hugo Chavez te pran desizyon pou elimine dèt Ayiti yo ki te anviwon 200 milyon dola vèt, Ayiti te vin genyen yon dèt ki plis pase 2 milya dola vèt. Tèm sa a ki nan kontra a fè nou wè lajan petwokaribe a se pa t yon kado, se yon lajan yo t prete nou pou nou remèt li.

Kisa yo fè ak lajan petwokaribe a?

Daprè estimasyon ki te fèt yo, lajan petrokaribe a te ant 4 ak 5 milya dola vèt. Daprè rapò Lakoudèkont te fè a, se yon lajan ki gaspiye. Jan sa te di nan youn nan tèm nan kontra a, 60% prè a dwe ale nan yon kès pou devlopman agwo endistri. Paske Venezyela genyen yon otonomi li pa genyen nan kesyon agrikilti, se nan men lòt peyi li ap achte, se sa ki fè li dakò peyi a kapab remèt li lajan yo sou fòm manje.

Kijan moun ki gaspiye lajan an detounen li? Olye yo envesti li nan sektè agwo endistri a, yo te voye li nan sektè kontriksyon. Yo detounen kòb la, epi yo pa fè sa yo te di yo pral fè avèk li a. Parapò ak lajan ki gagote a, te genyen reyakson, men se te nan yon moman kote pèp la te prèske pou kont li, te genyen manifestasyon kont PHTK dezyèm vèsyon an, enjerans etranje, ak bidjè kriminèl la.

Se te nan menm kontèks kontestasyon sa a tou, kesyon kot kòb petwokaribe a te parèt. Aprè te genyen anpil ajitasyon sou prèske tout rezo sosyal yo, te genyen yon sèl kesyon ki t ap poze: *kot kòb petwokaribe a?* avèk mouvman *petwotchalennjè* a.

Petwotchalennjè an se yon mouvman ki te fèt nan twa (3) etap. Premye etap la, te kòmanse sou rezo sosyal yo, aprè te genyen kèk moun ki te wè li nesesè pou yo trennen li sou beton an. Premye aksyon ki te poze se te 24 dawout 2018, te genyen yon gwo sitin istorik devan Lakoudèkont. Apresa, 17 oktòb nan menm lane a, te genyen yon lòt gwo manifestasyon ki te kòmanse anba pon Kafou Ayeyopò a. Nan manifestasyon sa a, yon bann moun nan klas boujwa a te patisipe, te genyen moun Lasalin yo tou ki te patisipe an foul.

Twazyèm etap mouvman an se yon seri senp *petwotchalennjè* ki te nan fè ajitasyon sou rezo sosyal ki te transfòme tèt yo kòm militan. Fas ak mouvman lari a, pouvwa a te itilize represyon epi yo te fè masak Lasalin nan. Masak sa a se te yon fòm sinksyon kont moun Lasalin pou patisipasyon yo nan mouvman kont gagòt lajan petwokaribe a. Apre masak la, mouvman lari a t ap mande lajan petwokaribe a ak jistis pou moun Lasalin yo.

Sitiyasyon an te vrèman konplike, te genyen moun ki te vle rete sèlman nan ajitasyon sou rezo sosyal yo, genyen lòt menm ki te di fòk yo ale nan manifestasyon yo. Premye kategori moun nan te deklare yo pa t nan lòt dosye, se sèlman mouvman petwokaribe ki te enterese yo. Lè yo nan manifestasyon, yo ap mande jistis pou moun Lasalin yo, yo di se politik ki ap fèt. Sitiyasyon sa a te fè genyen yon kantite moun ki te kite mouvman an, paske yo te genyen yon pozisyon moral sou kesyon an. Malgre vyolans yo t ap ogmante, sa pa t anpeche mouvman an te vin pi radikal chak jou pi plis, sitou aprè rapò Lakoudèkont lan ki te montré Jovenel Moïse kòm prezidan te patisipe nan gagote lajan an. Jounen jodi a, anpil moun ap mande kot *petwotchalennjè* yo pase. *petwotchalennjè* yo pa genyen kapasite pou fè fas ak vyolans ki ap deplwaye zèl li nan peyi a. Genyen nan moun sa yo ki mouri, genyen lòt ki ale nan mawon, genyen lòt ki fè silans. Men sa ki rete klè, pa genyen moun ki ka retire kesyon sa a nan tèt pèp ayisyen an paske moun ki te patisipe nan gagote lajan an pa t jwenn okenn sinksyon.

Okontrè, youn nan estrateji moun ki te nan gagote lajan an te itilize se te kraze tout enstitisyon nan peyi a. Nan kad pwotestayon mouvman petwokaribe a te genyen 600 kadav nan zòn metwopolitèn nan. Kidonk, mouvman petwokaribe a montre nou vrè figi sistèm nan, lè li demaske bann enstitisyon entènasyonal ki swadizan di yo demokratik.

Diskisyon ak kòmantè

1-Pa rapò ak sistèm ki te monte kont revandikasyon pèp la, èske nou pare pou nou kontinye batay pou nou libere peyi a malgre konsekans sa ka pote?

-Se sa ki ta dwe fèt, men pwoblèm nan se panse li avèk fè li a se de(2) bagay diferan. Epitou se pa tout moun ki panse li konsa. Degradasyon sosyete a fè li difisil pou nou òganize nou. Travay sa a tou se travay bonjan òganizasyon popilè, ki ap pote epi defann revandikasyon mas pèp la. Nan nivo nou rive la fòk nou tout met men ansanm pou nou kanpe kont sa ki ap fèt la, epi nou dwe poze tout fòm aksyon.

2- Poukisa pa t genyen yon makonnay ant batay kont gagòt lajan petwokaribe a ak CIRH la?

-Se paske moman an se te moman petwokaribe li te ye, se li ki te mobilize moun yo. Anplis CIRH ak petwokaribe a pa menm. CIRH la genyen yon komisyon entènasyonal ki genyen yon ansyen prezidan ameriken nan tèt li. Genyen krim finansye ki fèt ladan li. Ayiti pa kapab poze pwoblèm sa pou kont li, se plizyè peyi ki te mete tèt yo ansanm pou fè gwo krim sa a. Men sa pa t anpeche yon pakèt òganizasyon pwogresis te mennen yon bann batay kont CIRH la tou.

-Anplis etap nou te pale yo, genyen yon pakèt batay pou nou rive genyen yo, fòk genyen militan pwogresis ki rive antre nan espas desizyon yo, nan enstitisyon yo, sa vle di espas pouvwa a.

Pwosè petwokaribe a pa posib si pa genyen militan pwogresis ki pran espas pouvwa a. Paske moun ki la yo, sitou sa ki patisipe nan gagote lajan an, pa p janm jije tèt yo.

-Genyen yon kategori moun ki te nan mouvman petwokaribe a ki genyen konpòtman ti boujwa, yo pa kapab pran twò gwo risk, yo pa kapab rive twò lwen. Diskou yo diferan ak diskou mas la. Sa vle di, lè pèp la ap mande kraze sa nèt, yo menm yo nan refòm ak integrasyon. Se paske se kèk eleman nan mitan yo ki te poze kesyon an, men majorite nan yo, se pa moun ki te konn abitye batay. Se yon rapè ki te di: revolisyon an pa kapab fèt sou fesbouk, se deklarasyon sa a ki te mennen ak sitin 24 dawout 2018 la devan Lakoudèkont.

-Mouvman petwokaribe a te kòmanse entèdi yon bann politisyen tradisyonèl patisipe ladan li paske yo te patisipe nan gagote lajan an tou. Nan yon dezyèm nivo, politisyen sa yo rive konstwi yon lejitimite nan pale nan radyo sou kesyon an paske se yo menm ki genyen aksè nan medya yo, depi yo vini, yo pa kapab mete yo deyò.

3-Nan yon premye moman, te genyen koupe fache, nan yon dezyèm moman, vin genyen chita pou negosye. Ki kote nou jwenn kapasite ak facilite sa a, pou nou pèmèt yon bann moun nou te voye jete parèt tèt yo ankò?

-Nan batay politik ann Ayiti nou souvan mete anfas yon seri bagay kote youn te kapab konplete lòt. Nou souvan mete negosyasyon fas ak mobilizasyon pandan youn pa voye lòt jete. Kategori nou rele ti boujwa yo genyen kontribisyon yo kapab pote nan batay la ak tout limit yo genyen, menmjan an tou klas populè a ak limit li genyen, kapab pote kontribisyon pa li. Kounye a nan batay politik nou ap mennen an se gade kijan nou kapab mobilize epi mete ansanm tout enèji sa yo pou nou rive fè sa nou vle a.

4-Kòm aktè epi obsèvatè nan batay kont gagòt lajan petwokaribe a, ki pwopozisyon oubyen pi bon mwayen ki kapab pèmèt nou vanse nan batay la?

-Nan kad revandikasyon, sitou populè yo, moun pa batay pou moun. Se ansanm pou nou reflechi, pou nou wè ki aksyon nou kapab poze ansanm. Nan sans sa a, pi gwo travay òganizasyon pwogresis yo genyen pou yo fè, se mete pèp la nan batay.

-Genyen kèk atitud ki kapab fè moun kwè pa p genyen pwosè petwokaribe vre. Paske moun ki te patisipe nan gagote lajan an, prefere kraze peyi a nèt olye yo ale nan prizon. Se rezon sa ki fè yo plis nan yon demach pou kraze tout enstitisyon nan peyi a.

-Aksyon populè yo, aksyon revandikatif yo, aksyon pou nou soti nan sa nou ye la a, yo toujou enpòtan, yo toujou alamòd. Fòk nou toujou ap poze aksyon dirèk parapò ak sa nou genyen devan nou an, aksyon revandikatif yo toujou genyen plas yo.

-Genyen batay nou ap mennen ki oblige nou fè yon pakèt alyans. Kounye a nan alyans ki ap fèt yo, fòk genyen anpil vijilans pou se pa moun oubyen gwoup nou fè alyans avèk yo a, ki ap mennen batay la nan plas nou.

Jesyon taks sou apèl entènasyonal yo epi transfè dyaspora a ak jesyon lajan taks pou reparasyon wout yo.

Entèvenan : Jean Medy Pierre Toussaint

Popilasyon ayisyèn nan se yon popilasyon ki jèn. Sa vle di se yon pakèt moun ki nan laj pou yo travay. Li pa nòmal pou yo pa janm drese kesyon travay la nan politik publik peyi a. Se pi gwo pwoblèm peyi a pou kounye a la. Sou yon popilasyon ki genyen 11 milyon moun, genyen 3.5 milyon ki nan laj pou travay epi ki ap chèche travay. Men sektè ki ap kreye travay yo vrèman piti.

Pou sektè fòmèl la, faktori yo kreye 41 mil anplwa pou pi plis, leta kreye 100 mil, sektè prive a 200 a 250 mil, sa ki pa reprezante twòp bagay pa rapò ak kantite moun ki ap mande travay. Kounye a, moun ki pa kapab jwenn travay yo, lòt altènativ yo genyen se kreye ti demele pou defann lavi yo. Nan ka sa a, prensipal zouti leta a genyen pou li pote yon repons ak pwoblèm sa a se bidjè peyi a. Se li menm ki kapab pèmèt leta ateri ak bann pwojè li genyen yo, men yo pa janm pale sou sa. Depi lè rejim PHTK a pran pouvwa a, bidjè peyi a pa sispann ogmante epi yo oryante depans publik yo yon lòt fason nan lòt sektè, se sa ki vin bay kriz nou genyen la jounen jodi a. Nan sans sa a, nou dwe gade ki rapò ki genyen nan fason bidjè peyi a oryante a ak fason li ap mache a.

Nan lane fiskal 1994 – 1995, bidjè peyi a te 5,2 milya goud, jounen jodi a li plis pase 200 milya goud. Parapò ak ogmantasyon bidjè peyi a, li klè leta vin genyen plis resous, men se menm leta sa a ki ap di li pa genyen mwayen pou li reyalize yon pakèt pwojè, pandan li retire yon bann depans sosyal popilasyon an te konn benefisyé. Lè rejim PHTK a pran pouvwa a, youn nan zak yo te poze, se retire sibvansyon pou timoun lekòl yo, se yon sibvansyon ki te konn ede pèp la nan achte liv, kaye elatriye.

Rejim PHTK a, li menm pa bay twòp enpòtans ak yon bann ministè enpòtan tankou: edikasyon, lasante ak agrikilti. Li plis bay valè ak enstitisyon represyon yo tankou: ministè Enteryè, lame, lapolis. Li ap mennen politik yon teyorisyen Kamewounè ki rele Achille Mbembe rele *nécropolitique* (nekwopolitik), sa vle di yon politik lanmò.

Nan mwens pase 3 lane, bidjè peyi a double sou rejim PHTK a. Jounen jodi a li prèske egal ak lajan petwokaribe a, men yo pa regle anyen avèk li. Kidonk, li pa patisipe nan amelyore kondisyon lavi mas pèp la.

Prensipal enterè pèp la se bidjè peyi a, men pi fò antrepriz prive nan peyi a ranje kò yo pou yo fonksyone sou li. Sa ki reprezante vrè pwoblèm peyi a, pandan nou chita nou ap jere kesyon politik, veritab enterè a ekonomik.

Evolisyon bidjè peyi a sou yon peryòd 30 lane.

Ane.	Kantite lajan an goud.
1994 – 1995	5,2 milya
2005 – 2006	34,9 milya
2015 – 2016	122,6 milya
2017 – 2018	145 milya
2018 – 2019	144,2 milya
2019 – 2020	154 milya
2020 – 2021	193 milya
2021 – 2022	254 milya

Genyen 2 egzèsis ki dwe fèt nan sa ki konsène bidjè a: nan kòmansman ane fiskal la yo dwe prezante li, nan fen an yo dwe bibliye sa yo rele *les comptes nationaux*. Sa vle di, nan fen ane a yo dwe gade si sa yo te mete pou depans parapò ak chak pòs ki te prevwa yo te rive fèt. Depi 4 lane yo pa bibliye *comptes nationaux* yo, sa ki vin fè yo pa konn kijan yo itilize lajan bidjè peyi a, nou jis ap konstate yon peyi ki ap degrenngole.

Youn nan estrateji rejim PHTK a itilize, pandan yo retire tout sibvansyon sosyal yo, yo konnen sa pral kreye anpil revandikasyon ak anpil pwoblèm pou yo, yo vini avèk sibvansyon pati politik. Se yon fason pou yo te kapab achte moun ki ta sipoze mobilize popilasyon an, paske li difisil pou pèp la pran lari. Jounen jodi a se kèk militan konsekan ki ap poze pwoblèm popilasyon an, se sa a tou ki kreye yon santiman enpuisans lakay li.

Lòt estrateji rejim PHTK a itilize, li ranmase pi fò mouvman mas pèp la, kote li konwonpi yo nan sans li. Lè gouvènman Mateli ak Kaplim lan t ap kite pouvwa a, yo te pran yon dekrè pou

yo te bay tèt yo yon prim pou lè yo ap kite pouvwa a. Prim sa a te gen yon valè 45 mil dola ameriken.

Jeneralman yon bidjè genyen 2 pati ladan li: pati itilizasyon an ak sous la, sa vle di kote lajan an ap sòti. Se pa pou san rezon yo ap plede monte pri gaz, paspò, lisans elatriye. Tout mannigans sa yo, se yon fason pou yo finanse bidjè a.

Nan sans sa a, lè revandikasyon yo ap fèt fòk nou konnen enfòmasyon sa yo, paske sa ka rive genyen yon kantite kòb ou genyen nan men ou, ou pa kapab regle anyen avèk li. Nou ap viv nan yon peyi kote kondisyon lavi moun ap vin pi mal chak jou ki jou. Daprè kalkil ki te fèt nan lane 2014 ak 2015, yo te fè konnen Ayiti genyen plis pase 60% moun ki ap viv nan mizè, sa vle di moun sa yo ap viv ak mwens pase 2 dola chak jou, si yon moun ap viv ak mwens pase 1 dola chak jou, li nan yon sitiyasyon mizè ki grav. Men zouti evalyasyon sa yo, fòk nou gade ak yon je kritik, paske se yon bann enstitisyon entènasyonal ki ekri yo.

Popilasyon ayisyèn nan evalye ak prèske 11 milyon moun. Popilasyon aktiv lan, sa vle di moun ki genyen laj pou travay, reprezante anviwon 3,5 milyon moun. Men pa genyen travay pou tout moun sa yo, sa vin kreye sa yon devlopmantis rele yon *enflasyon demografik*, kote se moun yo ki pèdi valè yo. Sa vin fè genyen yon gwoup moun ki pare pou yo pran yon travay pou yon salè yon lòt gwoup moun pa t vle aksepte, se sa Karl Marx rele *lame rezèv* la.

Pou rezoud pwoblèm sa a, se pa rapò ak bezwen popilasyon an pou nou rive kreye travay. Enflasyon demografik la kote se moun ki pèdi valè yo diferan ak enflasyon monetè a, kote se lajan an ki pèdi valè. Nan moman nou ap pale enflasyon an genyen yon valè 27%. Parapò ak kriz peyi a ap travèse jounen jodi a, genyen yon santiman enpuisans ki ap degaje nan mitan popilasyon an. Kidonk, pou nou rive depase santiman enpuisans sa a, se toujou kanpe goumen ak advèsè a. Pou sa fèt tou, fòk genyen yon inite nan kan pèp la, fòk nou batay nan yon fason estratejik.

Kantite transfè ki soti nan lòt peyi ki antre ann Ayiti kapab 2,7 milya dola ameriken. Tout transfè sa yo soti nan peyi Etazini, Chili, Lafrans, Kanada, Repiblik Dominikèn, Brezil, Bahamas, Matinik, Turque et Caicos, Amerik Sid epi lòt peyi ann Ewòp. Yo reprezante anviwon 75% bidjè nasyonal la. Se lajan sa a ki pèmèt pèp la ap kenbe toujou, se sa ki fè gouvènman PHTK a te randre nan yon lojik pou fè moun kite peyi a pou dola kapab randre. Yo te fasilité plizyè milye moun,

sitou jèn yo jwenn paspò pou yo kapab kite peyi a. Nan sans sa a, ekonomi ayisyèn lan vin yon ekonomi ki ap gade deyò.

Nan kad batay ki mennen pou mande kont sou depans ak itilizasyon resous peyi a, genyen plizyè inisyativ ki te pran, men sa pa t fèt sèlman nan peyi Dayiti. Te genyen ayisyen nan dyaspora a tou ki te pote plent sou késyon dola senkant sou chak transfè a.

**BRANCH REFLEKSYON SOU PATISIPASYON
MOUVMAN SOSYAL AK POPILÈ YO NAN
ENFLIYANSE ORYANTASYON POLITIK PIBLIK
YO**

Ti koze sou politik piblik anjeneral

Entèvenan : Ricot Jean Pierre

Kisa politik piblik la ye ?

Politik piblik la se yon vizyon politik ki mache ak yon ansanm mezi oubyen desizyon yon otorite pran nan yon domèn espesifik. Politik piblik la genyen pou reponn revandikasyon yon popilasyon oubyen yon sektè, ap mennen anndan yon sosyete.

Yon mouvman sosyal pa genyen otorite pou defini oubyen elabore yon politik piblik. Li kapab pwopoze oubyen oryante yon politik piblik, ki ale nan sans enterè ak revandikasyon l ap pote yo, kote plizyè aktè kapab pwopoze, epi patisipe nan pwosesis elaborasyon an. Se yon otorite ki genyen konpetans pou sa a, ki kapab defini oubyen aplike yon politik piblik. Otorite ki genyen lejitimate pou fè sa se leta. Nan yon sosyete, tout aktè ta dwe patisipe nan pwosesis elaborasyon yon politik piblik epi leta li menm t ap gen yon wòl pou kowòdone pwosesis elaborasyon an. Genyen plizyè faktè ki kapab enfliyanse politik piblik yo: faktè istorik, sosyetal, ekonomik, politik, anviwònmantal elatriye.

Politik piblik la ak politik piblik yo

«*Politik piblik la*» ak «*Politik piblik yo*» pa vle di menm bagay. «*Politik piblik la*» se yon ansanm desizyon ak aksyon leta nan yon peyi ap fè nan yon domèn espesifik (lasante, edikasyon elatriye). «*Politik piblik yo*» se tout ansanm politik piblik nan diferan domèn leta mete sou pye pou reponn ak revandikasyon global sosyete a.

Oryantasyon yon politik piblik

Nan yon sosyete, yon politik piblik pa janm inosan. Depi otorite ki investi a genyen lejitimate pou elabore politik piblik la, li kapab chwazi pou priyorize oubyen defann enterè yon klas sosyal. Yon politik piblik depann de kijan rapò sosyal yo ye, ak fòs aktè yo genyen nan sosyete

a, pou enpoze enterè ak revandikasyon yo. Sa vle di, yon politik piblik kapab nan enterè mas popilè yo, osinon nan enterè klas dominan yo.

Nou nan yon sisyete kote genyen yon gwooup moun ki genyen tout richès peyi a nan men yo, kategori moun sa yo fòme klas dominan an. Epi genyen yon lòt gwooup moun menm ki pa genyen anyen ditou, kategori moun sa yo se klas ki domine a osinon klas ki eksplwate a. Klas sa yo ap batay paske yo pa genyen menm enterè ak menm revandikasyon, yo pa genyen menm pouvwa sou aparèy leta a. Nan sans sa a, tout politik piblik yo pral jwenn oryantasyon apati klas ki genyen kontwòl sou aparèy leta a. Kidonk, politik piblik la se ekspresyon lit klas yo anndan sisyete a.

Menmsi leta a, se yon modèl leta boujwa, sa ka rive genyen desizyon oubyen mezi li pran ki genyen karaktè popilè. Men desizyon sa yo pa chanje anyen nan sa leta genyen kòm vizyon oubyen kòm oryantasyon pou defann klas boujwa yo. Jean Casimir di : «nou pa genyen yon leta ayisyen, nou genyen pito yon leta ki ann Ayiti». Leta sa a se yon leta boujwa, li pran fòm klas ki kontwole li yo oubyen ki domine li yo. Sa vle di, tout desizyon modèl leta boujwa nou genyen ann Ayiti a ap pran yo, yo prale nan sans enterè klas moun k ap domine anndan sisyete a.

Nan sans sa a, se nan batay ak revandikasyon, mas popilè yo ap rive bay politik piblik yo oryantasyon ki prale nan enterè yo. Paske modèl leta sa a, li genyen yon pozisyon ki klè anndan tout batay k ap mennen yo.

Genyen politik piblik ki ekri sou papye, konsa tou genyen leta pa janm elabore, men li aplike yo. Nan domèn agrikilti, pa genyen yon kote ki ekri leta ap pran tè ti peyizan yo pou li bay gwo konpayi yo pou etabli zòn franch. Men nou wè kijan leta ap mache fè dappiyant sou tè peyizan yo, pou bay anpil boujwa osinon gwo konpayi yo. Se yon politik piblik leta aplike pou kontwole teritwa a, politik sa a pa nan enterè klas peyizan pòv yo, li pa antre nan kad revandikasyon klas peyizan yo ap mennen yo. Yon politik piblik konsa, kraze pwodiksyon nasyonal la epi li retire mwayen pwodiksyon nan men peyizan yo, pou yo sispan aktè nan pwosesis politik ak ekonomik peyi a.

Travay atelye

Kesyon : kisa ki yon politik piblik ?

Rezulta gwoup 1

Politik piblik, se yon mo kle nan syans politik ki defini yon otorite ki gen pwisans ak lejitimite, sou yon domèn espesifik pou yon sosyete, osinon yon teritwa. Politik piblik, se ansanm desizyon ak aksyon leta ap mennen pou piblik la.

Rezulta gwoup 2

Politik piblik, se tout aksyon ak entèvansyon yon gouvènman, oubyen otorite yon peyi mete an plas sou youn oubyen plizyè domèn, anndan yon sosyete oubyen yon teritwa. Politik piblik la genyen pou defann enterè sitwayen yo, nan plizyè domèn tankou : sekirite, transpò, agrikilti elatriye.

Rezulta gwoup 3

Politik piblik se yon ansanm desizyon ak aksyon yon gouvènman ap fè, pou rezoud yon ansanm pwoblèm ak kriz nan yon kominate osinon yon peyi.

Diskisyon ak kòmantè

- 1- Modèl leta nou genyen la, se nan enterè klas dominan yo li ye, politik piblik l ap elabore yo pap janm nan enterè nou menm mas popilè a. Lè leta elabore yon politik piblik nan yon domèn ki pa an favè revandikasyon òganizasyon popilè k ap batay yo, epi li pa soumèt politik piblik sa ban nou, èske nou pa ka anpeche leta aplike politik piblik sa?
- Lè n ap pale sou kesyon politik piblik ki makonnen ansanm ak revandikasyon mas popilè yo, nou nan yon pwosesis batay. Men nou pa dwe redwi batay nou ap mennen yo, pou fè leta adopte yon politik piblik nan yon domèn espesifik sèlman. Nou kapab itilize politik piblik sa a pito, kòm chwal batay nou.

- Pou politik piblik sa a reponn ak revandikasyon nou yo, modèl leta a dwe oryante nan revandikasyon popilè yo. Se nan goumen pou nou rive fè kèk gany, se nan pwosesis gany sa yo tou n ap ranfòse konsyans ak angajman, pou nou rive akouche yon modèl leta ki ap oryante politik piblik yo nan enterè nou. Politik piblik yo se toujou yon chwa politik, li depann ki oryantasyon otorite ki gen lejitimate pou elabore yo. Li klè si nou pa mete politik piblik yo nan yon pwosesis politik, nou pral tonbe nan yon ideyalis. Sa vle di nou p ap janm pran konsyans sou reyalite a epi pou nou aji sou li.
 Kèlkeswa nivo angajman ak ekspresyon politik piblik la, oubyen sa klas popilè yo pwopoze kòm politik piblik, yo pa kapab aplike si yo pa antre nan yon pwosesis batay. Kidonk Oganizasyon popilè yo kapab fòse leta devlope yon politik piblik ki ale nan sans enterè yo.
- 2- Daprè tout sa nou di la yo, politik piblik la, se leta ki defini kijan li ap aji nan enterè popilasyon an. Lè n ap swiv kijan leta ap aji fas ak popilasyon an, pa genyen politik piblik vre.
- Politik piblik yo egziste, yo fèt ak patisipasyon leta nan elabore yo epi aplike yo nan sosyete a. Fason nou abòde politik piblik yo, ki se yon fason senplis, li pi laj pase sa. Politik piblik se yon chwa politik, ki eksprime yon ansanm enterè ak revandikasyon. Entèvansyon leta gen pou fè yo, pral jwenn oryantsayon yo apati enterè klas ki kontwole li yo, osinon klas li ap defann yo. Nan sans sa a, politik piblik yo ap pran fòm leta ki genyen an. Modèl leta nou genyen la a, si li te nan enterè mas popilè yo, se pa tande nou t ap tande politik piblik yo. Leta pa ta dwe ap aplike politik piblik yo san patisipasyon mas popilè yo. Leta ta dwe vini jwenn mas popilè yo, pou nou di tout bezwen nou yo epi konsa nou menm mas popilè yo, nou t ap patisipe tou nan defini politik piblik yo.
- 3- Èske se pa nan fason klas popilè yo ap fè revandikasyon yo, ki fè leta pa janm aji sou yo ?
- Leta nou genyen la fò anpil nan aplikasyon politik neyoliberal yo, ki pa cadre ditou ak enterè nou yo, mouvman popilè yo menm pèdi fòs ak otonomi jan sa te konn ye avan. Leta konn poze aksyon tou, ki ta vle parèt kòmkwa nan defann enterè mas popilè yo, men ki pa chanje anyen vre, nan sa leta genyen kòm vizyon politik.

Konklizyon

Politik piblik yo genyen yon finalite. Kijan nou menm mas popilè yo, nou oryante yo, epi enfliyanse chak aksyon piblik anndan politik piblik yo? Pou nou rive nan dimansyon sa a, nou dwe batay pou nou chanje oryantasyon leta a. Nou dwe rive konstwi pwòp modèl leta pa nou, pou nou kapab genyen yon espas patisipasyon, pou nou defini aksyon piblik ak vizyon piblik nan politik piblik yo. Se apati revandikasyon mouvman sosyal ak popilè yo ap pote yo, nou pral rive konstwi pwòp leta pa nou, yon leta ki pote makfabrik popilè, ki pou bay politik piblik yo lòt oryantasyon ki prale nan enterè mas popilè yo.

Mouvman sosyal ak popilè yo nan lit pou enfliyanse politik agrikòl yo

Entèvenan : Ricot Jean Pierre

Politik piblik yo kapab nan plizyè domèn, tankou politik piblik nan domèn agrikilti. Lè nou ap pale sou kesyon agrikilti a, nou kapab konsidere anpil eleman ladan li tankou : dlo, latè, bidjè leta a, mwayen pwodiksyon yo, anviwònman, pwoblèm transpò ak transfòmasyon elatriye. Lè nou di agrikilti tou, li rete yon domèn ki laj paske genyen plizyè modèl agrikilti tankou : agwobiznis, agrikilti familyal ak agwoekoloji. Chak modèl agrikilti sa yo genyen pwòp objektif pa yo.

Nan dinamik pou se tout moun ansanm ki patisipe nan pwodui lakonesans lan, tout patisipan aktivite a ap chita ansanm pou reflechi sou de (2) kesyon epi se nan repons yo nou ap fè yon ti ale vini pou nou fè diskisyon ak kòmantè yo.

Travay atelye

- 1- Identife nan domèn agrikilti a yon ansanm mezi leta oubyen otorite yo pran nou kapab konsidere kòm politik piblik agrikòl.
- 2- Ki oryantasyon mezi sa yo genyen ak ki pwa yo fè sou gwoup peyizan yo apati revandikasyon yo ap mennen yo ?

Rezulta gwooup 1

- 1- Pri angrè a, dappiyant leta ap fè sou tè peyizan yo ak politik baryè lib yo.
- 2- Pwodikson agrikòl la bese, migrasyon, lavi chè, ensekirite alimantè, pwoblèm sante.

Reziltagwooup 2

- 1- Enpòtasyon semans yo, leta bay sektè kapitalis la tè kiltivab yo pou kapab etabli zòn franch, karavàn chanjman.
- 2- Mizè peyizan yo ogmante, timoun yo pa ka ale lekòl

Rezulta gwooup 3

- 1- Leta fè dappiyant sou tè peyizan yo, pou mete zòn franch epi pou fè eksplwatasyon min.
- 2- Enpòtasyon semans yo san kontwòl, absans akonpayman teknik, leta demantibile INARA, absans kredi pou peyizan yo, absans wout ak enfrastrikti agrikòl.
- 3- Pa gen manje, ensekirite alimantè, anpil peyizan yo kite peyi a, ibanizasyon.

Yon ti diskisyon sou politik piblik agrikòl nou idantifye yo

Youn nan politik piblik agrikòl nou rive idantifye yo se karavàn chanjman Jovenel Moïse la. Men lè nou byen gade, n ap wè karavàn chanjman gouvènman Moïse la pa yon politik piblik ki te nan domèn agrikilti sèlman. Kidonk, li pa yon politik piblik nan yon domèn espesifik, li se yon politik piblik ki regwoupe yon ansanm domèn tankou: agrikilti, wout, enfrastrikti, edikasyon, elektrisite elatriye. Lè leta fè dappiyant sou anpil tè peyizan yo te konn itilize pou fè jaden epi li bay tè sa yo pou konpayi konstwi zòn franch yo, se yon politik piblik. Politik piblik sa a pa mache avèk revandikasyon fondamantal peyizan yo ap pote nan ansanm batay y ap mennen yo.

Nan listwa peyi nou, nou konnen tout rapò konplèks leta te genyen ak klas peyizan yo. Tout nan lane 1939-1940 yo, leta Ayisyen pa te janm aksepte rele moun k ap travay latè yo peyizan. Nan tout lwa ki elabore depi lane 1804 pou rive nan lane 1940 yo, leta pa t janm itilize tèm «peyizan» pou idantifye moun ki ap travay latè pou fè jaden. Leta te pito itilize tèm «*kiltivate*, *agrikiltè*, *plantè osinon moun k ap viv nan zòn riral*», pou idantifye peyizan yo kòm yon klas

sosyal. Itilizasyon tèm sa yo pa inosan ditou, se sitou yon fason leta itilize pou anpeche klas sa a, reklame dwa li kòm yon gwoup moun ki dwe genyen tè pou fè jaden.

Nou wè angrè a kòm yon politik piblik leta, men fòk nou ta gade nan men kiyès angrè a ye tou. Se pa peyizan yo ki kontwole mache angrè a, se yon ti gwoup moun ki kontwole li, pou yo fè lajan. Yon politik piblik konsa, pa nan enterè peyizan yo ditou paske se pa yo menm ki genyen kontwòl li Pou nou kapab gen yon lide pi klè sou politik piblik leta nan domèn agrikilti, nou kapab konsilte dokiman *Plan estratejik devlopman Ayiti* (PSDH an franse) ak *Plan devlopman agrikòl 2010-2025* la. Apati dokiman sa yo, n ap konprann politik piblik leta a genyen nan domèn pwopriyete latè ak baryè lib la, epi ki oryantasyon li bay sektè agrikòl la.

Yon ti analiz sou aksyon leta ap fè sou tè peyizan yo

Leta pran anpil nan tè agrikòl yo pou bay konpayi mete zòn franch. Nan Nòdès peyi a, genyen *CODEVI*, pak karakòl ak yon pakèt lòt konpayi. Aktivite konpayi sa yo ap fè yo, pa genyen okenn rapò ak aktivite peyizan yo, epi li pa abòde pwoblèm grangou ki genyen nan peyi a. Tout pwodwi konpayi sa yo fè yo, se pou voye vann nan peyi etranje. Majorite tè ki nan peyi Dayiti yo, genyen resous minyè anba yo. Tout tè sa yo, se tè k ap pwodwi manje. Leta pran tè sa yo, li bay anpil konpayi pou fè eksplwatasyon min. Aktivite sa a, se yon malè pandye pou moun ki ap viv nan espas sa yo.

Latè se yon eleman ki fè peyizan an kòm aktè ekonomik ak politik, se youn nan rezon ki fè leta ayisyen pa vle pou peyizan yo genyen tè. Se pou sa leta mete politik piblik pou retire tè nan men peyizan yo. Paske lè peyizan yo genyen tè, yo genyen kapasite pou asire otonomi yo ak souvrènte alimantè nan peyi a. Yo kapab enpoze yo kòm aktè politik pou yo fè presyon epi enfliyanse tout desizyon politik yo.

Eksplwatasyon min sou tè peyizan yo

Entèvenan: Peterson Dorelus

Yon ti koze sou angrè a

Nou te idantifye pri angrè a kòm youn nan eleman anndan politik biblik leta ayisyen nan domèn agrikilti a. Kalite angrè a enpòtan pou nou gade tou paske, jounen jodi a se pa sèlman pri angrè a ki ogmante. Genyen posiblite pou yo fè angrè ki genyen *OGM* antre nan peyi a, se yon kalite angrè ki genyen anpil pwodui chimik ladan yo. Kalite angrè sa yo anpeche tè yo pwodui manje ankò.

Dappiyant sou tè peyizan yo

Leta aplike politik fè dappiyant sou tè peyizan yo, pou li bay yon seri konpayi tè sa yo pou yo konstri endistri osinon zòn franch. Peyizan sa yo vin tounen ouvriye nan faktori oubyen nan izin sa yo. Ouvriye yo konn chwazi kite faktori yo tou pou yo ale fè komès paske, salè faktori yo peye yo a pa kapab reponn ak bezwen yo vre. Tandiske menm moun sa yo te genyen kapasite pou yo fè jaden pou reponn ak bezwen yo. Lè leta fè dappiyant sou tè peyizan yo pou bay konpayi yo, leta ak konpayi sa yo pa dedomaje yo.

Nan Mòl Sen Nikola, *MATRACO* se yon konpayi ki fè eksplwatasyon mab, li anfème santiyèm tè nan men peyizan yo pou 1000 goud chak lane. Nan komin Jan Rabèl menm, genyen yon konpayi amerikèn ki siyen yon akò ak yon seri peyizan ki pa konn li ak ekri. Dezyèm atik ki nan akò sa a di : «*lè mwen siyen akò sa a, mwen bay konpayi a otorizasyon pou fè eksplwatasyon min sou tè a, mwen pa genyen dwa pou mwen rele konpayi a lajistis*». Peyizan sa yo te siyen kontra sa a sou baz konpayi a vin fè devlopman nan zòn nan, li pral bay travay. Konpayi sa a, se dezyèm pi gwo konpayi min ki genyen nan monn lan. Li ap fonksyone avèk yon bidjè ki depase plis pase 19 milya dola ameriken, sòm lajan sa fè de fwa valè PIB leta nan peyi Dayiti.

Eksplwatasyon min nan

Min se yon richès nou jwenn anba tè a. Eksplwatasyon min nan yon espas kote moun ap viv osinon fonksyone, genyen gwo konsekans sou espas sa yo. Jounen jodi a, se plis pase 15% nan teritwa ayisyen an, konpayi yo ap itilize pou fè eksplwatasyon min. Sa vle di sou yon teritwa 27 mil 750 kilomèt kare, yon konpayi genyen 3 mil kilomèt kare pou li fè eksplwatasyon min. Se

dappiyant leta fè sou tè peyizan yo ki fè konpayi sa yo genyen tout espas sa yo. Leta ayisen bay plis pase 52 pèmi, ladan yo genyen 3 pèmi eksplwatasyon min. Politik sa a lakoz espas ki te konn fè manje yo diminye. Sa vle di kantite manje peyizan yo te konn pwodui yo bese epi plis moun vin nan grangou. Anpil nan peyizan sa yo ki pèdi tè yo, vin tonbe nan chomaj tou.

Eksplwatasyon min se youn nan aktivite ki polye espas yo. Yon konpayi ki ap fè eksplwatasyon min ap bezwen 250 mil lit dlo chak 60 minit. Konpayi sa yo privatize rivyè yo pou yo fè eksplwatasyon min. Kantite dlo konpayi sa yo itilize nan yon jou, se kantite dlo yon peyizan ka itilize ak tout fanmi l pandan 20 lane. Nan pwoesis pou konpayi yo eksplwate min yo, yo itilize teknik lisivasyon an. Se yon operasyon chimik ki pèmèt yo separe min nan ak dlo a. Dlo lisivaj la, sa vle di dlo ki rete lè yo fin retire min nan, se yon gwo pwazon pou tè a ak bèt peyizan yo.

SEDREN se yon konpayi kanadyèn ki fè eksplwatasyon min nan yon lokalite ki rele Meme nan Gonayiv, konpayi sa te fè plis pase 83 milyon dola ameriken kòm pwofi nan kwiv ak boksit. Nan lajan sa a, konpayi a bay leta Ayisen 3 milyon dola. Peyizan ki te abite sou espas sa yo se pi gwo viktim konsekans eksplwatasyon min yo. Se pa tè sèlman yo pèdi, yo nan chomaj epi zòn sa a ki te yon zòn agrikòl, pa ka pwodui manje ankò. Moun yo vin nan grangou, yo oblige abandone zòn sa a.

Tout megapwojè sa yo aplike nan yon lojik kapitalis egzaktivis, sa vle di se etranje ki vini pou fè biznis, prensipal mwayen pwodiksyon yo itilize se tè. Kidonk, yo fè dappiyant san rete sou tè peyizan yo pou fè zòn franch endistriyèl, touristik oubyen eksplwatasyon min. Tout eksperians sa yo montre, toutotan leta kontinye ap fè dappiyant sou tè peyizan yo pou bay konpayi miltinasyonal yo, peyi a ap vin pi pòv. Peyizan yo ap vin pi pòv, agriliti familyal la ap kontinye febli epi modèl konsomasyon nou ap chanje. Konpayi sa yo ak konplisite leta ayisen, ankouraje peyizan yo vann tè yo tou, nan lide pou fè yo konprann eksplwatasyon min ap pèmèt zòn nan devlope, li ap kreye anpil travay.

Responsab min nan peyi a te rive deklare eksplwatasyon min nan fè pati sektè primè a menm jan ak agrikilti, sa vle di se yon aktivite ki ap bezwen tè pou sa menm. Menm responsab sa a te fè konnen, sèl fason aktivite min nan kapab fèt nan menm zòn kote yo fè agrikilti yo, se nan zonaj. Sa vle di, yo ap fè agrikilti nan yon zòn epi eksplwatasyon min yo nan yon lòt zòn . Alòske aktivite min pa ka fèt nan menm espas kote yo fè agrikilti, tout pwoesis konpayi yo itilize pou fè aktivite sila genyen yon pakèt gwo konsekans sou tout anviwonman an.

Genyen yon konpayi ki fè eksplwatasyon min Sendomeng, nan yon zòn ki rele Kotwi. Peyizan yo pa konsome pwodui ki fèt nan zòn sa a. Tout pwodwi ki fèt nan zòn sa a, se sou mache ayisyen an yo vinn vann yo. Modèl konsomasyon sa yo genyen gwo konsekans sou lavi nou.

Malgré tout konsekans eksplwatasyon min nan kite nan zòn agrikòl yo, leta kontinye kite baryè lib pou konpayi entènasyonal yo vin dechèpiye tout resous ki rete nan peyi a. Eksplwatasyon min genyen gwo konsekans tou sou pwodui n ap konsome yo. Politik piblik leta elabore nan domèn agrikilti a, pa genyen okenn rapò ditou ak revandikasyon peyizan yo.

Diskisyon ak kòmantè

- 1- Èske se oryantasyon yo ki mennen enpak yo, oubyen se enpak yo ki mennen oryantasyon ki pou fè politik piblik yo satisfè popilasyon an ?
- Enpak la se yon etap ki vini aprè aplikasyon mezi politik piblik yo, sa vle di se rezulta politik piblik yo nan yon domèn. Oryantasyon an menm, se yon etap ki genyen plas li depi nan definisyon politik piblik la. Men sa ka rive, depi nan etap oryantasyon yon politik piblik, genyen analiz ki fèt sou ki enpak oubyen ki rezulta politik piblik sa ka bay.
- 2- Parapò ak tout dappiyant leta fè sou tè peyizan yo, èske peyizan yo pa ka rele leta devan lajistis?
- Genyen de (2) bagay ki fondamantal pou nou gade sou aspè sa a : ki modèl leta nou genyen epi ki moun ki kontwole aparèy jistik la. Nou genyen yon leta boujwa, ki pa charye revandikasyon mas popilè yo, epi yon sistèm jistik ki pa fèt pou peyizan vre. Youn nan gwo batay ki dwe fèt sou kesyon sa a, se pou peyizan yo rive konstwi pouvwa yo. Nan batay k ap mennen pou enfliyanse politik piblik yo, batay sa yo dwe mennen nan yon dinamik pou rive akouche yon modèl leta ki genyen rapò ak revandikasyon fondamantal mas popilè yo.

Mouvman sosyal ak popilè yo nan lit pou enfliyanse politik edikatif yo

Entèvenan : Josué Mérilien

Entèvansyon sa chita sou politik piblik nan domèn edikasyon. Genyen anpil kesyon ki te poze tankou : Kisa edikasyon an ye ? wòl li ak enpòtans li genyen nan batay mouvman sosyal ak

popilè yo. Batay ki mennen nan domèn edikasyon an, Kijan nou kapab rive enflíyanse modèl edikasyon an, nan diferan batay n ap mennen yo ?

Kisa ki edikasyon an ye?

Edikasyon an se yon tematik anpil gwo otè abòde plizyè fason. Emile Durkheim defini edikasyon an tankou yon bann aksyon jenerasyon ki te la anvan yo, ap egzèse sou jenerasyon ki fenk ap vini yo. Emmanuel Kant menm, bò kote pa li wè edikasyon an tankou pwosesis ki mennen moun rive nan dimansyon yon moun tout bon. Kidonk, edikasyon an se yon bann valè ki ede yon moun konstwi tèt li kòm moun, epi yon sitwayen nan yon sosyete. Edikasyon an se yon bann konesans ak valè tou yo transmèt bay yon moun ki ede li konstwi tèt li, epi ki ba li yon seri zouti ki kapab ede li reflechi.

Wòl edikasyon an jwe ak enpòtans li nan batay mouvman sosyal ak popilè yo

Edikasyon ki charye yon bann valè ki patisipe nan konstriksyon yon moun pou li vini sitwayen nan yon sosyete, genyen yon wòl fondamantal nan batay mouvman sosyal ak popilè yo. Se yon zouti ki ede moun konprann reyalite l ap viv la, poze kesyon sou reyalite sa a epi aji sou li pou transfòme li.

Si n ap mennen yon batay pou enflíyanse politik piblik nan domèn edikasyon, genyen yon eleman ki enpòtan pou nou gade: liv lekòl yo ap itilize yo. Itilizasyon liv sa yo pa inosan nan modèl ak konpòtman moun yo nan sosyete a. Refleksyon sou edikasyon anndan òganizasyon pwogresis yo osinon popilè yo enpòtan anpil pou nou, nan dinamik chanjman anndan sosyete a.

Batay ki mennen déjà sou polititik piblik nan domèn edikasyon ann Ayiti

Sendika Inyon Nasyonal Nòmalyen ann Ayiti (UNNOH an franse) se youn nan sendika ki te make tout batay ki t ap fèt pou mande refòm nan domèn edikasyon an. Batay li t ap mennen yo te genyen yon dimansyon teyorik ak yon dimansyon pratik. Sendika sa a te fè anpil fòmasyon, ekri liv ak atik sou edikasyon, pou fè analiz sou sitiayson ki t ap pase anndan lekòl yo depi lane 1995

pou rive jounen jodi a. *SOS Edikasyon*, se youn nan dokiman sendika a ekri, ki sèvi chwal batay pou tout revandikasyon k ap fèt nan domèn edikasyon depi lane 1995 pou rive jounen jodi a.

Premye batay ki make listwa edikasyon nan peyi a te fèt nan dat me 1995. Lè Aristid te tounen nan peyi a, parapò ak bidjè edikasyon an ki te anviwon 30 %, te genyen anpil mobilizasyon pou mande ogmantasyon nan bidjè a. Mobilizasyon sa yo te pran chè, kote lekòl te oblige fèmen pandan peryòd sa a. Batay sa a te pote kèk gany tankou : bidjè sa a te jwenn yon ogmantasyon 300 %, epi salè pwofesè yo te plis pase double. Sou dezyèm manda Preval la, nan lane 2006, batay yo te kontinye pou mande amelyore kondisyon lekòl yo ap fonksyone yo. Aprè tout batay sa yo, genyen 20 lekòl ki te rive konstwi.

Pou fini, batay ki te fèt nan domèn edikasyon an, pa anyen devan tout batay ki rete pou nou mennen yo. Òganizasyon k ap batay yo, dwe rantre edikasyon an, nan revandikasyon yo pou fose leta fè li tounen yon sèvis piblik.

Diskisyon ak kòmantè

- 1- Èske genyen diferans ant edikasyon, fòmasyon ak enstriksyon ?
 - Edikasyon genyen plis rapò ak valè ki ap pèmèt yon moun oryante aksyon li ap poze nan yon sosyete. Fòmasyon an se lè yon moun chwazi konstwi tèt li nan yon domèn oubyen yon disiplin. Enstriksyon an menm se sa yon moun rive genyen kòm konesans teknik. Lekòl pa sèl espas ki pèmèt moun resevwa edikasyon, genyen moun ki pa te janm ale lekòl men ki genyen yon nivo edikasyon. Nou pa dwe redui edikasyon ak lekòl sèlman, dayè sa nou rele mounite a se pa lekòl ki bay li.
- 2- Jenerasyon ki te la avan yo, nan sa yo ap transmèt kòm valè bay lòt jenerasyon yo, genyen moman kote valè sa yo ap antre an kontradiksyon. Fòk nou ta analize modèl edikasyon an parapò ak sitiyasyon klas yo anndan sosyete a tou.
 - Genyen yon dokiman sou sistèm edikatif la, ki pale sou pwodiksyon sitwayen konpetitif nan reydon an. Se yon modèl edikasyon ki antre nan yon lojik pou konstwi sitwayen ki koresponn ak pwojè ki genyen pou Ayiti yo. Kidonk modèl edikasyon an p ap janm dekonekte ak enterè klas yo. Jounen jodi a, lekòl yo pote mak fabrik sosyete kolonyal la menm nan fason y ap transmèt edikasyon an.

- 3- Yo redui kesyon sitwayènte a ak vòt sèlman, eleman fondamantal nan sitwayènte a se dwa moun. Edikasyon sitwayènte a pèmèt yon moun konnen tout dwa li genyen nan yon sosyete. Yon moun sitwayen lè li kapab jwi tout dwa li genyen nan yon sosyete. Nan sans sa a, se yon batay kolektif pou fèt pou tout moun rive jwi tout dwa yo genyen nan sosyete a.
- 4- Yo toujou di edikasyon se yon sèvis publik, sa vle di se yon sèvis fondamantal leta genyen responsabilite pou li asire. Ann Ayiti, nou pa wè edikasyon an kòm yon sèvis publik. Dènye resansman *UNICEF* sot fè a montre genyen mwens pase 10% lekòl publik, edikasyon an plis yon sèvis pou fè pwofit. Sa vle di klèman, lajan se mwayen pou yon moun genyen aksè ak edikasyon. Menm nan bidjè ki rezève pou edikasyon, n ap wè ki jan yo pa mete lajan disponib pou sa. Nan lane 2014-2015, edikasyon an te genyen 17 % nan bidjè a. Minis edikasyon Nasyonal te fè siyen yon konvansyon pou edikasyon an vin genyen 35% nan bidjè a. Sou ansyen prezidans defakto Jovnèl Moyiz la, li sòti nan yon pouvantaj 14% pou li rive 9%. Dènye lane sa yo, edikasyon an vin genyen mwens pase 9% nan bidjè a. Si leta pa garanti okenn sitwayen dwa fondamantal sa a, edikasyon an poko janm yon sèvis publik. Nou dwe batay pou li kapab vin yon sèvis publik nan peyi a.

Mouvman sosyal ak popilè yo nan lit pou enflidianse politik sante yo globalman

Entèvenan : Rudy Prudent

Kisa ki yon mouvman sosyal ak popilè ?

Nan listwa peyi a, genyen anpil sitiayson ki pote makfabrik mouvman sosyal ak popilè. Depi menm anvan lendepandans, te genyen yon mouvman ki te fèt nan bwa kayiman ki te rasanble plizyè moun, ki te estime yo genyen menm enterè pou yo defann ak menm lennmi pou yo konbat. Nosyon fondamantal ki genyen nan mouvman sosyal la, se yon plizyè moun ki òganize li, menm si yo pa genyen menm enterè, yo fikse yon objektif pou yo attenn.

Yon mouvman sosyal ak popilè, se yon mouvman ki genyen yon pozisyon klas popilè, ki enskri nan yon dinamik batay pou defann enterè li yo. Se yon mouvman ki rasanble plizyè moun ki genyen yon objektif nan batay li ap mennen yo. Si oryantasyon li pran yo ale nan defann enterè klas popilè yo osinon li pran yon pozisyon klas popilè, se yon mouvman ki pote makfabrik popilè. Menm si anndan yon mouvman sosyal ak popilè, tout kategori klas defavorize yo pa prezan tankou peyizan, ouvriye elatriye, depi oryantasyon mouvman an genyen yon pozisyon klas popilè, se yon mouvman sosyal ak popilè.

Mak fabrik mouvman sosyal ak popilè yo jodi a

Yon mouvman toujou genyen yon pozisyon ak objektif politik li klè. Patisipasyon yon moun nan yon mouvman tradwi angajman li parapò ak kapasite li konpetans li ak pozisyon li. Pouwwa divalyeris ak tout sa ki vin aprè li yo, kraze tout dinamik ki te genyen nan estrikti òganizasyonèl ki te konn ede jèn oubyen nenpòt moun, pou yo angaje yo. Sa vin kreye yon sitiyasyon kote manke angajman ak volonte moun yo nan batay yo jounen jodi a. Epi genyen pwoblèm imedya yo tou ki se blokaj pou mouvman yo. Nou dwe kesyonne mouvman sosyal ak popilè yo, pou konnen ki enpak yo genyen sou sisyete a. Poukisa n ap goumen depi lontan epi rezulta yo pokonjanm rive satisfè nou vre.

Lit ki ap mennen pou enfliyanse politik piblik yo

Yon politik piblik parèt anndan yon sistèm ki genyen plizyè estrikti, se leta ki genyen lejitimate pou defini politik piblik yo. Si mouvman sosyal ak popilè yo ap batay pou enfliyanse politik piblik yo, sa vle di mouvman sosyal ak popilè yo vle enfliyanse leta a tou. Sa mennen nou poze kesyon pou nou konnen èske objektif mouvman sosyal ak popilè yo defini parapò ak reyalite sosyal politik istorik n ap travèse jodi a. Kesyon sa a kapab pèmèt nou konprann pi byen lit mouvman sosyal ak popilè yo, nan pèspektiv pou enfliyanse leta a.

Enfliyanse leta a se yon dinamik politik, sa vle di mouvman sosyal ak popilè yo dwe fikse objektif politik yo. Refleksyon ak analiz ki fèt yo dwe montre politik piblik leta yo pa koresponn ak enterè klas popilè yo anndan mouvman sosyal ak popilè yo. Youn nan bagay ki fondamantal

anndan mouvman sosyal ak popilè yo, se liy ideyolojik la. Si pa genyen yon liy ideyolojik ki defini, mouvman sosyal ak popilè yo pa ka ap batay pou chanje leta a, paske pa gen batay politik san ideyoloji.

Politik sante

Politik sante a se yon mòso nan politik piblik leta a. Genyen plizyè lòt detèminan ladan li tankou nitrison, vaksinayon, repwodiksyon elatriye. Elaborasyon yon politik piblik dwe reponn ak prensip òganizasyon, estrateji ak mwayen pou atenn objektif ki fikse yo, nan yon tan ki detèmine bidjè, resous materyèl yo, konpetans ki nesesè yo, epi relasyon ak tout aktè yo.

Pou fini

Pwosesis pou rive enfliyanse politik piblik yo pa yon demach ki definitif. Paske mouvman sosyal ak popilè yo pa kontwole aktè ki gen lejitimate pou elabore politik piblik yo. Nan sans sa a, mouvman sosyal ak popilè yo dwe ale nan yon demach pou kesyone leta a, chanje modèl leta a pou yo kapab konstwi yon lòt model leta. Yon leta ki pote makfabrik popilè, ki ap konsidere revandikasyon mas popilè yo, pou elabore politik piblik ki ale nan enterè yo.

Diskisyon ak kòmantè

- 1- Leta pa konn egzistans moun ki ap viv nan kanpay yo jounen jodi a paske genyen moun nan zòn sa yo ki pa janm rankontre ak medsen ditou, ki poko janm vaksine yon fwa nan lavi yo. Genyen maladi Divalye t ap eseye eliminate nan Bèlfontèn ki egziste toujou, jodi a nou pa ka ap pale sou politik piblik nan domèn lasante. Politik piblik leta di ki egziste nan domèn lasante a, pa anfavè popilasyon an vre. Leta pa genyen okenn kontwòl sou medikaman ki ap antre nan peyi a menm. Epi si leta pa rive kontwole fwontyè yo ak yon politik sou tout teritwa nasyonal la, kijan li p ap kapab anpeche maladi antre nan peyi a.
- 2- Èske mouvman sosyal ak popilè yo antre medsin tradisyonèl la nan kad revandikasyon yo ap pote yo?

- Depi ventyèm syèk la, genyen yon pakèt travay ki kòmanse fèt nan medsin tradisyonèl la, men nou pa konnen travay sa yo paske pa genyen pwopagann ki fèt sou yo. Nou dwe aprann konnen yo pou nou valorize etid sa yo. Genyen gwooup rechèch ki spesyalize yo nan medsin tradisyonèl la tou, men leta pa rekonèt pwofesyonèl sa yo.
- Medsin tradisyonèl la se yon pakèt konesans nou genyen nan kilti nou depi lontan, kidonk li gen plas li nan sosyete a. Mouvman sosyal ak populè yo dwe charye kesyon sa a nan tout revandikasyon y ap pote yo, pou leta rekonèt pwofesyonèl ki nan domèn sa a epi pou li mete plis estrikti ladan l tou.
- 3- Kijan pou nou rive idantifye lennmi oubyen ajan sistèm dominan an ki nan mitan mouvman sosyal ak populè yo?
 - Pa genyen yon respons egzat sou kijan pou nou rive idantifye yon moun nan mitan òganizasyon yo, k ap fonksyone yon fason ki pa mache ak enterè tout manm yo. Youn nan difikilte ki genyen yo, se kesyon fòmasyon ak fonksyonman òganizasyon yo, epi lavi òganizasyon yo. Anpil fwa nou konn panse òganizasyon yo pa genyen yon sitèm fonksyònman. Yon òganizasyon tankou yon sistèm, li fonksyone menm jan ak yon moun (li egziste, li kapab malad, li kapab mouri tou). Anndan yon òganizasyon, tout moun yo pa genyen menm objektif ak menm angajman. Nou dwe aprann konnen moun yo anndan òganizasyon yo, pou nou etidye wòl yo pi byen parapò ak diferan aksyon yo ap poze yo. Mouvman sosyal ak populè yo dwe fèt, apati estrikti òganizasyonèl yo. Nan sans sa a, òganizasyon yo dwe djanm. Jounen jodi a, òganizasyon yo plis yon rasanbleman moun ki pa genyen okenn fòmasyon ak konviksyon ideyolojik. Genyen yon nesesite pou nou ranfòse estrikti òganizasyon yo. Òganizasyon ki ap akonpaye òganizasyon peyizan yo tou (tankou PAPDA, ICKL elatriye) dwe gade tèt yo nan fason y ap fonksyone yo tou. Parapò ak konjonkti n ap viv jounen jodi a, òganizasyon ki ap akonpaye òganizasyon baz yo, dwe gade ki wòl yo, epi gade kòman yo kapab mete pi bon estrikti sou pye, pou kapab fè fas ak tout defi kontèks la prezante yo. (defi politik, kiltirèl, anviwònmantal, kiltirèl elatriye)
 - 4- Anpil moun ki ap viv nan kanpay yo, se medsen fèy yo plis konsilte. Nan konba n ap mennen pou nou enfliyanse politik sante piblik yo, èske nou pa ta dwe ranfòse medsin tradisyonèl la, oubyen pèmèt ni medsin tradisyonèl ak medsin konvansyonèl la travay ansanm, nan yon dinamik pou youn konplete lòt?

- Medsin tradisyonèl la pa kapab ranplase medsin modèn nan, medsin modèn nan pa kapab ranplase medsin tradisyonèl la tou. Demach la se ta pito chache yon atikilasyon nan mitan medsin tradisyonèl la ak medsin modèn lan.

Oryantasyon medsin modèn nan osinon medsin biyolojik la se pou geri maladi yo apati resous ki egziste nan medsin tradisyonèl la, sa vle di apati pwodwi chimik ki nan plant yo. Eksperyans jenerasyon anvan yo te genyen nan itilize pwodwi chimik ki nan plant yo, se baz travay rechèch gwo laboratwa medsin modèn yo ap fè, pou idantifye prensip aktif yo (prensip ki ka trete maladi yo), pou transfòme yo, epi fabrike medikaman nan laboratwa pou vin vann sou mache a. Medsin modèn nan devlope nan kad devlopman sistèm kapitalis la, objektif prensipal li se fè pwofi.
 - Medsin tradisyonèl la se yon pakèt konesans ki sòti nan tradisyon nou ki toujou egziste epi ki kontinye ap kenbe. Malerezman modèl leta boujwa nou genyen la, rekonèt medsin modèn lan sèlman. Leta pa rive devalorize medsin tradisyonèl la nèt, paske genyen kèk gany ki te rive fèt nan peryòd 1991 lan. Nan peryòd sa a, te genyen yon pakèt kesyon ki t ap poze anndan sosyete a, sektè sante a t ap plede poze yon bann kesyon tou li menm. Youn nan gany ki te rive fèt, leta rekonèt nesesite pou genyen estrikti anndan li ki okipe medsin tradisyonèl la. Yo te rive kreye anndan *Ministè Sante Piblik pou Popilasyon* an (MSPP) yon direksyon medsin tradisyonèl, men aprè koudeta Aristid la, kesyon medsin tradisyonèl la te vin tonbe.
 - Medsin tradisyonèl la ak medsin modèn nan oblige makònnen, pou nou kapab wè kijan nou kapab pi byen atikile batay n ap mennen yo, pou tout moun genyen bon jan lasante. Sante yon moun, pa rete sèlman nan trete maladi, li regwoupe yon pakèt lòt eleman ki fondamantal tankou : nitrisyon, bon kondisyon lojman, viv nan yon anviwònman ki sen, lwazi, elatriye. Tout eleman sa yo antre nan medsin modèn ak nan medsin tradisyonèl la.
- 5- Ki preyokipasyon sektè sante a genyen sou kesyon medikaman ki ap vann toupatou nenpòt kijan nan peyi a?
- Sou kesyon medikaman ki ap vann nan nenpòt ki kondisyon yo, leta konnen medikaman pa kapab nan politik baryè lib la. Leta fè yon chwa nan politik piblik li elabore nan domèn sante a. Yon politik piblik sante ta dwe poze pwoblèm sa yo: mache lib, pwodiksyon nasyonal, kijan moun manje elatriye. Paske elaborasyon yon politik piblik sante pa kapab izole, li dwe konekte ak yon pakèt lòt sektè.

- 6- Èske genyen yon asosyasyon pwofesyonèl medsen ki kouvri tout peyi a?
- Jiskaprezan nou poko rekonèt yon asosyasyon medsen nan peyi a, men genyen medsen osinon pèsonèl sante, ki nan òganizasyon pwofesyonèl.

Mouvman sosyal ak popilè yo nan lit pou enfliyanse politik sante fanm

Entèvenan : Lise Marie Déjean

Lasante anjeneral

Lasante se yon dwa fondamantal, menm jan ak tout dwa epi ki makònnen ak tout lòt dwa yo. Sante fanm genyen twa branch ladan li : sante seksyèl, sante repwodiktiv ak sante nitritiv. Sante seksyèl la se tout sa ki konsène aparèy jenital fanm nan: enfeksyon seksyèlman transmisib, gwochès, akouchman elatriye. Sante repwodiktiv la, se tout sa ki konsène kesyon nan fè pitit. Sante nitritiv la genyen anpil enpòtans nan lavi tout moun, sitou fanm yo. Paske, fòk fanm yo byen nouri pou timoun yo kapab an sante.

Lè n ap pale sou kesyon politik sante a, li enpòtan pou nou gade kisa lalwa di sou sa tou. Nan yon atik ki pale sou dwa moun, konstitisyon an di leta genyen obligasyon pou garanti tout moun dwa pou yo genyen lavi, lasante ak respè kòm moun. Leta genyen obligasyon tou, pou garanti popilasyon an jwenn bon jan sèvis swen ki reponn ak bezwen yo. Leta pa respekte sa ki ekri nan konstitisyon an, leta pa menm konnen konbyen moun ki genyen nan peyi a, alewè pou sèvis yo ta rive jwenn tout popilasyon an.

Genyen plis pase 20 lane depi pa genyen resansman ki fèt nan peyi a, alòske sa ta dwe fèt chak 10 lane pou leta konnen konbyen moun ki genyen nan peyi a. Dènye resansman an te fèt nan lane 2003, youn te fèt nan lane 1954 sou Magloire. Sa vle di, leta pa janm konnen vre kantite moun li dwe ba yo sèvis la. Li pa konnen konbyen fanm tou ki mouri nan fè pitit, chif ki konn bay sou kantite fanm ki mouri nan fè pitit yo, se jis yon estimasyon. Moun ki ap travay nan sèvis sa a, pa kolekte chif yo vre. Dwa lasante ki makònnen ak dwa lavi an, se yon bagay ki prèske pa egziste nan peyi a.

Lè nou konsidere desizyon leta a pran kòm politik piblik pou pèmèt dwa lasante egzèse, se yon bann pwogram ki genyen tankou: Sida, vaksinasyon, planin, elatriye. Genyen nesesite pou leta travay pou mete Politik Piblik nan domèn sante a kanpe.

Politik sante fanm

Sèvis leta bay yo pa cadre ditou ak sa ki ta dwe fèt, manke pèsonèl ak resous pou sa a. Leta pa ankadre pwofesyonèl ki nan domèn lasante a tou, sa lakòz anpil nan yo kite peyi a (depèdisyon resous). Òganizasyon Mondyal Sante defini sante a kòm tout kondisyon byennèt jeneral mantal ak sosyal. Se pa sèlman lè yon moun pa malad, li an sante. Pou fanm yo, sante a kondisyone nan jan soyete a taye bonèt la pou kategori sa a. Tout kondisyon soyete a mete yo, se yon fwaye maladi pou fanm yo. Soyete a bay fanm wòl pou yo okipe timoun ak kay, nan kondisyon sa a genyen risk pou fanm fè aksidan tou. Anplis, kèk enstitusyon tankou OFATMA kòm enstans ki ta dwe okipe kesyon sa a, pa pran responsablite li.

Travay atelye

- 1- Kòman nou konsidere kò nou menm fanm anfas sistèm swen sante an ?
- 2- Kisa òganizasyon fanm yo dwe fè (kapab fè) pou kontre sistèm swen yo epi pou oryante politik piblik yo?

Rezulta gwoup 1

- 1- Absans sèvis sante piblik pou nou menm kòm fanm fè nou vilnerab.
- 2- Òganizasyon fanm yo dwe fè travay fòmasyon ak konsyantizasyon, pou ranfòse kapasite òganizasyon fanm yo ki nan mouvman sosyal ak popilè yo. Òganizasyon yo dwe ranmase revandikasyon yo tou, mennen kanpay, fè pledwaye ak mobilizasyon pou oryante politik piblik yo nan sans revandikasyon mouvman sosyal ak popilè yo.

Rezulta gwooup 2

- 1- Kò nou pa yon priyorite pou sistèm sante a nan peyi Dayiti, kò nou ap kouri gwo risk fas ak sistèm sante a. Tifi yo ap soufri yon pakèt maladi nou pa te konn wè anvan (tankou kis). Òganizasyon fanm yo dwe ranfòse mouvman sosyal ak popilè yo, pou chavire modèl leta sa a. Yo dwe kontinye ak batay mobilizasyon yo, sansibilize ak fè fòmasyon pou fanm k ap viv nan zòn riral yo, sou sante kò yo fanm yo, pou yo kapab rive genyen konsyans sou sitiyasyon y ap viv la Òganizasyon fanm yo dwe fè fòmasyon pou òganizasyon baz yo, pou yo kapab ranfòse nan zòn riral yo.

Rezulta gwooup 3

- 1- Nou santi nou vilnerab sitou fanm ansent yo, paske pa gen estrikti vre nan sistèm swen peyi a.
- 2- Òganizasyon fanm yo dwe denonse leta ki pa janm vle pran responsabilite li, fè pledwaye pou fòse leta pran responsabilite li pou anpeche plis fanm mouri nan bay lavi

Diskisyon ak kòmantè

- 1- Fanm yo dwe konn kò yo ak dwa yo. Fanm yo dwe chache konnen tout sa dirijan leta Ayiti ap siyen ki pa anfavè yo. Tankou sou kesyon planin nan, se sou fanm ayisyen yo te eseye li, nan fen lane 1950 nan lopital chansrèl. Estatistik yo te montre, genyen 38 % fanm ki fè planin, men anvan sa li te 32%. Eksperyans planin nan, se te pou antre nan lojik ki di se twòp moun ki genyen ki fè peyi a pòv, se pou fanm yo te fè mwens pitit.
- 2- Genyen kèk ekspresyon gason konn itilize tankou « kraze », pou dekri relasyon seksyèl yo genyen ak yon fanm. Ekspresyon sa yo antre nan lojik pou detèmine fanm tankou yon
- 3- Edikasyon seksyèl la enpòtan pou entegre nan pwogram lekòl klasik la. Mouvman sosyal ak popilè yo dwe antre kesyon sa a nan revandikasyon n ap mennen yo. Paske, anpil lòt espas sosyalizasyon tankou fanmi ak legliz pa janm vle pale koze sèks la ak jèn adolesan yo, sitou sa yo ki kòmanse nan laj pibète yo.

**BRANCH REFLEKSYON SOU PATISIPASYON
MOUVMAN SOSYAL AK POPILÈ YO NAN
ENFLIYANSE ORYANTASYON POLITIK PIBLIK
YO**

Rapò mouvman sosyal ak popilè yo ak pouvwa Leta: konsepsyon teyorik ak eksperyans lapèrèz

Entèvenan : Kepler Aurelien / Marc-Arthur Fils-Aimé

Kisa idantite a ye?

Idantite a se sa ki distenge yon moun ak yon lòt moun. Globalman se sa ki fè makfabrik yon moun parapò ak yon lòt moun. Idantite a kapab kolektif nan kad yon òganizasyon, yon mouvman osinon yon sektè. Se idantite a ki fè makfabrik yon mouvman osinon yon sektè parapò ak yon lòt mouvman osinon yon lòt sektè. Si idantite yon moun se sa ki fè makfabrik moun sa a parapò ak yon lòt moun, **kisa ki fe plizyè moun ak idantite pa yo anndan yon gwoup osinon yon mouvman kapab rive konstwi yon idantite kolektif?**

Youn nan bagay ki fè idantite yon gwoup, se menm revandikasyon ak menm ideyoloji gwoup sa a genyen yo. Idantite yon gwoup, se sa ki pèmèt nou idantifye ideyoloji ak revandikasyon yo genyen ansanm yo. Kidonk, menmsi chak moun genyen pwòp idantite pa yo, idantite sa yo vin tounen idantite yon gwoup moun.

Idantite politik ak Idantite ideyolojik

Idantite politik la se tout dispozisyon, tout abitid ak reflèks, tout eksperyans, yon seri òganizasyon osinon yon seri gwoup moun genyen pou yo pozisyone yo nan yon konjonkti politik. Se dispozisyon ak reflèks yo devlope sou baz eksperyans yo fè ansanm yo, ki fè yo kapab pran menm pozisyon nan yon konjonkti politik. Genyen kèk òganizasyon ki genyen yon oryantasyon sosyalis ak yon idantite ideyolojik, sa vle di yo genyen yon pwojè sosyete yo pataje ansanm nan jan yo wè sosyete a, ak nan fason yo vle transfome li ansanm, men nan yon konjonkti politik, yo pa oblige genyen menm pozisyon.

Kidonk, idantite ideyolojik lan se tout sa ki simante nou, sou fason nou wè sosyete a, ak fason nou vle transfome sosyete sa a. Idantite politik la se sa ki simante nou ki fè nan yon konjonkti nou genyen dipozisyon pou nou pozisyone nou menm jan nan menm konjonkti a.

Kidonk idantite politik la, se abitid nou genyen nan pozisyone nou nan konjonkti yo parapò ak ekip ki sou pouvwa yo, parapò elekson yo. Youn nan aspè ki fondamantal nan idantite politik la, se kòman nou abòde kesyon pouvwa a. Genyen yon lòt diferans tou ant idantite politik ak idantite ideyolojik, idantite ideyolojik la genyen tandans dire pi lontan. Kidonk, li pi fasil pou genyen chanjman nan idantite politik la pase idantite ideyolojik la.

Idantite politik mouvman popilè ayisyen an aprè lane 1986

Youn nan makfabrik idantite politik mouvman popilè a aprè lane 1986 la genyen, se yon mouvman ki konsantre batay politik li yo plis sou tèren lit revandikatif yo, pandan li genyen tandans pou li pran distans ak demach elektoral yo. Menmlè idantite politik la ak idantite ideyolojik la se 2 reyalite diferan, yo konekte youn ak lòt. Idantite ideyolojik la oryante chwa politik yo, sa vle di li plis rapwoche li ak liy taktik la. Idantite ideyolojik la plis rapwoche vizyon estratejik la. Menmlè konn genyen diferans nan nivo idantite politik òganizasyon yo, sa pa anpeche yo genyen menm vizyon ideyolojik. Sa pa anpeche konn genyen diferans ideyolojik tou ki alimante diferans politik yo. Ti diferans sa yo konn plis chita sou tandans teyork yo. Genyen kèk òganizasyon aprè lane 1986 ki pa batay sèlman sou baz revandikasyon sektoryèl espesifik yo. Òganizasyon sa yo pran revandikasyon sa yo, yo mete yo nan kad yon chanjman revolisyònè, epi yo marye yo ak enterè estratejik klas popilè yo. Pifò nan yo mennen konba sa yo plis sou tèren lit revandikatif yo. Men lè kontèks elektoral yo rive, yo santi yo pa pare sou plan òganizasyonèl osinon yo estime kondisyon politik yo pa adapte sou baz sa yo ye a.

Konsta sa fèt depi aprè elekson 1990 yo pou rive nan dènye elekson ki te genyen yo. Se sèlman nan elekson 16 desanm 1990 yo, te genyen patisipasyon mouvman popilè ayisyen an. Aprè sa nou jwenn yon jefò patisipasyon kèk kote nan nivo reyjonal, pou pòs senatè, depite elatriye. Nan elekson 2005-2006 yo, malgre te genyen entèvansyon enperyalis yo, te genyen patisipasyon kèk òganizasyon pwogresis, men yo pa t voye moun pou kandida. Òganizasyon progresis sa yo te apiye kandidati Preval la, nan lide pou yo te bare Charles Henri Baker. Genyen anpil lòt òganizasyon pwogresis ki te boude elekson an.

Depi apè lane 1986, òganizasyon pwogresis mouvman popilè ayisyen an, toujou rete nan lit revandikatif, epi toujou pran distans parapò ak pouvwa leta a. Se sa ki idantite politik mouvman

popilè ayisyen an aprè 1986. *Men kisa ki eksplike modèl idantite politik sa a epi ki kote li sòti ?* Genyen twa (3) pwopozisyon repons pou kesyon sa a.

Premye eleman ki sèvi siman pou konstriksyon idantite politik mouvman popilè ayisyen an aprè 1986, se fason nou apwopriye referans maksis ki gide lit popilè ayisyen yo aprè 1986. Konsepsyon maksis ki wè leta a tankou aparèy ki la pou sèvi moun ki nan klas dominan yo. Karl Marx te yon filozòf ak ekonomis alman ki te pote tout kontribisyon li nan esplike chanjman nan listwa apati konfwontasyon ak lit ki genyen nan mitan klas sosyal yo tankou : kontradiksyon ant ouvriye ak patron, ant peyzan ak grandon. Genyen plizyè lòt moun ki reprann lide sa a, se sa yo rele panse maksis la.

Anndan panse maksis la, genyen tandans leninis la ki pote non Vladimir Lenine epi tandans twotskis la ki pote non Léon Trotsky. Anndan maksis leninis la, genyen tandans mawoyis la ki pote non Mao Tse-Tung. Tandans sa a te genyen gwo enfliyans sou pati politik sosyalis ki t ap fonksyone an kachèt pandan diktati Duvalier yo, epi li kontinye enflianse mouvman popilè a aprè 1986. Genyen yon òganizasyon politik lagoch ki t ap goumen pandan diktati a ki rele *Ann Avan*, ki te genyen oryantasyon mawoyis la. Òganizasyon sa a te genyen anpil lyen òganik ak òganizasyon ki te parèt nan konjonkti 1986 la. Kidonk, oryantasyon maksis mawoyis la te make idantite politik mouvman popilè a ki te konsantre plis nan lit revandikatif yo. Poukisa ?

Youn nan lide enpòtan nan referans mawoyis yo se sa ki rele *liy mas yo*. Konsèp sa a montre enpòtans fondamantal mas popilè yo genyen nan pwosesis revolisyonè a. Sa vle di, pou pwosesis revolisyonè a reyisi fòk mas yo patisipe. Sa mande yon gwo travay edikasyon bò kote mas popilè yo pou yo kapab ranmase pwosesis revolisyonè a. Vizyon sa a depaman ak yon vizyon sou pwosesis revolisyon sosyalis la ki rele *fokis*, ki te devlope nan Amerik latin nan. Pou vizyon *fokis* la, se yon nwayo avèk zam ki dwe lanse pwosesis revolisyonè a, epi pou mas popilè yo suiv li. Enfliyans tandans mawoyis la, sitou apati konsèp *liy mas yo*, te debouche sou yon gwo travay edikasyon popilè kòmanse nan lane 1986, nan lide pou yon seri entelektyèl òganik plonje nan mas yo.

Yon lòt lide enpòtan nan panse mawoyis la ki te enflianse lit popilè aprè 1986 yo, se konsiderasyon Mao te genyen sou mas peyzan yo kòm fòs motè prensipal revolisyon chinwa a. Pandan revolisyon 1949 nan peyi Lachin nan, peyzan yo se gwoup sosyal ki te pi plis pam i tout gwoup ki te aktif nan lit revolisyonè yo. Kidonk pandan revolisyon sa a, se peyzan yo ki te

reprezante fòs prensipal la. Ouvriye yo menm te reprezante fòs dirijan an, sa vle di gwoup ki te genyen plis kapasite pou pran inisyativ pou mennen revolisyon an.

Nan listwa peyi Dayiti, peyizan yo te reprezante fòs prensipal nan lit pou transfòme kondisyon lavi mas yo. Tout pi gwo batay ki mennen nan peyi a depi 19^{yèm} syèk la pou rive nan 20^{yèm} syèk la, se peyizan yo ki mennen yo. Se jis nan lane 1920, blan meriken yo te rive kase tradisyon lit ame peyizan yo pandan peryòd lokipasyon an. Men peyizan yo te kontinye goumen sou lòt fòm. Tandans mawoyis ki wè peyizan yo tankou fòs prensipal nan lit revolisyonè yo, te enfliyanse travay enstitisyon edikasyon popilè yo ann Ayiti. Se sa ki eksplike travay edikasyon popilè aprè 1986 yo te fèt sitou bò kote peyizan yo, kòm fòs prensipal lit pou revolisyon sosyalis la nan peyi a.

Dezyèm siman an se konba kont lennmi mouvman sosyal ak popilè yo genyen ansanm yo. Batay sa yo ki sèvi kòm siman an chita sou distans ki genyen parapò ak pouvwa leta a. An jeneral, batay nou Mennen yo pwodwi diskou ak abitid ki sèvi kòm referans pou nou idantife lennmi nou epi chwazi kòman nou ap batay kont yo. Kòm lit popilè apre 1986 yo te sitou lit revandikatif, mouvman popilè ayisyen an te vin devlope yon tradisyon konsantre nan fòm lit sa yo epi neglige konba pou pou pran pouvwa a. Lè prezidan Aristid te tounen soti nan egzil nan mwa oktòb 1994 la, nan kondisyon li te tounen yo (anba bòt militè Etazini epi pou li vin aplike politik baryè lib nan peyi a), sa te ranfòse yon tandans nan mouvman popilè ayisyen an ki fè kwè «*depi yon militan antre nan leta kòwonpi sa a, leta ap bwè li* ». Sa te ranfòse konviksyon anpil militan pou yo konsantre yo sou lit revandikatif yo san yo pa antre nan konba elektoral yo.

Twazyèm eleman ki sèvi siman nan konstriksyon idantite politik mouvman popilè ayisyen an aprè 1986, se yon seri referans legliz katolik ak yon seri senbòl. Mouvman popilè aprè 1986 la te parèt nan yon konjonkti, kote teyoloji liberasyon an avèk eksperyans *Ti Kominote Legliz* (TKL) yo te jwe yon gwo wòl, nan fè fòmasyon pou òganizasyon yo epi pwoteje yo kont rejim divalyeris la ak represyon makout yo. Espas legliz yo te vin tounen espas pou diskite sou politik tou. Genyen yon bann pè ak mè pwogresis ki te pote kontribisyon pa yo tou nan lit politik la. Konsa, diskou legliz la te genyen gwo enfliyans sou lit yo.

Genyen yon bann referans nan labib yo te itilize, pou montre moun ki anba opresyon pa dwe pasif, fòk yo leve kanpe. Genyen yon seri valè tankou lespri sakrifis ki te konn gide lit popilè yo tou. Genyen anpil moun ki te mouri nan batay la, genyen lòt ki te pran anpil risk tou. Anpil

moun te konsidere moun sa yo kòm yon sovè. Senbòl reliye sa yo te tèlman fò, yo te pèmèt anpil militan rete atache ak lit revandikatif yo avèk anpil konviksyon epi sakrifis, san yo pa analize pètinans angajman yo pran nan chak konjonkti politik yo.

Idantite politik mouvman popilè a nan kontèks elektoral yo.

Daprè istoryen Roger Petit-Frère, nan premye eleksyon yo te mete Desalin anperè a, se yon gwoup moun ki te fè chwa sa a, rès mas popilè yo pa t patisipe ladan. Nan lane 1915 sou lokipasyon, blan meriken yo te fè anpil koripsyon nan zafè eleksyon an, yo te bay depite ak senatè yo lajan pou yo te vote Bòno, ki pa t ranpli kondisyon pou li te patisipe nan eleksyon sa a paske li pa t ayisyen. Sou prezidan Maglwa nan lane 1950, se premye eleksyon ki fèt ki te bay tout moun dwa pou yo vote. Malgre fanm te vote men yo pa t kapab poze kandida. Se jis nan lane 1957, fanm yo te kapab kandida men se pa pou tout pòs. Peyizan ak moun ki pa t konn li pa t kapab patisipe nan eleksyon yo. Pandanstan pi fò moun ki pa t konn li yo, se yo menm ki t ap pwodwi richès nan sosyete a.

Nan konjonkti elektoral lane 1988 ak 1990 la, mouvman sosyal ak popilè yo te patisipe anpil nan pwosesis elektoral yo. Avan sa a, te genyen yon konstitisyon ki te vote nan dat 29 mas 1987 la, ki te anpeche kèk òganizasyon nan sektè popilè a patisipe. *Ann Avan* se youn nan òganizasyon sa yo ki pa t patisipe, li te estime konstitisyon an genyen yon karaktè liberal demoratik. Serge Moscovici rele konpòtman sa a yo *minorite aktiv*. Se sa ki fè yon òganizasyon pwogresis, dwe genyen yon enterè pou li defann osinon pou li kanpe bò kote klas minorité yo. Òganizasyon *Ann Avan* pa t rive fè sa, yo te rete konsekan nan konviksyon yo, men yo pa t rive chanje rapò fòs lan. Sa pa t anpeche pèp la te patisipe anpil nan eleksyon yo. Pwofesè Jean Casimir ki te nan konsèy elektoral la nan epòk la te di : «te genyen plis pase 67% moun ki te patisipe ». Menm nan bilten yo te anile pou kesyon teknik yo, lespri vòt la te preznan. Aristid te genyen anpil vòt nan bilten sa yo. Moun ki t ap vote nan bilten yo te mete **koukouyoukou** ki senbolize kòk kalite a, sa ki te anblèm pati a nan epòk la. Tout sa yo montre lespri vòt pèp la ak anpil motivasyon moun yo te genyen pou yo te vote Aristid.

Pandan peryòd sa a, tenperialis maeriken an te bay anpil lajan pou yo te fè magouy nan eleksyon yo. Menm Aristid yo te ofri lajan tou pou li te sòti nan eleksyon an, pou li te kapab bay

Marc Bazin pase. Nan dat 6 janvye 1991, te genyen yon tantativ koudeta kont aristid. Mas popilè yo te mobilize epi yo te pran lari pou yo te reklame vòt yo. Enperyalis ameriken an te resi nan yon sitiyasyon kote li genyen yon pozisyon, men li pa kapab fè li pase, yo te oblige repliye yo. Tout mobilizasyon sa yo te fèt nan lide pou yo pa kite yo bay Marc Bazin pouvwa a, paske li te sèvi kòm tchoul enperyalis la pou aplike politik neyoliberal yo. Kidonk, pèp la te bezwen yon lidè ki kapab pote revandikasyon li yo nan tèt pouvwa a. Se konsa mas popilè yo te rive chwazi Arisitid pou prezidan, menm lè te gentan genyen anpil eslogan ki t ap dekri tout boulvèsman ki te genyen nan sosyete a nan epòk sa yo.

Konjonkti lane 1995 la te genyen plizyè regwoupman pati politik ak plizyè òganizasyon popilè ki te vinn pran distans yo ak leta. Nan konjonkti elektoral 2000-2001 an, te genyen menm pozisyon sa tou pou yo pa t sipòte Aristid nan eleksyon yo. Genyen yon regwoupman 7 òganizasyon ki te kanpe anfas Aristid. Nan konjonkti elektoral sa a, fanmi lavalas la te enskri tèt li nan yon dinamik pou pèvèti yon seri òganizasyon popilè, moun nan katye popilè yo te toujou rete atache ak Aristid. Nan menm konjonkti sa a, eleksyon yo te vin fèt men ak yon fèb patisipasyon mas popilè yo.

Parapò ak fèb nivo patisipasyon mas popilè yo nan eleksyon yo, kojonkti sa a te tou louvri sou yon peryòd kriz, nan menm jounen enstalasyon Mèt Gerard Gourgue kòm prezidan, enstalasyon aristid kòm prezidan t ap fèt yon lòt kote. Se nan menm konjonkti sa a, nan lane 2002-2003 mouvman sosyal ak popilè yo parèt sou sèn politik la ankò nan yon anbyans batay boujwazi a te kontwole. Apre menm evènman sa yo, genyen de (2) chanjman ki te fèt nan mitan mas popilè yo. Mouvman sosyal ak popilè yo soti nan lane 86, ki te mobilize pou Aristid vini prezidan an te pran distans yo jouktan yo te rive jete li sou pouvwa a. Te genyen yon pwosesis tou pou ame moun nan katye popilè yo, pou defann pwojè politik politik lavalas la.

Nan konjonkti elektoral ki te genyen nan lane 2005-2006 la, mouvman sosyal ak popilè yo ki te patisipe nan konbat Arisitid la te mobilize pou vote Preval. Baz lavalas yo te genyen an te jwe yon gwo wòl pou fè Preval bon nan eleksyon yo. Chanjman sa a te fèt nan yon fason pou bare Baker ansanm ak Manigat ki te genyen yon diskou elitis parapò ak mas yo. Volonte pou vote Preval la te genyen rapò ak lajan petwokaribe an tou, ki ta pral yon defèt pi devan parapò ak movejesyon yo te fè ak lajan sa a. Kidonk, se pat yon gany vrèman pou mas popilè yo, menm lè te genyen kèk endikatè ekonomik ki te pale sou kwasans ekonomik.

Diskisyon ak kòmantè

1- Genyen anpil move pratik nan òganizasyon popilè yo ki patisipe nan kraze mouvman popilè yo. Nan kad mouvman popilè ki te genyen nan lane 1995 yo, genyen anpil animatè òganizasyon yo ki te nan mawon, yo te kite peyi a. Genyen ki te abandone, malad osinon ki te mouri. Sou kesyon alfabetizasyon an menm, genyen anpil dekourajman bò kote moun ki t ap fè fòmasyon yo. Yo pa t dakò montre granmoun yo li ak ekri ankò. Tandiske, alfabetizasyon an se yon eleman enpòtan ki te konn pèmèt moun ki nan klas popilè yo pa mode lage nan mobilizasyon yo. Paske se deba ki te konn genyen nan klas alfabetizasyon yo, ki te konn kenbe moun klas popilè yo nan batay la. Genyen anpil lòt move pratik ankò ki te patisipe nan kraze batay popilè a tankou: bay manje ak lajan aprè seyans travay nan klas alfabetizasyon yo, osinon chak lè moun yo vini nan reyinyon yo.

2- Nan eleksyon ki te genyen nan lane 2005 yo Baradè, *Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen* pa te patisipe, paske li pa t dakò ak eleksyon yo. Konsa, depi yon responsab òganizasyon an te patisipe nan eleksyon yo, TK te retire moun sa a nan fonksyon li. (li te vin genyen estati manm sèlman)

-Sou kesyon sa a, genyen Konsèy Egzekitif Nasyonal Pèmanan (KENP) ak Konsèy Nasyonal la (KN) ki te konn genyen pozisyon pou yo pa patisipe nan eleksyon. Men genyen kèk manm ki te konn patisipe kanmenm, menmsi yo pa te kandida, yo te konn apiye kèk kandida. Pwooblèm sa a sòti nan yon defòmasyon ki sòti nan ideyoloji pati *Ann Avan*, ki di se nan revolisyon pou pèp la pran pouvwa a, li pa bezwen patisipe nan eleksyon yo pou sa fèt. Se paske pa genyen okenn plan altènatif ki fè genyen tout difikilte sa yo nan mouvman sosyal ak popilè yo.

3- Genyen de (2) pwopozisyon nou kapab konsidere sou kesyon gang yo: 1)fòk nou goumen pou nou genyen yon gouvènman pwovizwa, ki pou kreye yon klima politik pou kase nivo gang yo epi pou bay yon bon klima elektoral. 2) Mouvman sosyal ak popilè yo dwe antre nan mas yo pou yo kapab genyen pouvwa konvokasyon ak mobilizasyon nan mas yo

-Sitiyasyon sa a fè nou reflechi ak tèz pwason nan dlo a. Se youn nan taktik yo te sèvi nan peyi Gwatemala ak sandinis yo. Se menm taktik sa a enperyalis la itilize, lè li mete zam nan men tout jèn nan tout katye popilè yo, epi montre nou se sèlman rejim PHTK a ki kapab mete yon klima lapè. Sa vle di rejim sa a se maladi a, epi li se remèd la tou. Depi rejim sa a rive pran pouvwa, gang yo ap kaba paske se li menm ki ap kontwole yo.

-Lòt bagay ki enpòtan se ki kapasite mouvman sosyal ak popilè yo genyen pou kase izolman Ayiti sou tèren entènasyonal la ak tèren enstitisyonèl yo tou, pou chache solidarite. Paske, lè nou gade nan eksperyans eleksyon ki te fèt nan dènye lane yo, se sèlman 500 mil moun ki te patisipe nan eleksyon yo pou vote prezidan. Genyen kèk pati politik enfliyan nan eleksyon an, ki te menm peye moun pou yo pa ale vote, yon fason pou genyen mwens moun ki te al vote, yon jan pou yo te kapab achte elektora a yo menm.

4- Nou dwe gade ki kapasite Nasyonzini genyen pou jwe sou tèren enstitisyonèl yo, yon fason pou yo rive kase izolman ayiti a. Genyen òganizasyon machin elektoral la tou ki nan konsantrasyon biwo vòt yo, ki rann depi genyen mwens patisipasyon, sa fasilité plis moun bay kòb anba anba pou achte elektora yo. Se yon inisyativ ki la pou kraze lit mouvman sosyal ak popilè yo.

-Nou dwe chache konprann kòman Nasyonzini te mete pikan gwena pou mete mas popilè yo deyò. Nan dènye lwa elektoral la, genyen yon pakèt lwa yo te mete tankou, sou ki kantite kòb pou moun genyen pou enskripsyón yo. Tout mekanis sa yo, se pou ranfòse machin elektoral la, yon fason pou yo mete mas yo deyò dousman san pa genyen kout fizi ki tire. Kidonk, nan fason eleksyon yo òganize a, menm nan modèl demokrasi reprezantativ la ak tout limit li genyen, eleksyon an pa rive vrèman sèvi kòm yon kanal kote pèp la rive patisipe tout bon vre.

Nan peryòd 2010-2011, 2015-2016, te genyen yon politik pwopagandis konstant ki t ap fèt. Konsa, te genyen kèk ti gwoup moun ki t ap fè machandaj politik nan bay lajan, kòm pi bon estrateji pou fè moun vote. Aprè eleksyon sa yo, pa t genyen okenn òganizasyon ki pou te chita reflechi sou pwoblèm moun yo t ap travèse nan zòn yo vre. Sa te lakòz se kèk gwoup moun yo te konn rele *baz* ki te prezan sou sèn politik la. Se nan menm epòk sa a tou, te genyen plis zam ki distribye, te genyen dezòd parapò ak vye alyans ki ap fèt yo pou rive pran kontwòl espas yo. Sitiyasyon sa a te lakòz tout baz sa yo te vin konstwi tèt yo kòm aktè enpòtan nan zòn yo. Se yo menm ki te genyen dwa pou yo kontwole, pou yo fè tout sa yo vle. Sa ki fè nan kontèks elektoral 2014-2016 la, se gwoup ame yo ki te kontwole eleksyon nan katye popilè yo. Se yo ki te yo oryante vòt moun pa yo nan biwo vòt yo, sitiayson sa te lakòz anpil moun mouri. Kòman òganizasyon pwogresis yo kapab sènen sitiayson sa yo epi abòde reyalite tèren an jounen jodia ? Si nou gade byen se sèlman nan konjonkti elektoral 1990, 2005 ak 2006 yo ki te genyen anpil patisipasyon mouvman popilè yo, aprèsa mouvman sosyal ak popilè yo te tounen ak pratik pran distans ak eleksyon yo ankò

Patisipasyon fanm yo ak mouvman feminis yo nan konba elektoral yo: Baryè yo ak defi

Entèvansyon Sharma Aurelien

Nan mwa jen ak jiyè 2016 la, Solidarite Fanm Ayisyèn (SOFA) te reyalize yon ankèt sou patisipasyon fanm yo kòm kandida nan elekson ki te fèt nan lane 2015 yo. Ankèt sa a te genyen objektif chache konprann poukisa pa t genyen anpil fanm ki te bon nan elekson lejislativ yo. Nan kad ankèt sa a, se espas palman ayisyen an ki te enterese SOFA. Parapò ak kesyon sa a, te genyen 31 kandida fanm ki te patisipe nan ankèt la :10 kandida pou senatè ak 21 kandida pou depite. Ankèt sa a te fèt nan 10 depatman nan peyi a, menmsi pa t genyen yon echantiyon ki laj.

Plas fanm yo te okipe nan listwa ofisyèl ak reprezentasyon yo te fè sou yo nan peyi a

Nan listwa ofisyèl la, yo plis pale sou fanm yo parapò ak wòl domestik yo te jwe. Fanm yo te la pou pran swen sòlda ki blese ak moun ki malad pandan lagè, epi prepare lamanjay. Men lè nou fouye plis, nou jwenn fanm yo te toujou la sou chan batay yo.

Genyen ki te jwe wòl sòlda epi ki t ap goumen bò kote gason yo tou. Yo te toujou la nan defini estrateji, men listwa ofisyèl pa pale sou wòl fanm yo te genyen menm jan ak gason yo lè genyen lagè. Nan tout fanm sa yo nou jwenn: Marie Jeanne, Sanite Belair, Viktoria Mantou ki pote ti non Toya, (se te konpay Anperè Jean Jacques Dessalines), Suzanne Louverture (se te madanm Tousaint Louverture). Kidonk, lide pou yo pa t site non fanm yo nan listwa ofisyèl la, chita kò li sou yon pwojè pou efase gwoup domine yo pou natirализe pwosesis dominasyon sa.

Dwa fanm yo nan listwa lit popilè a

Depi 1804 jouk nou rive nan lane 1950, fanm yo pa t janm jwi dwa politik nan peyi an. Se jis nan lane 1934, te vin genyen Lig Feminin Aksyon Sosyal kòm premye gwoupman fanm nan peyi Dayiti. Gwoupman sa a t ap milite pou respè dwa fanm yo pandan yo t ap poze yon seri

pwoblèm sou egalite dwa ant fanm ak gason. Men se jis nan dat 3 avril 1986, te genyen yon gwo mouvman ki te deklannche pou reklame dwa pou fanm yo patisipe nan espas desizyon politik nan peyi a. Nan mouvman sa a, te genyen plis pase 300 mil moun ki te pran lari. Nan lane 1986, aprè kreyasyon kèk òganizasyon fanm tankou SOFA ak plizyè lòt òganizasyon fanm, mouvman an te vini pran yon lòt faz. Fanm yo te kòmanse kapab jwi dwa sivil ak politik yo tout bon, anpil gany te kòmanse fèt tou nan mouvman fanm yo nan peyi a. Fanm yo te toujou preznan espas politik yo, malgre pa t genyen fanm ki te bon nan eleksyon 2015 yo.

Kèk lide sou ankèt la

Tit ankèt la se «**Prezans fanm yo nan eleksyon lejislativ 2015 yo : Baryè anvan, pandan, aprè kanpay yo** ». Nan ankèt sa a, SOFA te vle konprann ki baryè fanm yo te jwenn nan tout pwosesis eleksyon yo epi kisa ki eksplike fenomèn sa a. Ankèt sa te fèt pandan 3 moman : anvan, pandan epi aprè kanpay elektoral yo. Daprè ankèt la, nan 48èm lejislati a, sou 129 depite ak senatè te genyen 121 gason ak 8 fanm sèlman. Nan 49èm legislati a menm, sou 129 depite ak senatè te genyen 123 gason ak 6 fanm. Nan 50èm lejislati a, pa t genyen okenn fanm ki te patisipe. Se jouk nan lane 2016, nan renouvèlman tyè sena a, te genyen 4 fanm ki te bon nan eleksyon yo : 1 senatè ak 3 depite.

SOFA te mennen ankèt la nan yon faz pratik ak patisipativ, te genyen rankont ki te fèt ak kandida yo pou tande temwanyaj yo. Nan divès kesyon ki te poze yo, te genyen volonte pou konnen : *kisa yo te jwenn kòm obstak ? Ki desepsyon yo te jwenn ? Ki pèsepsyon yo genyen sou jwisans dwa sa ? Kòman fanm yo te eksprime desepsyon yo te viv nan eksperyans ?* Ankèt la te chita sou Baz dwa Konstitisyonèl 1987 la, sou kesyon libète ak egalite nan atik 18 la, ki rekonèt tout moun egal ego, kidonk fanm yo genyen menm dwa ak gason yo. Prensip libète sa a travèse yon pakèt lòt règleman enstitisyonèl nan leta, tankou dekrè lwa elektoral 2015 lan.

Genyen twa (3) eleman fondamantal pou pèp ayisyen an patisipe nan pwosesis elektoral lan : ògàn la ki se KEP a, ògàn legal la ki se dekrè elektoral la epi finansman pou eleksyon yo fèt.

Dekrè lwa elektoral 2 mas 2015 lan, se zouti legal KEP a ki la pou siveye, òganize, sanksyone epi kontwole operasyon elektoral yo. Se KEP a ki pou di si eleksyon an byen fèt oubyen si gen magouy pou yo refè li. Aprè dwa vote a, genyen dwa elijibilite a tou ki konsidere se yon

pousantaj 30% fanm ki dwe patisipe nan eleksyon yo. Anpil moun te kwè fanm yo pa t entèrese ak koze eleksyon yo, men poutan se posibilité ak opòtinite fanm yo pa t genyen pou yo jwi dwa sa yo, jan li defini nan konstitusyon an.

Ankèt la montre sou 1621 moun ki te kandida pou pòs depite nan eleksyon lejislativ 2015 yo, te genyen 129 fanm sèlman. Sou 232 kandida pou pòs senatè a, 23 ladan yo se te fanm. Okenn fanm pa t bon nan eleksyon sa yo. Li enpòtan pou nou gade kisa ki lakòz echèk sa a, èske se fason sistèm elektoral la monte a, èske se konpetans medam yo pa genyen, oubyen èske se majorite kandida gason yo ki nan mare konplo ki lakòz sa.

Kad legal eleksyon an ak kontèks politik reyalizasyon eleksyon yo

Sou kesyon kad legal lan, atik 100.1 nan dekrè elektoral la mande pou chak estrikti politik yo genyen 30 % fanm pou pi piti sou lis kandida yo. Atik sa a mache ansanm ak atik 92.1 nan dekrè elektoral la ki pwomèt yon rediksyon 40% sou frè enskripsyon, pou tout pati ki respekte pousantaj 30% fanm nan. Genyen anpil konfizyon ak kontradiksyon nan mitan de (2) atik say o.

Desizyon sa yo te mete yon mache prese nan mitan pati politik yo, pou yo pa pèdi avantaj rediksyon frè enskripsyon yo, pati politik yo te chache mete plis fanm bò kote yo. Anpil fwa, chwa sa yo te konn fèt sou baz enfliyans fanm yo te genyen nan zòn yo. Anpil ladan yo pa nan yon pati politik vre, yo te konn chwazi yo sou baz kapital sosyal yo tou (nan mitan kandida fanm yo, konn genyen pwofesè, jij elatriye). Sitiyasyon sa a fè genyen anpil fanm pati politik yo te chwazi yo pa menm konnen si pati politik yo ta prale nan eleksyon. Pousantaj 30% fanm nan pati politik yo te reprezante yon pyèj ak yon baryè legal pou fanm yo nan eleksyon yo.

Aprè pwoblèm pousantaj la, genyen yon lòt baryè legal nou jwenn nan atik 58 ak 62 nan dekrè elektoral 2 mas 2015 la. Atik sa a deklare katèl minisipal yo dwe genyen pou pi piti yon fanm pou kazèk ak majistra. Menm dekrè sa a pa di anyen sou katèl AZÈK yo ak lòt asanble depatmantal yo. Nan eleksyon ki fèt nan nivo nasyonal yo, dekrè 2 mas la kite yon pòt louvri pou pati politik ki pa deside kite plas pou yon fanm ditou, lè sa a pati politik sa a sèlman p ap kapab benefisyé rediksyon frè enskripsyon an. Nan dekrè sa a, pa genyen okenn obligasyon ki fèt vre, li repwodwi yon lòt fòm eksklizyon pou bloke patisipasyon fanm yo nan eleksyon yo.

Kontèks politik reyalizasyon eleksyon yo

Kanpay elektoral eleksyon 2015 yo te demare 9 jiyè, epi premye tou eleksyon lejislatif yo a te demare 9 dawout. Premye tou a te fèt nan vyolans, genyen kèk pati politik ki te konteste jounen elektoral la epi ki te egzije pou KEP a anile eleksyon yo. Genyen lòt pati politik menm ki te mete ansanm ak KEP pou mande pou yo kontinye ak pwosesis elektoral la paske li te nan enterè yo. Parapò ak tout dezòd sa yo, genyen kèk kandida fanm ki te deziste paske yo te kwè yo pa t ap kapab genyen nan pwotestasyon. Sa pa t anpeche KEP a te fè dezyèm tou eleksyon yo ak yon jounen elektoral ki te pase san vyolans. Men anpil òganizasyon ki te nan opozisyon an te denonse kantite magouy ki te genyen nan eleksyon yo, yo te dekouvre plizyè bwat bilten nan depatman Nò ak nan depatman Lwès la. Òganizasyon nan opozisyon yo te ekri KEP a pou mande pou li pa konsidere bilten yo, malgre tout kontestasyon ki te genyen KEP a te konsidere yo kanmenm.

Aprè sa a te genyen gwo manifestasyon ki te fèt ak anpil òganizasyon tankou SOFA, KONAM, RNDDH pou denonse magouy ki te genyen nan eleksyon yo. Sa pa t anpeche KEP a kontinye nan pwosesis magouy la, li te pibliye rezulta yo pou pòs senatè, despite ak prezidan, Rejim PHTK a te bay plizyè kandida nan palman an. Pi fò moun ki te nan palman sa a se te gason. Desizyon KEP a te pran an te lakòz plis manifestasyon, sitiyasyon tansyon sa a te fè KEP a voye eleksyon pou dezyèm tou a pou mwa desanm. Nan dat 26 janvye 2016 la, prezidan KEP a te demisyone epi Konsèy la tou pa t kapab fonksyone ankò.

Eleksyon pa t fèt pou te kapab genyen yon moun kòm chèf leta a, se sitiyasyon sa a prezidan de (2) chanm yo ak prezidan repiblik la te siyen yon akò politik nan dat 5 fevriye 2016 pou te mete Jocelerme Privert kòm prezidan pwovizwa. Li te monte yon lòt konsèy elektoral pou òganize eleksyon ki mete Jovenel Moise prezidan an.

Nan peryòd sa, se palman an ki te reprezante sèl fòs ki lejitim, menm lè se eleksyon magouy ki te mete yo. Pandan tout peryòd sa yo, depi sou prezidan Preval, pa t jamn genyen eleksyon ki te fèt nan nivo minisipalite yo. Se manm enterimè yo te nome pou dirije komin yo. Kidonk, eleksyon lejislativ ki te fèt nan lane 2015 yo te yon echèk pou fanm yo. Pati politik yo te plis mete fanm yo bò kote yo nan lide pou yo te konfòme yo ak dekrè elektoral lan, epi pou yo te jwenn avantaj ki te genyen nan rediksyon sou kòb enskripsyon an.

Kèk baryè ak kèk obstak anvan kanpay elektoral yo

- Mekanis yo te mete pou fanm yo te patisipe epi genyen eleksyon yo, se yon fason pou yo kreye yon estabilite politik.
- Gwoupman fanm yo pa t rive konstwi yon fòs politik malgre pousantaj 30% an, te genyen gwo chire pit depi lè KEP a te mande pou voye reprezantan nan konsèy elektoral la.
- Òganizasyon yo pa t janm rive mete fòs yo ansanm pou rive fè yon gwoup presyon, ki pou negosye fas ak pouvwa a ,yon fason pou fè yo respekte pousantaj 30% an. Pa t janm genyen yon akò politik ki te konsidere sektè fanm yo pou prepare eleksyon an.

Kèk obstak medam yo te rankontre nan moman kote kandida yo te genyen pou pale ak popilasyon an nan kad kanpay elektoral yo

- Fanm ki te kandida yo pa t jwenn tout sipò pati politik yo te di y ap bay yo. Sa lakòz fanm sa yo te vin genyen anpil dèt, paske yo te pran eskont ak ponya, yon fason pou yo te kapab sipòte kanpay yo.
- Dekrè elektoral la pa t fè okenn egzijans vre sou kijan pousantaj 30% an te dwe respekte. Se plis nan lide pou yo te benefisyé rediksyon ki te genyen sou lajan enskripsyon an pati politik yo te chwazi fanm yo.
- Fanm yo pa t nan direksyon pati politik yo, yo pa t genyen okenn eksperyans politik sou tèren an, sa te redwi chans pou yo te bon nan eleksyon an.
- Anpil nan medam yo pa t genyen lajan pou yo te fè pyès pou yo te enskri epi peye enskripsiyo yo. Yo pa t jwenn okenn sibvansyon nan men leta. Kidonk fanm yo pa t genyen anpil mwayen pou yo te konvenk elektora a pou ale vote pou yo. Yo pa t konnen tou ki kantite pyès yo t ap bezwen, sitou fanm ki te ale nan eleksyon pou premye fwa yo.
- DGI te mande yon pakèt lajan pou yo te fè deklarasyon definitif enpo yo epi pou yo te regle lòt dosye administratif yo.
- Pa t genyen okenn kritè ki te defini sou kijan rekritman fanm yo te dwe fèt nan pati politik yo.
- Fanm yo pa t genyen kontwòl direksyon pati yo, yo pa t genyen eksperyans sou tèren politik la. Òganizasyon fanm yo pa t kanpe ak yo, se yo menm ki te dwe degaje yo pou yo fè popilarite yo.

- KEP an pa t kontwole bidjè kanpay mesye yo, ki te genyen anpil mwayen nan men yo. KEP a pa t mete yon limit tou pou mande kote lajan ki ap finanse kanpay yo te sòti.
- Anpil fwa, se nan negosyasyon pou famm yo te jwenn sipò.

Moman aprè eleksyon an

- Aprè kanpay yo, famm yo te genyen anpil dèt. Nan moman ankèt la t ap fèt la, yo te dwe mandatè yo toujou.
- Genyen fanm ki te pran eskont, ponya ak ipotèk sou kay ak byen yo te genyen yo, epi yo vin pèdi yo. Sou plan sikolojik, fanm sa yo te febli anpil.
- Ekspiryans sa a te rete yon desepsyon pou anpil nan fanm sa yo. Anpil ladan yo te pran desizyon pou yo pa patisipe nan eleksyon yo ankò, genyen lòt ki te di yo ap kontinye patisipe nan eleksyon yo men se avèk yon lòt pati politik. Fanm sa yo pa konnen se mekanis yo te mete nan dekrè elektoral la ki pa jwe an favè yo, ki fè yo te jwenn tout desepsyon sa yo.
- Medam yo te pran nan yon jwèt yo pa t konprann paske yo pa t rive byen konprann tèren elektoral la. Yo pa t genyen eskperyans politik, paske yo pa t nan direksyon pati yo epi yo pa t janm rive genyen yon kontwòl tout bon vre sou pati politik yo.
- Mekanis yo te mete anplas yo te genyen yon rapò debalanse, lè nou konnen kòman gason yo (kandida osinon manm pati politik yo) te genyen kontwòl sou tout magouy ki te ap fèt sou teren elektoral la. Yo te genyen plis resous pou yo te kontwole tèren politik la pou fè plis magouy.

Diskisyon ak kòmantè

1-Kisa ki kapab anpeche deriv sa yo rive ankò nan eleksyon ki ap vini yo, kote medam yo pa t janm rive eli an kantite epi fè fas ak anpil obstak?

-Genyen yon pakèt rezon ki eksplike poukisa deriv sa yo plede kontinye ap fèt nan eleksyon yo. Fanm yo pa genyen attachman ak yon pati politik, menm lè yo konn ap chache koulwa pou yo rantré nan pati politik ki ap mennen yo, yo konn pa bon nan eleksyon yo. Se yon konplo ki fèt

menm pou yo pa kite fanm bon nan eleksyon yo. Fanm yo pa genyen kontwòl espas politik lan tou, nan kontwòl resous ak magouy ki ap fèt kont yo. Fanm yo pa rive konprann mekanis yo mete pou fè eleksyon yo, se sa ki fè se kandida gason ki conn jwenn plis vòt. Nan reyalite politik la, fanm yo pa rive konstwi tèt yo pou yo konprann ki pyèj ki genyen nan aparèy elektoral la, pou yo kapab goumen kont yo. Pou anpeche deriv sa yo kontinye, òganizasyon fanm yo dwe òganize seyans fòmasyon pou oryante fanm yo sou tèren politik la. Nan sans sa a, SOFA kòmanse ak yon demach mennen ankèt, pou pèmèt lòt enstitisyon yo kapab ranmase eksperyans fanm yo te fè nan eleksyon yo. Se yon travay ki dwe kòmanse nan nivo minisipalite yo ak kolektivite territoryal yo. Travay sa a ap pèmèt fanm yo kapab monte yon plan aksyon pou senk lane ki ap vini yo, paske fanm yo genyen wòl pou yo jwe nan tout espas desizyon yo.

-Parapò ak fanm yo ki pa rive bon nan eleksyon yo, genyen yon pyèj pou nou evite. Se pa sou baz paske yon fanm kandida, moun dwe sipòte li. Nou dwe gade etik fanm yo ak gason yo tou. Òganizasyon fanm yo dwe prepare fanm yo pou yo ale nan eleksyon, yon fason pou fanm ki nan pati politik yo genyen fòmasyon politik. SOFA pa yon pati politik tou, li dwe travay pou li rive idantifye li ak yon pati politik.

2- Parapò ak konfigirasyon politik ki nan peyi a, èske yo bay fanm yo priyorite? Èske sosyete a pa òganize yon fason pou fanm yo pa parèt?

-Pou nou konprann pwoblèm sa a, nou dwe fè yon kout je sou sitiyasyon fanm yo nan katye popilè yo, parapò ak enpak vyolans gang ame yo genyen sou fanm yo ki toujou ap viktim. Se tankou sosyete a pa wè fanm yo, alòske se sèlman yon fanm ki kapab poze tout bon vre pwoblèm lòt fanm yo nan sosyete a. Se youn nan rezon ki fè nou dwe genyen plis fanm nan espas politik lan. Sa pa vle di tou, depi genyen plis fanm nan espas sa yo, fanm yo ap konprann pwoblèm tout fanm yo, paske genyen fanm ki pa bay pwoblem lòt fanm yo enpòtans.

-Echèk yo marande ak obstak yo, yon fanm ouvriye yon gason ouvriye, yo tout ap sibi menm eksplwatasyon an. Toutotan pa gen yon veritab chanjman sosyalis, pwoblèm lan p ap janm rezoud vre. Tout bon militan dwe travay sou kesyon eksplwatasyon an ak sou kesyon dominasyon an.

Pwosesis ki bay akò 30 dawout 2021 an ak defi nan suivi akò a

Entèvenan: Patrick Joseph

Yon mouvman sosyal se yon mouvman ki dwe òganize epi li dwe genyen yon objektif ki kapab pèmèt li enfliyanse oubyen chanje yon reyalite politik. Anvan okipasyon ameriken 1915 lan, mouvman peyizan ayisyen an te reprezante yon fòs paske li te konn enpoze moun kòm prezidan. Se okipasyon an ki te vin kase pratik sa a.

Se jis nan lane 1986, nan gwo mobilizasyon ki te genyen kont rejim Divalye yo, mouvman politik la te pran jarèt ankò. Èske genyen yon mouvman politik popilè, jounen jodi a, ki òganize yon fason ki kapab pèmèt li enfliyanse epi chanje reyalite a parapò ak politik ki te genyen avan yo? Nan kontèks nou ap viv jounen jodi a, peyi a anba dominasyon, klas popilè yo sanse anba kontwòl sistèm enperyalis la. Sitiyasyon sa a te parèt nan lane 1991 kote enperyalis la, nan lide pou li te kapab reprann kontwòl klas politik la epi chanje sistèm politik ayisyen an, li te chanje estrateji. Paske li te konstate pouvwa a te pi pre pèp la olye boujwa yo.

Entènasyonal la vle yon sosyete sivil ki parèt pi demokratik pou vin patisce dirèkteman nan kesyon politik la. Kontèks sa a te debouche sou yon pwosesis ki te pèmèt aktè politik yo chita ansanm. Se nan menm pwosesis sa akò Montana a te vini. Te genyen chita pale ak yon gwoup ki rele Kowalisyon Aktè Sosyete Sivil yo (CASC, nan lang fransè). Se menm group sa a ki te mete ansanm ak lòt aktè pou yo te òganize fowòm ki te fèt nan dat 30 janvye 2021 an, nan yon moman kote te genyen gwo soulèvman kont rejim PHTK a.

Kowalisyon an te mete sou pye yon komite swivi ki te vin bay yon komisyón ki rele Komisyón ki ap chèche yon solisyon ayisyen pou kriz la. Komisyón sa a te genyen 13 manm ladan. Yo te soti nan plizyè sektè nan sosyete sivil lan. Se komisyón sa a ki te travay pou akouche akò 30 dawout la ki rele akò Montana tou (li pote non otèl kote diferan òganizasyon ak pèsonalite yo te siyen li).

Akò Montana a pa yon mouvman popilè. Se yon inisyativ yon bann ti boujwa nan sosyete sivil la te pran, yon fason pou ranplase gwoup politik tradisyonèl yo ki anba enfliyans entènasyonal la. Kidonk, akò Montana a pa genyen anyen pou wè ak revolisyon, se yon mouvman ki t ap mande yon koupe fache ak pratik politik mafya ki ap fèt nan peyi a.

Anndan Akò Montana a, genyen KNT a ki se Konsèy Nasyonal Tranzisyon an. Konsèy sa a te monte ak tout gwoup yo. Li genyen 46 delege ki genyen repranzantan tout kouch moun nan sisyete a. Sou 46 delege ki te dwe konpoze KNT a selon sa ki di nan akò a, genyen 42 manm ki te patisipe nan eleksyon endirèk ki te fèt 30 janvye 2022 a, pou te chwazi yon prezidan ak yon premye minis ki te dwe ale dirije tranzisyon koupe fache akò a egzije a. Lòt delege ki te manke yo se 2 delege sektè sisyokominotè yo ki pa t ko rejwenn KNT a ak 2 delege Fanmi Lavalas direksyon pati politik la te retire nan KNT a yon jou anvan eleksyon yo, paske li te kont lide pou dirijan pati politik ta dirije anndan gouvènman tranzisyon an.

Akò Montana defann lide pou te genyen yon gouvènman ki chita sou yon antant nasyonal, ki tabli otorite leta nan peyi a epi ki mete baz pou relanse ekonomi nasyonal la, jije krim san ak krim finansye yo, rezoud pwoblèm ijan yo tankou ensekirite ak grangou epi òganize eleksyon pou renouvle pouvwa publik yo. Nan demach pou jwenn antant nasyonal sa a, siyatè akò Montana a pa t mete pyès moun oubyen gwoup sou kote. Se nan sans sa a, li te kite plas pou kèk pati politik ki pa t chwazi antre nan akò tankou SDP, Pitit Desalin ak PHTK.

Touswit apre KNT an, siyatè akò a te mete sou pye Biwo Suivi Akò a ki rele BSA. Li te genyen misyon pou li òganize eleksyon. Li genyen 21 delege ladan li, 3 manm ki sòti nan fowòm politik, 3 nan platfòm sisyete sivil, 2 nan sektè popilè epi 13 ki soti nan Komisyon ki t ap chèche yon solisyon ayisyen pou kriz la. Pami 13 manm komisyon sa a, se sèlman 3 ladan yo ki genyen dwa pou vote lè KNT a ap pran yon desizyon. BSA a te sèvi yon bra teknik nan KNT a.

Eleksyon an te fèt nan dat 30 janvye 2022 a. Vòt yo te fèt je nan je, chak delege te di pou ki moun yo vote epi prezante bilten yo. Malgre entènasyonal la te vle eflivanse pwosesis la, li rete yon eksperyans demokratik.

Kèk feblès nan akò Montana

Akò montana genyen kèk feblès. Youn nan feblès yo, moun ki te sòti nan eleksyon yo pa t janm rive patisipe tout bon nan lidèchip pwosesis suivi akò a. Jiska jounen jodi a (29 jiyè 2022), lidèchip suivi akò a rete anba kontwòl yon gwoup moun nan BSA. Se BSA ki te plis jwe wòl pòtpawòl akò an nan diskisyon avèk aktè andedan tankou deyò peyi a. Men nan moman rapò sa ap soti a, genyen evolisyon ki fèt.

Lidèchip akò Montana a te oblige chanje fòma ki te anonse pou gouvènman tranzisyon an (yon prezidan ak yon premye minis d'apre lespri konstitusyon 1987 la) nan diskisyon avèk lòt aktè yo pou yo te antre pito nan yon lojik yon kolèj prezidansyèl ak yon premye minis. Kolèj prezidansyèl sa a te dwe genyen 5 manm, 2 manm ap soti nan soyete sivil la, youn nan legliz katolik, youn nan sektè prive a ak youn ki ap sòti nan dyaspora. Antant akò Montana a vin jwenn avèk regwooupman ki rele Pwotokòl Antant Nasyonal (PEN an fransè) a te kontribye nan debouche sou lojik kolèj prezidansyèl la.

Sa ki di sou feblès akò Montana a pa dwe fè nou blye se sèl antant nan tout jefò ki ap fèt pou mete ansanm yo ki genyen yon estrikti reyèl pou pote repons devan defi jounen jodi a epi pou òganze eleksyon. Se sèl antant nasyonal ki egziste jounen jodi a, se sèl antant kredib avèk nivo reprezentasyon prensipal sektè nan lavi nasyonal la.

Youn nan baryè pou aplikasyon akò Montana a jounen jodi a se wòl gang yo jwe nan anpeche gwo rasanbleman ak manifestasyon yo. Se Gang yo ki kontwole anpil zòn sitou katye popilè yo. Fòk nou pa blye nan rapò Helen Lalim ki se reprezantan Nasyonzini nan peyi a te bay Konsèy sekirite a nan mwa septanm 2020, li te di federasyon gang yo diminye kantite sasinay ki ap fèt nan peyi a.

Diskisyon ak kòmantè

1-Ki kote lajan yo sòti pou finanse akò Montana a?

-Nan sa ki genyen pou wè ak koze lajan ki pou jere Montana a, se BSA ki jere lajan yo, depans yo men yo pa bay rapò.

2-Eske akò Montana a nan komansman pa t genyen yon oryantasyon lagoch ? Èske pwogresis yo te dominan ladan li?

-Demach ki debouche sou akò Montana se yon pwosesis konplèks. Fwon Patriyotik Popilè (FPP) te jwe yon wòl enpòtan nan pwosesis la. Dayè sa te bay yon pati nan sa yo rele kominote entènasyonal la kè sote. Anbisyon pèsonèl kèk moun kontribye nan febli demach la tou.

3-Ki estrateji ki te mete sou pye pou pou anpeche BSA kenbe kontwòl suivi akò a?

-Sou kesyon lidèchip pwosesis Montana a, te genyen anpil konfrontasyon, men aktè popilè yo rive chanje oryantasyon lidèchip la. Kijan oryante demach la nan sans enterè pwogresis yo. Reprezantan gwo up pwogresis yo nan akò Montana a dwe reflechi sou estrateji ki kapab mennen nan chanjman sa a.

4-Eske akò Montana a se te yon pyon entènasyonal la?

-Se Kowalisyon Aktè Sosyete Sivil yo ki te pran inisyativ pou rive nan akò Montana a. Te genyen boujwa ki patisipe nan Kowalisyon sa a tou. Jounen jodi a genyen yon gwo up boujwa ki chita sou yon lojik ekonomi kriminèl, yon lojik mafya. Konsa tou, genyen kèk gress ki pa dakò ak lojik sa a. Lè nou anfas yon kontèks politik kote nou pa genyen mwayen pou nou leve defi yo pou kont nou, nou blije konpoze. Nan yon demach antant laj konsa, moun ki genyen plis relasyon sitou avèk rezo diplomatik ki enfliyan nan peyi a, moun ki genyen plis mwayen finansye, genyen kapasite pou li oryante demach la sitou lè nou konnen demach la bay teren konsètasyon ak dyalòg politik priyorite sou lòt teren lit demokratik yo. Se youn nan rezon ki fè patisipasyon mouvman popilè trè limite nan pwosesis la depi akò a fin siyen. Mouvman popilè a ki genyen yon gwo tradisyon nan lit revandikatif yo pa metrize teren dyalòg ak negosyasyon politik la.

-Nan mouvman popilè a genyen yon pwoblèm pratik politik nan mitan nou. Nou fè politik sèlman lè nou rankontre nan mitan nou, paske nou pataje memm aspirasyon, memm vizyon. Men lè nou rive nan kèk espas tankou akò Montana a kote genyen diferan vizyon sou tab la, nou pa genyen gwo enfliyans pou nou rive konstwi rezo. Eksperyans 2004 yo montre se pa sou tèren mobilizasyon an selman nou dwe batay. Sa ki fè genyen lòt aktè ki te jwe enfliyans yo nan entènasyonal apre yo vini genyen plas minis.

-Fòs popilè yo pale pouvwa, yo degaje yon bann konpreyansyon sou peyi a, men yo pa chache yon kote pou yo ale aplike konpreyansyon sa yo. Kidonk, yo pa nan pèspektiv pran pouvwa.

-Fòk nou di aktè dominan nan entènasyonal la pa rive rezoud kriz la nan fason yo te vle li a paske genyen kèk aktè nan mouvman popilè a, ki te pote yon bann kontradiksyon nan akò Montana a. Fòs pwogresis yo rive mete gress sab nan motè enperyalis la ak alye li nan peyi a.

-Nivo kontradiksyon ki te genyen nan espas la, te rann aktè ki te dominan nan eksperyans 2004 yo pa t kapab rezoud kriz la jan yo te swete sa. Te genyen ezitasyon parapò ak aktè popilè yo ki te la. Si yo te kite kriz la nan men konsevate yo, li t ap rezoud men nan enterè entènasyonal la. Kidonk,

aktè popilè yo rive mete yon seri baryè, ki rann kriz la pa rezoud nan fason entènasyonal la te vle sa a.

-Patisipasyon aktè popilè yo nan pwosesis Montana pèmèt yo fè plis eksperyans politik sou yon lòt tèren ki pa lit revandikatif. Kontèks pwosesis Montana se youn nan gran moman aprantisaj sou konstriksyon alyans ak entelijans pou deplase pyon nan konba politik yo.

-Malgre pa t genyen yon patisipasyon laj epi pèmanan mouvman popilè a nan pwosesis Montana a, sektè popilè yo te rive patisipe kanmèm nan eleksyon endirèk nan pwosesis la sou yon baz transparan kote tout moun te konnen kiyès rezantant chak sektè nan KNT a te vote. Pa t genyen okenn kontestasyon sou pwosesis vòt la.

-Kisa sa sèvi nou lè nou di fòs pwogresis yo mete gress sab nan motè enperyalis la? Se pa gress sab pou nou mete. Se pito kapasite pou nou genyen pou nou oryante pwosesis la.

-Aktè ki kontwole lidèchip akò Montana a sanble pare pou negosye eli yo nan kad dyalòg li tanmen avèk ekip defakto ki sou pouvwa a. Genyen kontradiksyon nan nivo siyatè akò Montana yo sou kesyon sa a.

-Ekip defakto ki sou pouvwa a, pa dakò antre nan lojik pouvwa egzekitif 2 tèt la (prezidan ak premye minis) jan kontsitisyon 1987 la prevwa sa a. Pi gwo batay pou debloke sitiyasyon sa a dwe mennen anndan pwosesis Montana a epi nan sosyete a yon mannyè jeneral.

-Youn nan rezon ki fè peyi a kontinye ap viv gwosè kriz sa a malgre inisyativ pou mete kanpe akò Montana a, se izolman peyi a nan lopinyon publik entènasyonal la. Medya entènasyonal yo pale sou dosye Ayiti a nan kèk okazyon epi apre yo fè silans sou dosye a. Pèp yo, sitou pèp nan peyi ki manm Core Group la manke konnen sa ki ap pase nan peyi a. Avan jenosid Wanda a, te gen yon izolman konsa. Se te puisans enperyalis yo ki te dèyè izolman sa a pou te kache sa ki te ap pase nan peyi Wanda.

-Kouman nou ka jwe sou kontradiksyon ki sou dosye Ayiti a ant puisans enperyalis ki ap domine peyi a ak advèsè yo genyen sou plan jeyopolitik? Se konba sa a Konbit Òganizasyon Politik Sendikal ak Popilè yo ak alye Konbit la eseye mennen nan nivo Konsèy sekirite Nasyonzini a nan mitan mwa jiyè 2022 sou dosye renouvèlman manda BINUH a. Konba sa a merite kontinye. Nan sans sa a, fòk fòs pwogresis yo sispann limite angajman yo nan yon pèspetiv lit revandikatif. Fòk

yo devlope kapasite pou yo diskite avèk divès kalite aktè enfliyan nan espas diplomatik entènasyonal yo.

-Pou nou kase izolman nou ap pale a, fòk nou genyen gwo kapasite pou fè presyon. Fòk nou genyen kapasite fè alyans ak yon seri fòs nan nivo pèp peyi enperyalis yo ki ka fè presyon sou gouvènnman yo. Tankou prezidan Aristid te fè li ak gwoup «Black Kokus». Nan peryòd lokipasyon meriken apati 1915 la, se lit entèn yo ki te pote kèk sektè anndan peyi Etazini konprann sa ki t ap pase Ayiti yo. Sa ki te vini pouse yo voye jounalis pou vini fè ankèt, epi pou fè presyon sou gouvènnman blan meriken an. Kidonk, se pou nou genyen yon mouvman popilè ki fò. Kilè li fò? Se lè li genyen kapasite pou soulve lopinyon piblik la nan nivo entènasyonal pou fè pèp yo fè presyon sou gouvènnman peyi kote yo ye yo. Travay sa a te kontribye nan fè Jean Claude Duvalier ale nan lane 1986.

-Lè nou pale izolman, se pa izolman peyi a, se pito mouvman popilè a ki nan izolman ekip ki sou pouvwa ak fòs enperyalis yo kreye.

-Kapasite pou fè presyon apati lit revandikatif yo enpòtan anpil. Men genyen yon seri chanjman mouvman sosyal ak popilè yo pa kapab pote si yo pa genyen okenn reprezantasyon nan yon seri enstitisyon Leta, si yo pa rive enfliyanse travay enstitisyon sa yo. Nan sans sa a, nou kapab raple gwo kontribisyon nòt piblik federasyon bawo ayisyen yo ak Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè a (CSPJ an fransè) ki te pote sou fen manda prezidan Jovenel Moïse 7 fevriye 2021. Nòt sa yo te ranfòse lit ki t ap mennen nan lari a pou mande Jovenel Moïse kite pouvwa a 7 fevriye 2021.

-Konstriksyon mouvman mas yo enpòtan, men konba lopinyon piblik la mande tou kapasite pou mobilize moun ki genyen notoryete pou pale, yon seri figi ki genyen enfliyans nan kèk sektè oubyen kèk peyi oubyen nan mond la. Fòk mouvman popilè ayisyen an pi kreyatif

Kesyon patisipasyon mouvman sosyal ak popilè yo nan renouvre pouvwa jidisyè a: eksperyans òganizasyon dwa moun yo nan monte Konsèy Siperyè Pouwwa Jidisyè a(CSPJ nan lang franse).

Entèvenan: Chenet Jean Batiste

Kisa yon eksperyans ye?

Pa genyen okenn eksperyans ki posib si nou pa poze kèk kondisyon, osinon si nou pa poze pwoblèm yo depi nan rasin yo. Se kondisyon sa yo ki pou pèmèt nou rive konprann eksperyans lan pi byen. Kondisyon sa yo ap pèmèt nou rive konprann poukisa eksperyans lan te enpòtan pou nou, kisa li charye dèyè li kòm konsekans. Eksperyans lan p ap pèmèt nou konprann pèspektiv sa a san li pa genyen yon prensip ki te tabli avan. Kidonk, eksperyans se pa chita sèlman nan yon espas, fòk genyen yon nannan. Pou nou pale sou eksperyans, fòk li genyen yon baz, fòk li chita sou yon analiz, sou yon konpreyansyon, fòk li mache ak yon pèspektiv politik, sinon nou pa kapab pale sou eksperyans.

Eksperyans Chenet Jean-Baptiste kòm reprezantan soyete sivil nan CSPJ atravè sektè dwa moun nan (jiyè 2018-jiyè 2021) te rive nan yon moman kote te genyen yon konfli nan sektè sa a sou ki aktè yo kapab voye kòm reprezantan nan CSPJ an. Te genyen plizyè òganizasyon nan kad konfli sa a ki te atake Komisyon Jistis ak Lapè (CJILAP an franse) ak Platfòm Òganizasyon Ayisyen Dwa Moun yo (POHDH an fransè) paske genyen kèk moun ki te genyen entansyon kandida men ki pa t reponn ak kritè ki te tabli yo. Se nan kontèks sa a eleksyon te fèt pou te ranplase reprezantan soyete sivil la nan CSPJ atravè sektè dwa moun paske manda li t ap bout 3 jiyè 2018.

De kesyon fondamantal pou kòmanse.

Genyen 2 kesyon enpòtan pou nou abòde lè nou ap reflechi sou patisipasyon mouvman sosyal ak popilè yo nan pouvwa piblik yo: 1-vizyon mouvman sosyal ak popilè yo sou leta/rapò yo ak leta, 2- kriz mouvman sosyal ak popilè yo.

Vizyon mouvman sosyal ak popilè yo sou leta.

Òganizasyon pwogresis ki parèt aprè 1986 yo genyen yon fason yo te wè leta. Yo te genyen yon vizyon sou fason pou yo pran pouvwa a ki depaman ak pwojè nan kad lit yo ap mennen an. Kidonk, yo pa danse kole ak leta. Depi ou pale yon militan sou leta, li di ou li pa nan leta. Alòske, san kesyon leta a pa genyen pyès posibilité pou mouvman sosyal ak popilè yo chanje anyen nan peyi a. Sektè pwogresis la genyen yon abitid pou evite pouvwa leta a. Poutan listwa pwouve okenn gwo chanjman p ap posib si fòs pwogresis ki vle pote chanjman an pa genyen pouvwa leta a nan men li.

Kriz mouvman sosyal ak popilè yo

Nivo òganizasyon mouvman sosyal ak popilè yo te genyen nan kontèks 1986 la bese, kapasite mobilizasyon yo bese, kapasite yo te genyen pou lanse mobilizasyon bese. Fòk mouvman sosyal ak popilè yo pran konsyans sou sa epi reflechi sou estrateji pou ranfòse tèt yo.

Kisa CSPJ an ye?

CSPJ an se yon glas ki ap pèmèt ou konprann kijan aktè yo ap asire enpinite pou zak yo. Li pèmèt ou wè tou estrateji aktè yo konn deplotonnen pou asire enpinite yo, ansanm ak zak yo ap poze nan sistèm lan. Kidonk, nou p ap kapab rive konprann sistèm nan byen san nou pa chache konprann aktè yo epi jwèt yo ap mennen. Pou sa rive fèt, fòk genyen mouvman sosyal ki fò, sinon lè yon moun rive nan espas pouvwa piblik yo, li pral lage poukont li, li ap izole. Pou li rive kenbe nan sans sa, li bezwen konte sou konviksyon li, konpetans li epi sou tout sa kapasite pou devlope alyans.

Defi estriktirèl

Genyen 3 bagay ki fè makfabrik administrasyon CSPJ a. Premye a se mank transparans nan sistèm lan, dezyèm lan se enkonpetans li ak medyokrite, dènyè a se koripsyon ki genyen nan

tout sa yo ap fè nan sistèm lan. Si fòs pwogresis yo pran pouvwa leta a, fòk yo konnen kòman yo pral rezoud gwo pwoblèm sa yo.

Yon lòt pwoblèm estriktirèl pou nou konsidere, se possiblite pou jij yo fè karyè. Jij yo ta dwe fè karyè olye se yon manda yo fè. Karyè jij yon fonksyon piblik total. Apre jijdepè yo ki genyen yon manda san limit, tout lòt jij yo genyen yon manda limite: jij premye enstans yo la pou 7 lane, jij koudapèl la pou 10 lane epi jij nan lakou kasasyon ki la pou 10 lane.

Genyen yon lòt defi estriktirèl enpòtan, se konpozisyon CSPJ a menm. Majorite manm konsèy la se aktè ki genyen yon karyè nan sistèm jidisè a. Apre reprezantan sektè dwa moun nan, tout lòt manm konsèy la se jij, komisè ak avoka ki ap fonksyone anndan sistèm nan. Sa kreye yon sitiyasyon kote kèk manm pa vle adrese yon seri pwoblèm paske sa kapab fè enstans yo reprezante nan sistèm nan pa ba yo yon novo manda pou reprezante yo nan konsèy la. Kidonk, konpozisyon konsèy la menm kontribye nan bloke li nan travay disiplin li sou sistèm nan.

Defi konjonktirèl

CSPJ a genyen 2 gwo direksyon: direksyon administratif ak direksyon bidjè. Nan direksyon sa yo, genyen yon nich koripsyon nan lajan ki ale pou tribunal, pou jere ekipman, ak diferan lajan pou jij yo. Nan menm okazyon sa, fòk nou di, jij yo se fonksyonè leta ki pi byen touche, yo genyen salè, kat debi, frè pou achte gaz mete nan machin yo, san konte frè konsta ak frè sètifikasi kote yo pa bay leta yon goud. Genyen jij ki konn menm refize pran pwomosyon paske yo ap byen touche, yo pa menm vle moun konnen konbyen kòb yo touche.

Genyen yon lòt direksyon kle pou nou konsidere lè nou ap gade pwoblèm konjonktirèl CSPJ a tou, se direksyon enspeksyon jidisè. Wòl li se mennen bon jan ankèt sou jij yo, denonse move pratik nan lajistik la. Se direksyon sa a ki gade tou kòman tribunal yo ap fonksyone. Se yon direksyon ki genyen yon pakèt dosye nan tiwa. Pa genyen anyen ki fèt pou debloke yo. Bò kote pa yo, sektè dwa moun nan ak òganizasyon mouvman sosyal ak popilè yo pa manyen dosye sa a. Dosye sou pwosesis pou bay jij ki merite rete sistèm nan sètifikasi a se yon egzanp klè nan sans sa.

Sètifikasyon jij yo

Lwa 2007, ki kreye lekòl majistrati a ak CSPJ an prevwa jij yo la pwovizwa, annatandan yo sètifye yo sou baz konpetans yo, entegrite yo ak moralite yo. Sou kesyon pèfòmans jij yo, lwa 2005 lan prevwa chak lane jij yo dwe pibliye nan jounal *le moniteur* fason pwosesis jidisyè a ap mache.

Diskisyon ak kòmantè

1-Nou konnen Konsèy Siperyè Pouwva Jidisyè (CSPJ) a pa fonksyonèl nan moman an kòman CSPJ an kapab konplete tèt li? Kisa lwa pou monte CSPJ a di?

-Lwa pou monte CSPJ a di lè yo fin chwazi konseye yo, fòk genyen yon konsèy ki pou ba yo sètifika. Pou sa fèt, fòk genyen bon jan ankèt ki mennen sou yo pou di yo pa genyen pwoblèm. Lalwa prevwa prezidan lakou kasasyon an kalifye dirèkteman kòm prezidan CSPJ a epi reprezantan jij kou kasasyon an kòm vis prezidan, Komisè gouvènman kòm konseye, reprezantan koudapèl voye yon jij, dwayen tribunal premye enstans voye yon jij, jij depè voye youn, komisè gouvènman premye enstans voye yon moun, minis jistis lan voye yon moun. Federasyon bawo yo chwazi yon moun epi sektè dwa moun voye 3 moun nan OPC pou li chwazi youn ladan yo.

2-Ki atik ki di se prezidan ki pou nome KEP a? Nan ka kote pa genyen prezidan sa rive fèt, èske yon kandida pa kapab atake KEP a?

-Fòk genyen yon antant politik ki kapab pèmèt nou enstitisyon yo kanpe djanm, yon antant ant prensipal fòs sosyal ak politik yo. Tout antant politik yo dwe genyen yon dokiman, men pa t genyen pyès dokiman lè yo te mete 5 dènye jij ki te antre nan lakou kasasyon.

3-Eske Ariel Henri se pa sou atik 49 lan li la?

-Pa genyen atik 49 vrèman paske se yon pwoblèm politik ki genyen yo dwe bay yon repons politik. Pwoblèm lan te genyen yon bann erè ki te fèt nan lit politik ak konjonktirèl yo, yon bann erè taktik nou ap peye jouk jounen jodi a.

4-Eske pa genyen tèren jidisyè ki kapab mobilize jouk kounye a?

-Sa nou genyen jodi a se magouy nèt ki ap fèt. Manke vizyon ak pwofondè pou genyen batay la. Nou p ap kapab abouti ak yon antant politik si nou pa rive konstwi pwòp fòs nou. Se lè nou fin mobilize fòs nou, noua p kapab antre nan negosyasyon ak mobilizasyon. Fòs pwogresis yo dwe konnen se byen bonè pou yo kòmanse konstwi platfòm politik ak elektoral yo sou tèren an, konsa menmlè nou pa genyen tout majorite a nou kapab bay anpil moun nan eleksyon. Toupatou andeyò se eleksyon ki ap pale, sa mande pou genyen yon koneksyon ak mas yo.

5-Kòman pou nou konstwi rapò fòs pou chavire sa ki genyen la jodi a? Kòman pou nou rive konstwi yon platfòm pou prepare yon zouti mobilizasyon?

-Pou sa rive fèt se pa nan teyori, men pito nan pratik. Fòk nou konnen nou pa genyen yon sèl fason pou deboulonnen. Nan milye riral la, moun yo pral vote, sa ki enpòtan se konstwi fòs nan mobilizasyon sou tèren enstitisyonèl la. Fòk genyen antant, sa vle di nou genyen dwa mande pou retounen ak konstitisyon amande a epi pou nou fè eleksyon. Premye antant ki pou fèt se retounen ak 3 pouvwa yo. Sa vle di monte yon konsèy elektoral pou nou fè eleksyon, epi genyen lwa elektoral la tou pou si ta genyen pwoblèm.

-Sa nou kapab konstate malgre tout limit akò Montana a, li rive kreye sou baz reprezantasyon, yon zouti pou konstwi rapò fòs yo. Pwoblèm ki genyen se objektif yo te bay tèt yo a ki se yon ilizyon.

-Nan sa ki genyen pou wè ak eleksyon, fòk genyen yon tèks referans pou òganize eleksyon, fòk genyen kondisyon lidèchip, men ki pa nan men Ariel, menmlè sa kapab rive nou mete li sou pye avè l kanmenm.

-Ekspiryans eleksyon 2015 yo montre konstriksyon platfòm elektoral sou kesyon pwogram ak yon seri kesyon te bay anpil pwoblèm.

-Ekspiryans kit e fèt nan Amerik latin yo montre trè klè se bonjan aksyon ki kapab transfòme yon reyalite.